ISSN 0235 - 0130

16+

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ



4 / 2016
июль - август



*КвегIиса кваранидe:* **ГIабдурахIман Даниялов - ункъабилев, Расул ХIамзатов - анлъабилев, Шагьрудин Шамхалов - ичIабилев. Цогидал щалали лъазе кIвечIо.** ***(Редакциялъул архивалдасан)***

# ГЪУДУЛЛЪИ

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно - художественный и общественно - политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:** Дагъистан Республикаялъул хIукумат

**Учредитель:** Правительство Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

**4**

**2016**

**июль - август**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад АхIмадов

**Жавабияв редактор**
МухIамад ПатахIов

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
ПатIимат ГIабдурахIманова
ТубхIат Зургъалова - *жавабияй секретарь*
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
ХIамзат ГIизудинов.

**Номералда руго:**

**РЕДАКТОРАСУЛ РАГIИ**


**М. ПатахIов.** Жеги цIаличIо – цIакъ лъикIаб тIехь буго.................................................. 3


**М. ГIАБДУЛХIАЛИМОВАСЕ – 80 СОН**


**А. АхIмадов.**ТIелекьа МухIамад ......................................................................................... 6
**М. ГIабдулхIалимов**. Азбаралда гъутIбузул рагIдукь. *(Къисаялъул цо бутIа).............. 8*


**ЮБИЛЕЙ**


**М. ПатахIов.** Анкьгъунар.................................................................................................... 33
**ГI. Даганов.** ЧIахъаги дур къоял. ...................................................................................... 38
**М. Хириясулаев.** Дир гьудул КъурбанмухIамадиде. ...................................................... 39
**М. ГIисаева.** КъурбанмухIамадиде.................................................................................... 39
**Къ. МухIамадов**. ТIелекь. *(Поэма).* .................................................................................. 41
**Н. НурмухIамадов.** Унел руго къоял. *(КучIдулги харбалги).* .......................................... 47


**РАКIАЛДЕЩВЕЙ**


**М. ЗайнулгIабидов.** ГIаймакиса Ражабов МухIамад..................................................... 54
**М. Ражабов.** ГIазизай эбел. *(КучIдул).* ............................................................................. 57


**ЭРКЕНАЛ ПИКРАБИ**


**З. МухIамадов.** Гьикъа-бакъи. ........................................................................................... 63


**КУЧIДУЛ**


**П. МухIамадова.** Щай ракIалъ ахIулей… ........................................................................ 68
**Р. ГIалиев.** Гьудуллъиялъул нур ........................................................................................ 72


**НАЗМАБИ**


**ГI. МухIамадов.** Ункъмухъилал кучIдул ......................................................................... 77


**ГЬАБГИ, ДОБГИ, ДОБ ЦОЯБГИ.**


Чуризегийищ кколеб? ........................................................................................................... 79



Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ. РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Журнал зарегистрирован Федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций. Регистрационный номер ПИ №ТУ5-0013 от 20 мая 2009 г.

**Типография: Издательский дом "Дагестан"**

**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 61

**ДРУЖБА №4 2016 г.**

июль -август

*На аварском языке*

Выход в свет 20.07. 2016 г. Тираж 605 экз.

Заказ № 0702 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан "Редакция республиканских литературных журналов "Соколенок" и "Литературный Дагестан".*

***Адрес редакции и издателя:*** *367025, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова 55.*

## “ЖЕГИ ЦIАЛИЧIО – ЦIАКЪ ЛЪИКIАБ ТIЕХЬ БУГО”

*Араб къарнуялъул ункъоялда анцIабилел сонал рукIана дол. Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалда Расул ХIамзатовасул кабинталда букIана хъвадарухъаби гурелги, цоги цоги гIадамалги гIахьаллъараб данделъи. Гьоркьоб лъураб суал щиб букIарабали гьабсагIат ракIалда гьечIо. Данделъиялъул байбихьудаго Расулица абуна, лезгиязул газеталда бахъараб цо шагIиралъул (цIар рехсеялъул мурад гьечIо, гьеб гуро аслияб) сонетазул гор цIалдолезе цIакъ рекIее гIун бугилан, жиндихъе гьеб миллаталъул чанго чи кIалъан вачIанин гьел кучIдул реццун.*

*ХIамзатовасул гьел рагIабаздаса хадуб, цояз цоял хисун анцIила щугониги чи кIалъан ватила гьеб сонетазул горалъе тIадегIанаб къимат кьун. КIалъана цо лезгиял гурелги, магIарулалги, даргиялги, лъарагIалги, лакалги. ГIажаиблъи гьечIищ, Дагъистаналъул цогиял миллатазул гьенир рукIарал гIадамаздаги, шагIиралъ жидерго мацIалда гурони жеги къватIире рахъичIел кучIдул, гьезие къимат кьолеб даражаялда ричIчIулел рати. Гьей шагIиралъулги, гьелъул асаразулги гьадал чагIазе щибго ургъелги букIинчIо, аслияб гьениб букIана, Расулица гьел кучIдул реццидал, гьесда берцин рихьизе, гьесул рахъ ккун щиб букIаниги бицин.*

*Гьеб лъугьа-бахъин ракIалде щола дида гьанже гIадатлъун лъугьарал нилъер хъвадарухъабазул тIахьазул гIемерисел презентациял унеб куцалъухъ балагьидал.*

*Цо-кIиго рагIи абилин гьеб презентация щиб кколебалиги, щай нижеца республикаялъул миллияб библиотекаялдаги, Хъвадарухъабазул союзалда бугеб Расул ХIамзатовасул музеялдаги, цоги-цоги бакIаздаги гьел тIоритIиялде кIвар кьолебалиги.*

*Презентация ккола – цIияб тIехьалъулгун лъай-хъвай гьаби, гьеб гьоркьоб лъей, гьелъул гIолелги гIоларелги рахъазул бицин.*

*Цебе гIадин тIахьал цIалдолезухъеги щолареб, щвезаризе ресги гьечIеб заманги бугелъул, тIадежоялъеги рахъарал тIахьазул тиражалги цIакъго дагьал рукIунелъул, гьанже, гьеб нухалдалъунниги цIалдолелги цIиял тIахьалги цолъизари, гIадамазухъе гьел тIахьал щвеялъе квербакъи гьаби букIуна гьел тадбиразул мурад. ХIакъикъаталдаги, букIине кколеб къагIидаялъ гьеб дандеруссин унеб бугони, тIехьалъул авторасеги, цIалдолезеги, гIаммаб куцалда нилъер адабияталъеги цIакъ лъикIаб иш букIинарищха. РукIуна гьедин берцинго унелги тIахьазулгун лъай-хъвай гьабиял, гьел гьоркьор лъеял. Амма цIакъ дагьалха.*

*ГӀемерисел автораз жидер тӀахьазул презентациязде ахӀун рачӀуна, гьел тӀахьал бердацин рихьичӀел, жидерго лъалел-хъвалел хъулухъ-иш кӀудиял гӀадамалги, депутаталги, цогидалги къадру-къимат бугел чагӀиги. Данделъи бачунесда цебе лъола гьезул сияхӀ авторас, цин гьазие рагӀи кьечӀого гӀоларин, заман хутӀани цогиязеги кьезе бегьилин. Ресги букӀунаро гьениб гьезие рагӀи кьечӀого, гьезул адаб тейлъун рикӀкӀине бегьулелъул гьеб. ЦӀияб тӀехьалъул цо цӀаргицин бахъичӀого, гьадал гӀадамазги автор веццула зодове вахинавун. Гьев вугила гӀорхъолъа ун гьунар бугев, кутакалда лъикӀав, яхӀ-намусги бечедав чи... Гьединал гӀадамал гӀасруялда жанирцин къанагӀатги рижуларила ва гь.ц. Ахиралдаги тӀаде жубала, гьесие халкъияв поэтасул цӀарги кьезе кколила, гьеб тӀехьги Пачалихъалъул премиялъе бихьизабизе кколила. ТӀехьалъул авторги вукӀуна, намусав чиясул рольги хӀалаго, бихьулищ нужеда дун кинав чи вугевалиян абулев гӀадин президиумалдаса залалда ругел гӀадамазухъги балагьун. Мун Аллагь-аварагги вугин, дуца хъвараб жоги Къуръаналъул аятаздасаги Аварагасул хӀадисаздасаги тӀокӀаб бугин абунги хӀал хьоларо гьединазул. Гьеб гуребги, цо-цояз цереккун хӀадур гьарун рукӀуна жидеего гьал-дол грамотабиги, гьегьал медалалги, сайгъат-саламалъи кьезе чагӀиги. ХӀасил-калам, гьел тадбирал тӀахьазул бетӀергьабаз сверизарула бетӀерав геройлъун живго вугел спектаклазде, хасго, гьенив гӀахьалъарав дагьа-макъабниги жо бичӀчӀулев чиясе комедиялде. БичӀчӀулареве, (гьединалги рукӀуна гьенир) балагьейин ав нилъер ... вукӀун вугев кутакав чийин абураб асарги лъугьинарищха гьениб бицунелъухъ гӀенеккидал.*

*ХӀикматаб жо гьечӀищ, кин кӀолеб чиясда кӀигоги лъабгоги сагӀаталъ жиндие гьабулеб гьороца босун унеб хӀули гӀадаб чӀобогояб, пайда гьечӀеб рецц-бакъалъухъ тӀаде гӀадамалги ралагьизарун гӀенеккизе. Дагьа-макъабниги магӀна-гӀин бугев чияс кӀиго-лъабго къоялъ мугъзадаги лъун анцӀила микьабилеб тӀалаялде ганчӀал раччи тӀаса бищиларищ гьеб гизмаялъул геройлъун вукӀинегӀан.*

*БатӀияб суал буго гьеб юбилеялъулаб дандеруссин бугони. Гьениб чиясда рекъарал, берцинал рецц-бакъалъул рагӀаби абизе ккела. Гьелгиха, гьес нахъа тараб гӀумруялъул нухги ракӀалде щвезабун, ракьалда гьес толел лъикӀазул, халкъалъе гьес гьарурал пайдаял ишазулги бицун, творчествоялъул хӀасилалги рехсон.*

*Аммаха презентацияйин абулеб, тӀехьалъулгун лъай-хъвай гьабиялъул дандеруссиналда гьеб тӀехьалъул бицине ккеларищ. Гьелъие хӀадурлъиги гьабизе ккела, дагьалдасан ичӀго-анцӀгониги гьеб тӀехьалъе къимат кьун бажарулел гӀадамазухъе цебеккунго цӀализе гьебги кьун. Гьез доб дандеруссиналда тӀехьалъул хӀакъалъулъ бицани, цоги гьенир гӀахьаллъаразулги гьелъулгун лъай-хъвайги ккела, авторасул мурадги, гьеб кин тӀубазабизе гьесда кӀун бугебалиги гӀадамаздаги бичӀчӀила. Хасгьабун гьеб тӀехь бецци масъалалъунги букӀине бегьиларо гьениб.*

*Биччанте гIоларел рахъазулги бицине. Гьелъулги авторасе пайда гурони, зарал букIинаро.*

*Цо хъвадарухъанасул цIияб тIехь гьоркьоб лъолаго, Дагъистаналда лъикIго лъалев гьесул ракьцояс авторасе хIаталдаса араб рецц-бакъ гьабулеб букIана, жибго тIехьалъул цIаргицин бахъичIого. Дуца гьесул тIехьниги цIаларабищилан гьикъана дандельи бачунев вукIарав МухIамад АхIмадовас. «ЦIалиларищха регIараб мехалъ», - илан букIана жаваб.*

*РегIараб мехалъ тIахьал цIалулел машгьурал гIадамал гIенеккун рукIине бегьила. ТIехьалъул бицине ккела гьеб цIаларав чияс – цIаличIезеги гьелда жаниб бугеб жо рагьулеб куцалъ.*

*ЧIалгIине заман щвечIищ, «жеги цIаличIо – цIакъ лъикIаб тIехь буго» абун бицине цере рахъунел гIадамалги, гьединазул зурма-къолохъе свакан хадурцин кьурдизе гIедерал авторалги.*

***МухIамад ПАТАХIОВ***

* * *

***КучIдул рукIине ккола лъикIал. ЛъикIал хъван бажаруларес, хъвачIого тезе ккола.***

***И.Гете***

* * *

***ГьитIинаб тIехь хъвазеги кIудияб гьунар къваригIуна.***

***Г.Джеймс***

* * *

***Хъварав чиясда релълъараб букIуна тIехьги.***

***Г.Лихтенберг***

* * *

***Авторасда гуребги, цIалдолесдаги бараб буго тIехьалъул къисмат.***

***Т.Мавр***

* * *

***Цо-цо хъвадарухъабаз щакъидулъе гIемераб лъим тIола.***

***Г.Гейне***

# МухIамад ГIабдулхIалимовасе-80 сон

## ТIЕЛЕКЬА МУХIАМАД

*Дир гьудул ГIумар-ХIажи Шахтамановас аваразул машгьурав хъвадарухъан МухIамад ГIабдулхIалимовасде абулаан ТIелекьа МухIамадилан. ТIокIаб батIияб цIар абулароан. МухIамад хIалтIулев вукIана гIемерал соназ, киналго магIарулазе хирияблъун букIараб, рекIел годекIан гIадаб гIагараб магIарул газеталда «БагIараб Байрахъалда». Гьевги Тажудин Таймасхановги цадахъ хIалтIулеб кабинеталда киданиги цо-цо хъвадарухъан гьечIого вукIунароан. Дида М.ГIабдулхIалимовасул цIар тIоцебе ракIалде щвезабуна «Гьудуллъи» альманахалда мунагьал чураяв Муса МухIамадовас бахъун букIараб «Этил ГIали къватIиб росулъ» абураб гьесул хабар цIалун хадуса.*



*Дие кIудияб асар гьабуна дол соназ гьеб гьитIинабго хабаралъ. Берцинаб, хIеренаб, чвахун бачIунеб магIарул мацIги, шагIирасул гIамал-хасият бихьизабун бугеб къагIидаги, унго-унгояб рокьигун Этил ГIалил сипат-сурат рагьун бугеб хIалалъ хIайран гьавуна дун жеги школалда цIалулев вукIарав цIалдохъан.*

*Гьелдаса хадув гIемер щвана дун ГIабдулхIалимов хIалтIулеб кабиналде кучIдулги росун. Жакъаги ракIалда буго «Милъирщо» абураб дир кочIода тIасан МухIамадилги дирги ккараб дагIба – дица дирго кечI цIунулеб букIана, редакциялъул хIалтIухъанас гьелъул гIунгутIаби ралагьулел рукIана.*

*Амма гьанив дунги къечIо, МухIамадги бергьичIо. Жакъасеб бералдалъун ралагьани, гьенив ГIабдулхIалимов витIарав вукIун ватизе бегьула, амма дида ккола «БагIараб Байрахъалъул» редакциялъ, хъвадарухъан МухIамад Шамхалов редакторлъун вугеб мехалъ, хъвадарухъабаздеги шагIирзабаздеги хассаб кIвар буссинабулаан, гьенир мех-мехалдасан шагIирзабазул асарал рахъулаан, гьезул хIакъалъулъ хъвалаан. Жеги цIалдохъанлъун вугев дир кучIдул реццун рукIана цо нухалъ Расул ХIамзатовас «Литературная Россия» газеталда. Гьадинаб магIна букIана Расулил «Жакъа» абураб*

*макъалаялъул: «Жакъа лъикIаб къо буго. МухIамад АхIмадовги вачун вачIана ГIумар-ХIажи Шахтаманов. Балеб букIана тIоцебесеб гIазу. МухIамад АхIмадовасул кучIдул, тIоцебесеб гIазугIан рацIцIадалги роцIаралги руго. МаркIачIуда дихъе вачIана Дагъистаналъул бищун кIудияб гIелалъул шагIир А.Гъапуров. гьедин цо къоялъ дир къавулъ данделъана Дагъистаналъул поэзиялъул гIолохъанчиги гIакъилчиги».*

*Гьеб макъалаги цIалун, росулъе, школалда цIалулев дихъе кагъат битIун бачIана М.ГIабдулхIалимовас.*

*Гьес хъвалеб букIана, жив цIакъ воханила Расулил рагIабаздаса. КIудияв шагIирасул гьединаб къимат жиндие цо саламатаб тIехь бахъиялдасаги цIикIкIун бокьилилан.*

*Гьеб хIужаялъ нугIлъи гьабула М.ГIабдулхIалимов ракI лъикIав, жахIда гьечIев, гIаданлъи цIикIкIарав хъвадарухъанлъун вукIиналъул. КIвелаан гьесдаги, добехун рехун Расулил макъалагун, жеги лъиданиги лъаларев гIолохъанав шагIир кверги хьвагIун тезе. Амма гьес течIо. Дие доб мехалъ гьеб букIана цIакъ кIвар бугеб рагIи. Баркала, МухIамад, кватIун бугониги.*

*М.ГIабдулхIалимовас 80 сон балеб буго харбазулги, къисабазулги, романазулги, лъималазе хъварал асразулги гIемерал тIахьалги нахъе тун, аваразул адабияталъеги, магIарул мацIалъеги ракIбацIцIадаб хъулухъги гьабун. Гьесул я жинда цебе, я адабияталда цебе нечезе бакI гьечIо. Гьеб ккола хъвадарухъанасул талихI.*

*Жакъа журналалда бахъулеб М.ГIабдулхIалимовасул цIияб къиса буго нилъер заманаялъул захIмалъаби жанире рачараб, шагьаралдаги магIарухъги магIарулазул хасият рагьулеб, гIагараб ракьаладе, бокьулеб ватIаналде бугеб рекIел асар рагьулеб, берцинаб, хIеренаб, гIакъилаб магIарул мацIалъ хъвараб. Гьелъулъ буго жеги лъугIичIеб гIолохъанаб шавкъги, гIумруялъ кьураб гIакъиллъиги, гIадамазе пайдаялъе, лъикIлъиялъе абулеб рагIиги, нилъ кантIизе ахIулеб рекIел гьаракьги, цIубараб махщелги, щвалде щвараб устарлъиги.*

*Сахлъиги талихIги дуе, ТIелекьа МухIамад, хаду-хадурги магIарулал рохизаризе цIиял асарал хъвазе.*

***МухIамад АХIМАДОВ,***<br>
***Дагъистаналъул халкъияв поэт.***

МухIамад
ГIАБДУЛХIАЛИМОВ

# АЗБАРАЛДА, ГЪУТIБУЗУЛ РАГIДУКЬ

## САПАР

– I –

Цо къоялда, дир кабинеталъуеги яккун, щаяли, дагьайго гьимизеги гьимун, бетIерав редакторасул секретаралъ абуна:

– Эрси-и-нов, редакторасухъе!

Дида ракIалде ккола кинавгIаги хIакимас жиндирго хIалтIухъан гьесие лъикIлъиялъе нагагьги ахIуларилан. РахIат хвезе жо щибгIаги букIинчIониги, гьединаб, лъикIаб гуреб, пикругун, щакдарилаго, ана дун бетIерасухъе.

– ХIалакараб хIалтIи батиларо гурищ дур гьал къоязда? – ян гьикъана редакторас, дагьав гIодове къулун, рицатал цIоробераздa тIасан гIемер цIалдон багIарлъарал бераз, кIвар кьун, дихьги валагьун.

– ТIадкъазе жо батани, тIубазабизе хIадурав вуго! – ян жаваб кьуна дица.

Редакторас дихье кьуна нахъа конвертги рекIинабураб кагъат.

– ЦIале.

Гьелъул магIна букIана, нахъе инчIого, гьанибго цIалеян абураб.

Гьев додинго, цIоробераздa тIасан, гьоркьа-тIаде дихъ валагьун чIана.

Дица цIалана. БетIерасул мурадги бичIчIун, дица абуна:

– Дун ина.

Гьес абуна:

– ХIадурлъеха, шоферасдаги лъазабе.

Дирго кабинеталъуве тIадвуссингун, дун кагътил конверталда бугеб адресалъухъ валагьана ва кагъат, гIодовеги виччан, цоги нухалда цIалана:

*«ХIурматияб редакция!*

*Нижер росулъ руго гIажаибал гIадамал – росги лъадиги. Дун лъугьинаро сундалъун гьел гIажаибал ругелали бицине. Гьеб букIинаан халатаб хабар. Гьеб хIакъикъияб куцалда хъвазе дир гьунарги гьечIо, гьелъие ругьунавги гьечIо. Школалда сочинениеги армиялде вацасухъе кагъатги хъвазе гуреб къалам кодобе босарав чи дун гуро. Нижер росдаца бицунеб жого гьел рослъадул хIакъалъулъ букIуна.*

*Дие бокьилаан – дие гуреб росдаего! – газеталъул мухбирги вачIун, гIатIидго, берцинго гьезул хIакъалъулъ хъвани.*

*Нуж божа, гьаниве хIалтIухъан витIиялдаса нуж пашманлъизе гьечIо.*

*ВитIулев вугони, лъикIав мухбир витIе.*

***Саламгун ГIалиев ГIали***

## – 2 –

Нахъисеб къоялда, къалъудаса хадув, ГъотIохъ росулъе щварав дун, къаси гьенив хутIана. Дун сапаралъ вачараб кагъат хъварав чи ватана, гьес бицухъе, кIикъоялда анкьго сон барав, къокъго къунцIараб тахта гIадаб ччухIаб чIегIераб ботIрол расалъул, тIеренал халатал кьунсрузукь чIагоял чIахIиял беразул, бегIераб нилъаца халатабин ккезабулеб хIалакъккараб гьурмал, борхатаб чорхол гIолохъанчи.

Гьев дида ватана росдал гьитIинабго клубалъув шашкаби хIалев. Дун щив чияли дица бицингун, ГIали хантIан тIаде вахъана, кIудияб рохел загьир гьабун ва, божуларого гIадин, дихъ валагьун чIана. Цинги, цIидасан, къан дир квер бачана.

– Рилълъа рокъоре! – ян абуна гьес, рукьги ккун, цевего лъикI лъалев чи гIадин, дун вачинеги лъугьун.

– Рокъоре щай? Дол чагIи? – ян гьикъана дица.

– Вагь? – гьев, гIажаиблъарав гIадин, нахъеги дихъ валагьана. – Гьел кирениги инарин! Дир хьулго букIинчIо нужер чи гьаниве гIунтIухъе вачIинилан, – хехаб кIалъаялъ абуна гьес, жиндирго кагътица ахIун редакциялъул мухбир вачIиналдаса загьираб рохелгун. – Дица, кепалъе гIадин, хъвараб кагъат букIана. Амма…рилълъа-рилълъа! Дуда дидаса лъикI лъазе ккола, нилъер кици буго: «Гьобол цин кваназаве, калам хадуб гьабе» абураб. Цинги балагьилин.

Рокъор, къадекакги бан, кваназе гIодор чIейгун, ГIалица абуна:

– Дица нужехъе жидер хIакъалъулъ хъварал гьел чагIи руго, гьалмагъ, гьаниса кIиго километралъгIан рикIкIада бугеб колохъ. Гьединлъидал, гьанже гьенире рилълъун щибго пайда ккезе гьечIо, къаси хIохьбахъиги гьабила, метер, радалго рахъун, гьенирeги рилълъина, Аллагьас хъван батани. Бицине жоги гIемераб батизе ккола дозул, магIишатги бихьизе ккола…

«Гьесул магIишатгIаги щай дие, лъил букIунареб гьеб магIишат?» – ан ракIалде ккана дида.

Гьеб бичIчIараб гIадин, дихъги валагьун, ГIалица бицана:

– Анлъго соналъ цере рачIана гьел гьанире. Живго ГIабдуразакъ гьаниса ккола, лъади гIурусай йиго. ГIурусай йигониги щибха – щуго магIарулалдаса лъикIай йиго. Гьелъ росасул гьабулеб хIурмат, гьелъул лебаллъи бихьун, нижер росдал гIадамал, хасго руччаби, хIайранлъун рукIуна… Щибаб къойил росасул хIатIал чурула гьей гIурусалъ, бахун сапунгун. Жиндица биччалеб букIинчIила дуца хIатIал чуриялде ккун гьечIин жеги живилан, гьалъ гьаранила жиндие ихтияр кьейин, жиндие бокьухъе, росасе хъулухъ гьабизеян бицана гьес. Дудаго рихьила… МагIарул мацI лъазабулеб буго. Как бала, кIал ккола… Гьоркьиса кIиялго хIежалдегицин ун рукIана. Щиб дуе цоги къваригIараб?

«Гьабищха гIажаибаб жо?» – ян ракIалде ккана дида, ГIалил харбица асарги гьабичIого, сапаралъ вахъиналдаса рекIекълъарав гIадинги лъугьун.

– Нилъер дин босарал гIурусал дагьал гьечIо гурищ гьанже, – ян абуна дица.

– Гьелни ратила гIезегIан, гьанже гьеб суалалде дунялалъул гIалимзабазги, гIакъилзабазги, политиказги кIудияб кIвар кьолеб бугин абулеб буго. Гьебги

квеш букIун цо-цо гIурусал гъалаглъулел руго. Гъадав Кусто гъечIищ, гъадав цо гамитIа хьвадулев вукIарав географ? Довгицин бусурбанчи вукIун рагIула.

Велъизеги бачIун, дица абуна:

– Гъединал гIемерал руго гъанже, ГIали…

Дир кIалъайги гьоркьоб къотIизабун, тIаде ячIана ГIалил лъади, расги бахчизабун, кIаз ботIрода къарай, лъеберго сон барай гIадай гIадан.

Гьей кIалъалелде, гьелде кверги битIун, разиго ГIалица абуна:

– Гъалеха дир гьудулги ячIана, дида ургъел чIван букIана нилъ радал хутIа-таралде гIейги гьабун чIезе кколел ругилан.

Диеги шоферасеги гьимун ворчIамиги кьун, гьелъ, росасе махсараялъулаб бадибчIвай гьабун, дир адресалда абуна:

– Дун гьечIони, гьадин гIадада хун беле гьав вукIунев. – Цинги росасдаги абуна: – Гьобол вачIараб мехалдагIагиййищха квен хинлъизабун бажарила-реб?

Доехун уней йикIарай лъадуда хадуб кверги битIун, ГIалица ахIана:

– Гьал щалали лъалищ дуда? Дуца абулеб букIана гьеб дур кагътихъ гIин тIамулев чи щивин вукIиневан – гьале рачIун, – ан, гIемерго чIухIун, абуна ГIалица. – Дуца цIияб квен гьабе, радал хутIарабги кьун ниж тIаса рихьиза-ричIого.

Дун хIалакана:

– Воре! Воре! ХIадурарабго жо кьуни цIакъ гIела. Нуж божа, гьанир къоял разе дир ресги гьечIо, – битIараб гьечIищхаян гьикъулеб гIадин, дун аскIов диваналда шапелев вукIарав шоферасухъ валагьана. – Нилъ гьел гIажаибал рос-лъади рихьизе гьанжего рилълъине ккола.

– Бащдаб нухалъниги лъелго рилълъинеги ккола… – ян абуна, разилъи гьечIолъи загьир гьабун, ГIалица.

Богорокъой жиндирго ишалда йикIарай ГIалил лъадуда рагIиледухъ дица абуна:

– Мун лъадудаса хIинкъулев ватани, дица гьарила гьелда…

– Воре, воре, дица гьев кивениги виччаларо – дун гьесда божуларо, – ян жинда рагIараблъи ГIалил лъадуцаги лъазабуна.

– Бихьулищ, бихьулищ? – ГIалицаги лъадуда тIадрекъезабуна.– Дун хIинкъула! Мун сабаблъун лъадулгун кьал ккезе бокьун гьечIо дие.

– Йохъ, йохъ, нужеда гьоркьов ракьалъун вукIине бакьинаро, – ян дицаги гьабуна махсара.

Чанго минуталдасан ГIалил лъадуца нижеда цебе лъуна мохмохгун цадахъ бежараб картошкаги, магIарул чедги, къотI-къотIараб помидорги.

Хехго лъугIулеб жоян гьабуна, – ян абуна гьелъ. – Хадуса цоги квин гьабизегIан гьалде гIей гьабеха. – Гьей росасухъ ялагьун чIана.

– Гьекъезе бугищ? – ан гьикъана ГIалица, дихъги валагьун.

– Нижее бегьуларо, – ян абуна дица.

ГIалил лъади ана.

Кванан рахъарабго, ГIалица лъазабуна:

– Гьанже бегьула рилълъине!

Дун хехго тIаде вахъана:

– Гьоболасул мурад – магIаруласе закон!

– Гьанжего гьанже? – ян абулеб рагIана ГIалил лъадуца, нижеда хадуйги ялагьун.

## – 3 –

Ниж ункъалго – рукъалъул хважаин ГІабдуразакъги, шоферги, ГІалиги, дунги – гьаругьинан дида кодобе бахун бачІараб габур хъахІаб багІараб кету малъичІони – гІодор чІун рукІана тІад халича тІамураб тамахаб диваналда тІад. Нижеда цебе букІана пихъил цІураб кІиго гъадаро тІад лъураб, эркенго ункъо чи нахъа гІодов чІолеб къухъураб стол.

ГІабдуразакъица абуна:

– Нилъер аварагасги цин пихъидасан байбихьулеб букІун буго, хадуса Хадижатица цо щибгІаги кьелеб батилин, «бисмилла» гьабеха.

Гьесул лъадуца балагъун чІезе тІамичІо: хехго нижеда цере лъуна, рестораналда гІадин, чІорогоял тІадгоял цІакъ тІеренал гъудрулги нусал-гІучІалги, цинги росун рачІана анлъиде къотІарал жух жубарал нисулъ пурщаби ва щивасе гІисинал пиалабазда жаниб урбаги. Ункъо-щуго минуталдасанги ячІана ва росасул гІинзунибе щибалиго шурана.

– Гьеб те, андарка босе! – ян абуна ГІабдуразакъица, лъадул бальголъи тІатинабулеб гІадин, рагІун.

Хадижат партІан цееса тІагІана.

Руччабазухъ балагьизе беццараб гьечІониги, ГІабдуразакъил лъади гІурусай йигин абун букІиндал, дица «гъоркьанго» Хадижатихъ хал гьабулеб букІана. Гьелда тІад букІана, квералги гьумерги гурони чорхол цоги бакІ къватІибе баккулареб тІулакьералги цІахІилалги мохъал ругеб бецІгІурччинаб гІатІидаб гурде, ботІрода, расги бахчун, къараб ва габур сверун бухьараб чІинчІу. Гьурмал кьералъухъги гурдида гъоркьан гургинлъи лъалел лугбузул чорхолги хІисаб гьабун, рарал соназдаса гІолохъанай гІадан йигин ккана дида гьей. РакІалде кколаан духидул тІеренаб махІги бугин гьелда цадахъ хьвадулебан. Лъаларо, минаялда цебе букІараб ахикьа чІвалеб пихъил ва тІугьдузул букІун батизеги бегьула гьеб махІ.

Кваналел рукІана, гІодореги риччан, хабар-кІалалда. Дида мунагьал чураяй дирго эбел ракІалде щвана, гьелъги гьарулаан тІагІамал, нисул цІурал пурщаби.

ГІабдуразакъица кружкаби андаркаялъул цІезаруна.

– Лъаларо нужее рекІее гІелищали – дие бокьула гьаб, – ан абуна гьес, – даруяб жо букІуна тІи. Аб ролъул тІидул буго, богІол тІидул жеги цІакъаб букІуна.

ГьитІинав чи вугеб мехалда гьекъон букІана дица андарка чанго нухалда. ГІурус квасалъул гІадаб тІагІамги бугеб, дагьаб бакъваяб гьеб лъамалъиялъ кІиго кружка гьекъарабго, лъикІаб асар гьабуна черхалъе. ГІабдуразакъица цоги, лъабабилеб нухалдаги цІезаруна кружкаби, амма дица гьекъечІо, нагагь цІикІкІине гурилан – тавакал гІечІо.

Рагъидул тІохалда гъоркьан бихьулеб зодил гьитІинаб рагІал дагь-дагьккун цІвабзаз цІолеб букІана; рагъида цІорол бакІалда ккураб сеткаялда гъорлъан зама-заманалда гьулчун бачІунеб букІана тІогьол махІида босараб лъикІаланго тамахаб гьогьен.

– ЦІалдохъаби кида арал, ГІабдуразакъ? – ан гьикъана ГІалица.

– Ункъо къоялъ цере. Цоги рачІине ккола гени-гІеч босизеги.

– Гьас гьаниб, Халид, картошка гІезабула школалъул интернаталъул лъималазе. ЧІобого! – ян бицана ГІалица. Гьев ГІабдуразакъихъ валагьана. – Исана чан гьир кьураб?

ГІабдуразакъ хІалакана:

– Гьеб дир гьунар гуро – лъадул хІалтІи!

– БатІалъи щиб квегІаб квералъ кьуниги кваранциялъ кьуниги.

– Исана картошкадул сон гуро – лъабго гьир гурони бахъичІо, цо МахІачхъалаялдеги битІана Хадижатил ясалъе, Луизае.

– Гьаз гьаниб гьабураб хІалтІи радал бихьила дуда, – ян абуна ГІалица, дидехунги вуссун. – Мун гІажаиблъила…

– Инсанасул къисмат буго гІажаибаб жо, цо сагІаталда жаниб тІадбуссунги чвахизе бегьула гІумруялъул гІор… ХІикматаб жо! – ян абуна ГІабдуразакъица. – Гьабилин лъугьанани, инсанасухъа бажаруларeб жого батиларо.

Мех-мехалда щинкІулел халатккарал тІулакьерал beралги дитІа лъун, дихъ валагьун чІана гьев, цо кІвар бугеб жо дида абизе бокьараб гІадин. Дун намуслъун гІодове къулана, амма минуталдасанги, яхI гьабизе кІвечІого, валагьана гьесухъ.

– Цоги бахъизе ккела аб, – анги абун, гьес тІад сир биччараб щагІил парччи кодобе босана.– Дуе, Халид, гьаб гъоба щолеб батунгутІи хІакъаб жо буго.

– Киса! – ян мукІурлъана дун. – Шагьаралъул гІумруялъухъ гІемераб жо хисулеб буго магІарулаз.

Столалда тІад гІункІрукьги чІван, ракI гъарараб магІнаялда, квер гьесана ГІабдуразакъица:

– Бицунге!

КІкІвачІого щуго-анлъго къо бараб гІадаб гургинаб, куц бугеб гьесул гьурмаде кьерхен реханин ккана дида.

ЯчІана Хадижат. Цоцаз ккун кверalгун, хІеренаб, гІодоцараб, гІурусги магІарулги жубараб мацІалъ, гьелъ гьикъана:

– Вам еще щиб босилищ…мед,чай?

ГІабдуразакъ нижехъ валагьана.

– Дица гьекъеларо, – ян абуна дица.

ГІалицаги инкар гьабуна. Гьес квантІе бетІер гьесана:

– Гьабги нахъе босизе бегьула.

– Нужее гьал рекІее гІечІеб къагІида – нуж кваналел гьечІо, – ян, ургъел чІвараб гІадин, абуна Хадижатица.

ГІалица гьелъул ракI гІодоцинабуна:

– Гуро, Хадижат, пурщаби нижее цІакъ рокьана, – гьев дидехун вуссана, – хасго гьоболасе. ГІицІго ниж, гьанире рачІиналде, кванан рукІана.

– Валлагь, гьуинал рукІана, – ян дицаги тІад рекъезабуна, – некІогоялдаса нахъе кванан рукІинчІо гьадинал пурщаби.

Хадижатица парччиги кружкабиги тун, нахъияб нахъе босун ана. Хьолбодехун гІодор лъун рукІарал пихъил гъудрул ГІабдуразакъица нахъеги столалтІа лъуна.

Ниж дагьалъ гІенеккун хутІана.

МагІарухъе вачІарав газеталъул мухбирасухъ гІадамал щаклъигун, цІодорго хъвалсан ралагьулеб гІадат буго, гьеб хасго загьираб букІана газеталъул къуват цІикІкІараб доб Советияб заманалда. Гьединлъидал гІумруго сапаразда

тIамуниги, дун ругъунлъичIо, щвараб бакIалда лъай-хъвай гьабулелъул, «дун газеталъул мухбир вуго», абун абизе. Амма бакIалъулал хIакимзабазухъе араб мехалдани иш жинда барав, хIажатав чиясда гьедин абичIого рес букIунароан. Гьединлъидал ГIабдуразакъихъе щвaралдаса нахъе дун вукIана ГIалица нижер лъай-хъвай щайдай гьабуларебан, дун щив чи, дир мурад щибали щайдай гьес бицунаребан. Гьединаб пикругун дун ГIалихъ валагьулевги вукIана.

Гьесда дун вичIчIараб къагIида, гьев цо щибали ракIалде щвараб гIадин лъугьана ва диваналда тIад нахъе вегана, ГIабдуразакъихъги валагьун, гьес абуна:

– Азулгун дур лъай-хъвай гьабичIо гурищ дица…

– Мун кидаго кватIун кантIула, ГIали, – ян абуна ГIабдуразакъица. – Гьоболасул цIар лъабго къо бачIого цIехоларин абула. Амма… амма цоцазул цIарал лъалел гьечIони, кванилги кванилалдасаги цIакъ харбилги кеп щибха букIинеб.

ГIалица дидеги шоферасдеги квер гьесана:

– Гьав МахIачхъалаялдаса газеталъул мухбир Халид ва…

ГIали шоферасухъ валагьана.

– Сабир, – ан бицана дица.

ГIалица, цевеги гьункьун, нахъеги квералъ шоферасде ишанги гьабун, мухIкан гьабуна:

– Водитель!

– Дидаги ГIабдуразакъ бугоха, нужее хъулухъалъе хIадурав, – ан, жиндирго иргаялда, абуна рукъалъул бетIергьанас – Гьалеха, гьанже бегьанаха.

ХIакъикъаталдаги кверал ричарав гIадин лъугьана ГIабдуразакъ, гьесул роцIарал, рекIее гIолеб балагьиялъул беразулъе батIияб кунчIи реханин ккана. Гьес щагIил парчи кодобе босана ва аваданго абуна:

– Гьанже нилъеца цо-цоги гIорто рехизе мустахIикъаб буго. – Гьес кружкаби андаркаялъул цIезаруна.

– Гьекъезе лазатаб жони бихьула гьаб, амма лъалароха, – ян абуна дица, кружкаялда жаниве тIулакьераб бакъвараб лъамалъиялъухъги валагьун, гьелъул гьекъезе къасд ккезабулеб цIекIмахIаб махIихъги гIенеккун. – ЦIумада, дир гьудул Абакаров МухIамадихъе гьоболлъухъ щвейгун, гьесул рокъоб гьекъон букIана дица мед, амма гьаб дида кIочон букIана.

– Нужеда лъалищ «эликсир здоровья» абулеб жо? Гьеле гьеб буго гьаб, – ан абуна ГIабдуразакъица, гьеб «эликсиралдаса» лъикIаланго чIухIиялъул асаргун, – амма аб гьекъолеб къагIида батIияб буго, гьаб гьекъезе ккола, гьалдаса лазатги босун, гьаругьинан, тIагIамалъухъги гIенеккун. Сабусун балеб цIад ракьулъе босулеб букIуна.

– ГIемераб жоялдаса махIрумлъана магIарулал шагьаралде рахъиналдалъун, – ан абуна дица, росулъ букIараб дирго гIумруги нижерго хъизанги ракIалде щун. – Пайда щиб адин ккана…

– КIваричIин гьанже, ругелъул сахго тайги, – ян, гьеб темаялъул хабар къокъ гьабун лъикIилан бичIчIизабулеб магIнаялда, абуна ГIабдуразакъица. – Гьев ГIалихъ валагьана. – Нуж къаси анир чIолел руго гурищ?

ГIалица абуна:

– ЧIечIого чара щиб, амма магIна гьечIеб заманалда ккана ниж гьанире, метер дунги радалго хIалтIуде ине кколин рилълъун тана ригь гьечIеб мехалда.

ГӀабдуразакъица ГӀалил накалда квер лъуна.

– КкечӀо, ккечӀо – цӀакъ лъикӀ ккана. Ниж гьанир, щивгӀаги чи вачӀунев гьечӀодаян, моцӀрухъ балагьарав муъминчи гӀадин, нухда бералги лъун рукӀуна. ГӀицӀго нужее регизе бокьараб мехалда нужеца абе.

Жаваб кьезе ГӀали хӀалакана:

– Кьижизе заман гьечӀо.

– Дун вегилаан, – ан абуна Сабирица, нижер хабар халалъизехъин букӀинги бихьун.

ГьебсагӀат ГӀабдуразакъица гьев вачун ана.

Гьев тӀадвуссун вачӀарабго, ГӀалица гьесда абуна:

– ГӀабдуразакъ, мун магӀарухъе тӀадвуссун вачӀиналъе гӀилла-сабаб щиб ккарабали бице.

ГӀабдуразакъ, нижехъги валагьун, гьимана, цинги велъанхъана. Гьев диваналтӀа нахъе вегана ва, гъорлъан рахъун рукьабигун, нижеда тӀаса бералги росичӀого, байбихьана:

– Долдаса ана анлъго сон гӀанаб заман…

Гьев, бицине таваккал гӀоларого гӀадин, яги бокьуларогойищали, нахъеги гӀенеккун чӀана.

Гьесухъ, рахӀатхун, валагьана ГӀали.

– РачӀа гьадинаб жо гьабизин нилъеца, – ян абуна ГӀабдуразакъица ахирги. – Дица гьеб кинабго хъван битӀила нужехъе. Метерго байбихьила хъвазе. ГӀадада сордо инабун щай. Нилъецаги бутӀрул метер ратулеб бакӀалда лъела.

Дун ГӀалихъ валагьана, ГӀали дихъ валагьана.

Нижер васвасдиялъухъги балагьун, ГӀабдуразакъица нахъеги абуна:

– Нуж дица тӀасарихьизарулел гьечӀо. Гьанже кьижарилаго, бицараб жо, хех-шех гьабураб тӀагӀелалда релълъараб, мухӀканлъи-камиллъи гьечӀеб букӀина.

Дунги ГӀалиги нахъеги цоцахъ ралагьана.

– Дуца щибин абулеб? – ан гьикъана гьес дида.

ХӀалбихьи гьечӀев чияс хъвараб жоялъул, цо плюс бугониги, анцӀго минус букӀунаян пикруги гьабун, щакдарилаго, амма «гуро» абизеги намуслъун, кьуна дица тавакаллъи гьечӀеб жаваб:

– Теха…

ГӀабдуразакъица дида абуна:

– Амма цо жо гьарилаан дица нужеда, – гьев дихъ валагьана, аслияб къагӀидаялда дида абулеб бугин бичӀчӀизабулеб гӀадин. – Дир гьеб хъвай-хъвагӀай букӀине буго дидаги дир лъудбуздаги гьоркьосеб жо. Гьединлъидал, дица гьарула гьелдаса дуего хӀажатаб жо босун тейин абун.

– Йохъ, йохъ, нужер рокьи-кьалалда дун хъвазе гьечӀо, гьеб дие хӀажатаб жо гуро, – ян рагӀи кьуна дица.

ГӀабдуразакъица, ургъел тӀаса араб гӀадин, угьун хӀухьел биччана.

– Гьедин батани, дам-дамалдаса чӀам-чӀам лъикӀилан абун бугин лъицаяли, цо-цоги андаркадул гӀорто рехизе бугоха кьижилелде, гьай дир гьудулалдаги нилъ кӀочон тун ругин, – ан абуна гьес ва лъади ахӀана.

ЯчӀана лъади.

ГӀабдуразакъица гьелда абуна:

– Я дир хирияй, цо чай гьекъеларищан гьикъулебгӀаги гьечӀоха дуцаги…

– Я дир хириявха, нужеца чай гьекъолеб бугони, дун лъадае ине ккела,

цIул бичIизе ккела. Гьаб сардилъ гьеб лъиеха бокьилеб? – ан махсара гьабуна гьелъ, магIарулги гIурусги жубараб мацIалда.

– Чайги къваригIун гьечIо, цоги щибгIаги хIажат гьечIо – гьаниб щиб бокьаниги буго, – ян абуна дица, ниж сабаблъун жеги кьижичIого йигей ГIабдуразакъил лъадудаса намуслъизеги намуслъун.

Дида кколеб букIана ниж чIалгIунги, рихунги, бизарлъунги ратилин гьелдаян, амма, балъго гIадин, дица кIвар кьуниги, я гьелъул гIамалалъулъ, я каламалъулъ гьеб дида бихьичIо.

Хадижат ана.

Ниж дагьалъ гIенеккун хутIана.

РагIулеб букIана росдадаги ГIабдуразакъил колодаги гьоркьоб гIадин гIатIидаб кIудияб кIкIалахъ чвахулеб лъарал гIодобе биччараб чили (цо-цо мехалда гьеб гьечIиланги кколеб букIана, лъар букIин лъалеб бугелъул чилиги рагIулеб бугин кколеб букIун батизеги бегьула), къуркъбуз байбихьана жидерго халат бахъараб, сверел-терел гьечIеб цогояб хор, гьелда гьоркьосан рагIулеб букIана кинабали хIанчIил, эбел билараб тIанчIил гIадаб, ракI гурхIулеб гьаракь.

Чанго минуталдасан, Хадижат, чайдул цIарагIги босун, ячIана ва гьелъ нижее берцинаб кьeралъул чай тIуна.

– Азул, Халид, чайги, дуца хIисаб гьабунищали, батIияб букIуна,– ян абуна ГIалица, хIухьел бахъунеб чайдул кружкаялда махIги сунтIун. – О-огь, баркаманалъул лаззат! МугIрузул тIугьдузул!

Гьев дихъ валагьана.

Чай хIакъикъаталдаги лъикIаб букIана. Дица гьелъул хIисаб гьабун букIана, кIалалъ абун жеги дирго пикру загьир гьабун лъугьун букIинчIониги: гьелъул гьекъезе къасд ккезабулеб махIги, гIинтIидул гIадаб кьерги, лазатаб тIагIамги.

– Дицани тун букIана гьабурав чиясда бараб жо батулилан, – ан абуна дица, хIакъикъаталда гьедин ракIалде ккунги букIун.

– Дица гьанже, нуж божа, диего нагIана кьола, магIарухълъиялъулгун кинабгIаги бухьен букIинчIей лъадуца хIалица вачинегIан чIечIого, дунго щайин гьаниве магIарухъе тIадвуссине кантIичIеван; гьанжелъизегIан щай дида бихьичIеб гIатIиракьалда данде магIарухълъиялъул тIокIлъи: берцинлъи, эркенлъи, гIажаибаб бечелъи, камиллъи… Сундулъго! Метер радал нуж ралагье, гIенекке тIабигIаталъухъ, хал гьабе сверухълъиялъухъ: чан кьер, чан бакъан, чан махI, чан гьаракь рагIулаяли – бихьилаяли! Шагьаралда бугеб ракIбухIизесеб жо щиб? КIотинарулеб махIитIаги кIкIуйтIаги босараб, махIцараб, инжитаб гьаваги, гьагъал машинабазул пробкабиги, хъуйги! Нужеца хIисаб гьабунищ шагьаралда гIумру унеб куцалъул? Радал, хехго мегежги кIкIван, гьединго хIалакун цо щиб бугониги чIама-къамун, хIалтIуде рекерула, гьединго – хIалтIудасаги. ЛъачIого ун батула моцI. Унтарасухъе ваккизе ине заман букIунаро, вацасухъе щвезе къо батуларо. Ун батула гIумру! Шагьаралде рачIун, чияр рокъоб гIумруги гьабун, хIалтIиги гьечIого рукIуна магIарухъа рачIарал гIемерисел гIадамал. КигIан бокьаниги хIалтIи буго гьаниб, магIарухъ, лъиениги бетIер къулизе кколаро, лъиданиги лъикIаб бицине кколаро. Гьанже, хIукуматалъулаб тун нахъияб кинабгIаги, хIалтIи гьабулев чи – гьев ккола лъил вугониги лагъ! Лагъ! Гурищали ургъеха, хIисаб гьабе… Щай лагъзаллъун рукIине кколел?

ГІабдуразакъ, лента ахиралде щвараб диктофон гІадин, циндаго гІенеккун чІана. Амма бихьулеб букІана шагьаралда данде магІарухълъиялъул тІокІлъабазулги жиндиего магІарухълъи бокьулеб куцалъулги, лъугІел гьечІого, бицине хІасраталъул цІун гьев вукІин бихьулеб букІана магІарухълъиялъул берцинлъиги лазатги гьесул бидулъ бессун букІин.

– Дуе шагьар цІакъго кьаллъун бихьулеб буго, ГІабдуразакъ? – ан абуна ГІалица велъанхъилаго.

– МагІарухъе тІадвуссун хадуса цо жо мухІканлъана дие. МагІарухъ чи дагьабго жоялде гІей гьабун вукІуна, гьанир чиясул ургъелалги тІалабалги дагьал рукІуна. Гьеб батизеги бегьула ТІадегІанасде рекІел бухьен цІикІкІараб букІиналъ, лъаларо. Шагьаралде вахъаравго чи тІубанго хисулев вуго. Гьесие гъоба къваригІуна кІудияб, чІухІараб мина, бечелъи, гІемераб гІарац; гьев гьенив къарумлъула, хъантІула. Гьеб киналъго гьесда хъарцинлъи речинабула.

– Дуца бицунеб битІарабги батила, ГІабдуразакъ, амма, цо-цо мехалда, дунгоцин гьетІарилев вукІуна эхеве гочинеян, гьанив хутІарав чиги гьечІелъулха, тІолабго гІагарлъиги эхебехун бугелъулха дир. Дурги батІалъи щиб.

– Гьелъул бицуневха дун вугев – нилъер гІадамазул гІадаллъиялъул.

ГІалица нахъеги бицана:

– Лъади зунзудилей йикІуна…

– Агьа, гьелеха… руччабаз рачунха гІемерисел рахъунел эхере. Гьез бетІер сверизабун! Аниб магІишат гьабизе кколелъулха, цо гІака хьихьунгІаги. Пенсияги гьабила, хІарамаб – лъугІана иш!

Хабарги хисизабун, ГІабдуразакъица хадубги абуна:

– ГІицІго кваназеги хІажатханаялде хьвадизеги гурелъулха ТІадегІанас инсан вижун вугев. Щивав чиясда тІадаб буго диналъул вацасе цо щибгІаги пайда жиндаса щолевлъун вукІине. Динги гьабизе. «Гьеб нужеца гьабулеб гІумру – гьеб буго гІицІго ракІгъей», – ян абулеб буго Къуръаналъ… Гьанибин абуни, магІарухъха, нижер сундуего букІуна заман…

Гьоркьов кІалъана ГІали:

– Гьаз, Халид, росу хьезабула даруял хурдуздалъун.Чай гьабулел тІугьдуздалъунги хурдуздалъунги. ГІемерисел гІадамаз чай гьекъола гьасул хурдузул. Гьанже гІадамалги ругьунлъун руго чайдул хурдул ракІаризе. ГІабдуразакъицаги гьасул лъадиялъги гІакълу щвезабуна гІадамазда…

Гьединаб хабар-кІалалда ана жеги лъикІалан заман.

ГІабдуразакъ щаяли гьимана.

ЯчІана Хадижат. Гьелъ цебе лъуна борулъ бежараб картошкадул цІураб щагІил гъадароги къотІ-къотІараб турунисуги.

– Пихъги кваналеб бихьуларин нужеца, гьалъулгІаги хІал бихье, – ян абуна гьелъ.

– Мун, Хадижат, жеги кьижичІогойищ? – ан абуна ГІалица.

– Нужеца росулъ бицине бегьулелъулха, рехун тун гьалбалгун, кьижун йикІанин нилъер ГІабдуразакъил лъадиян, – махсара гьабуна Хадижатица.

– Аллагьас кІодо гьаеги мун, Хадижат, мун гІадай лъади къанагІат йикІуна, – ян рецц-бакъ гьабуна ГІалица, жеги бухІилаго бугеб кІаркьен кьамарараб картошка кІиябго квералъ цоцахъеги кьолаго.

– Гьеб рецц-бакъ, ГІали, хІажат гьечІеб жо. Гьоболасе хъулухъ гьабизе кидаго гуро щолеб, – ан абуна Хадижатица, каранде къан, цояб цогиялъ

килщал ккурал кveралгун, дагьай цееги къулун, гIодобе биччараб хIеренаб гьаракьалъ, магIарулги гIурусги жубараб мацIалда.

– Щай дуца гьедин абулеб, Хадижат, росулъагIаги чи камураб къо нужер букIунарин. Нужер сахаватлъиялъул росдацаго бицуна, – ян, гIадат хIисабалда гуреб, ракI-ракIалъ, абуна ГIалица.

– Баркала, дир вац ГIали, нилъехъа бажарараб жо, Аллагьасе гIоло, лъие бугониги гьабизе нилъеда тIадаб буго. Аллагьас абун буго: дица нуж цо-цо магIарда цо-цо телаан цоцазе кумекалъе гIоло гуреланиян.

Гьединги абун, Хадижат ана.

Гьам-гьамиялда гьираялда, картошка чIамулаго, данде щоларого кIутIбигун, ГIалица абуна:

– Хъалги бахъичIого кваназе кколеб рагIула бежараб картошка.

– Кинан квананиги, хIакъикъаталдаги чакар гIадаб картошка буго, – ян абуна гьадинаб картошка гьанже щоларилан пикру гьабулев вукIарав дица.

– Экологически чистый продукт! – рекIелъ кинабали чIухIигун, абуна ГIалица.

ТIагIамаб картошкаялдеги руссун, дагьалъ гIенеккун хутIана ниж.

Сордо нахълъун букIана. Гьанжего гьанже гохIда нахъе тIерхьун моцIги ун, чIегIераб буртина тIаде бегараб киниги, бецIлъи рехана ракьалде. ГIабдуразакъил рагьидаса бихьулеб росдал цо бутIаялда, хIоринир цIваби гIадин, рукIана свинаричIого хутIарал чирахъал. Дунял цинтIаго гIурхъи-рахъ гьечIеб къваридаб гвандинибе тIерхьараб гIадаб асаралъ кодоре росанин нижан ккoлеб букIана. ТIегь-хералъул махIгун, лазатаб гьогьен лъугьана сверун боржанхъизе.

Росулъан рагIана гьведул хIапи.

– Цо гьве хутIун буго росулъ, – ан абуна, сихIкъотIиги хвезабун, ГIалица.

– Гьаби? Гьелни гьечIониги кIваричIоан, росу буго чIобоголъулеб. Гьеб буго квеш ккараб жо, – ян жаваб гьабуна ГIабдуразакъица. Гьесул гIодобе биччараб гьаркьилъ, гьел рагIаби абураб куцалъулъ букIана пашманлъи, рахIатхвей, разилъи гьечIолъи.

Гъоба ургьиса бахъун, хIухьел биччана гьес.

ГIали нахъе вегана ва, борхараб гьаракьалъ, агъазго гьечIого, кIалъана:

– Дур рахIатхвезабулеб буго магIарухълъиялъулги магIарулазулги суалалъ, ГIабдуразакъ; дур бетIер сверизабун буго росдал къисматалъ, амма гIумруялъул хиса-басиял – гьел гьечIого рукIунаро, гьеб буго тIабигIияб закон. Гьеб нахъбуссинабизе кIудияб къуват хIажалъула. Гьеб ккола пачалихъалъулаб кIваралъул иш. Гьелъие хIажалъула цIияв Владимир Ильич. Мун вуго, ГIабдуразакъ, гIадада дурго ботIрое гIакъуба кьолев чи. Дуда лъаларищ, букIана замана эбел-инсуца ясал цIализе ритIулареб, букIана замана мугIруздаса нилъ лъарагIлъиялде ахIулеб. БукIанищ – букIана. Гьанже хIажалъи буго доб мекъса ккун бугин, тIадруссаян ахIи базе. Амма гьеб букIине гьечIо.

ГIабдуразакъги лъугьана, ГIалидеги разилъичIого, дагьав хIалакун ракIгун, жиндирго пикру цIунизе. Гьес бохдул данде ракIарана ва, гьесун килищгун, хIалуцун босун хIухьелгун лъугьана.

– Гьеле гьедин ахIи базеха къваригIун бугеб! Гьедин ахIдезе къваригIун буго! Гьелде буго хIажалъи! Росдал гIумру, дун гьитIинав чи вукIараб мехалда данде, тIубанго хисун буго, росу гьанже, магIарулаз абухъе, свараб на

гIадин, буго. Чанго годекIан букIана росулъ. Гьениб гIодов чIезе чиясе бакI щолароан. Гьанже годекIаби кIочон руго. КъватIазда лъималазул рукIунаан черх лъадарулел, гIамал-хасият куцалел батIи-батIиял хIаял, расандаби. Умумуз нилъее тараб ирсил хутIараб жо гьечIо гьанже, цохIого цо мугIрул гурони. ЦIакъ пашманаб хIал буго…

– Иш гьелъулъги гуро бугеб, ГIабдуразакъ, гIумру кIванагIан берцинго, кIванагIан бигьаго гьабизе бокьула чиясе. Гьеб бичIчIулеб жо буго…

ГIабдуразакъица рокьукъго квер гьесана:

– Мун чIа! Мун чIа! Дуца дие жаваб кье: кин гьабулеб гьеб бигьагоги берцингоги гIумру? Нилъер гIадамазул кинаб бетIербахъиха шагьаразда бугеб? ЦIакъабищ гьеб бугеб?

– БатIи-батIияб.

– Кинаб «батIи-батIияб»?

– БатIи-батIиябха.

– Дуца бицеха!

– Руччабаз, масала, шагьаралда магьал раччизе кколаро, ГIабдуразакъ, хурзал рухьизе-чIаразе кколаро…

– МагIарухъги бегьула захIмат бигьалъизабизе. ДагьабгIаги хIалтIиги гьабичIого къоги бихьичIого букIинищха! Черхалда рекъараб захIмат – гьеб нилъер сахлъиялъеги хIажалъула.

ГIали гIенеккун хутIана, кинабали пикру ботIролъе бачIараб гIадин.

– ЛъикI бугоха, ГIали, масала, мун вахъана шагьаралде. Гурищ?

– Уха.

– Нужеца, дуцаги дур лъадуцаги, кин гъоба гьабизе бугеб бетIербахъи? Сундаса байбихьизе бугеб?

– Цогидаз гIадин.

– Цогияз гIадин! Гъоре щвейгун ахIвал-хIалалъ малълъиларищха!

Гьеб хабар чIалгIанин абулеб магIнаялда, ГIабдуразакъица, тIотIоде гIадин, квер хьвагIана ва, дихъги валагьун, абуна:

– Ургъизе ГIалие заманги букIине кьижизе рилълъа.

ГIалиги валагьана дихъ.

– Гьоболасда гьикъизе бугоха? – ян абуна гьес.

– Гьоболас чIоло къайилан буго аби. Нужеда лъикI бихьараб гьабе, – ян абуна дица.

Нижер хабарищ рагIарабали ГIабдуразакъил лъадуца лъазабуна:

– ГIабдуразакъ, регизе бакI хIадурун буго.

ГIали разилъичIо:

– Цо сордоялъ кьижичIониги ккезе жо щиб бугеб?

– Расги букIинаро, – ян тIад рекъезабуна дица.

– Доб дагьа-дагьаб жо гьабулеб мех лъикIаб мех букIана. Лъаларо гьелъулгун нилъер мухбирасул гьоркьоблъи кинаб бугебали? – янги абун, ГIабдуразакъ дихъ валагьана, цинги ГIалида абуна: – Дуцаги танаха, ГIали?

– Тана, тунги лъикI ккана малгIун. КIиго соналъ цеве МахIачхъалаялде ун вукIана цо лъикIав гьудуласул берталъе. Гьениса бакъанида нахъе арав дида, кепалда вугев чиясда, ракIалде ккараб куц бугоха цеего лъалей цо гIаданалъухъе ваккун лъикIилан. Рокъой гьейги ятичIого, гьелъул гьениб рагъида букIараб наралда тIад вегун чIеларищ дун, кватIичIого ячIиней ятилин гьеян хьулалъ. Кьижун ккарав дун… ВорчIана – буго къаси заман. Диде

тIаде къулун руго полициялъулавги лъаларей гIаданги. Вачана полициялде. Босана сорав: щив чи? Кин ккарав чияр бакIалде? Ва гь.ц. Дица бицана. Гьей дур гьудулила, бичун минагун, Хасаюрталде гочаралдаса кIиго сон бугин бица гьей гIаданалъ ва дун полициялъ, гIемер гIакъуба кьечIого, нахъе виччана. Амма аслияб жо гьеб гуро букIараб. Дихъ букIана «собачка» – барсетка. Гьеб щвечIо кодобе: жинда бихьичIин – лъаларин гьей гIаданалъ абуна, жинда бихьичIин–лъаларин полициялъулас абуна. Барсеткани щиб – гьелда жаниб букIана васасе компьютер босизейин, лъадуе хьитал росизейин, чияе налъуе кьезейин 87000 гъурущ. Налъуда тIаде налъиги гьабун васасе компьютерги босун, бацIцIунаго кIалгун, вилълъана эхеде. Гьелдаса нахъе гьекъолеб жоялъулгун къо лъикI гьабуна.

ГIали велъанхъана.

– Гьеб малгIун теялъе цо-цо сабаб тIамулаха Аллагьас, – ан абуна ГIабдуразакъица.

– Гьеб хIажатаб бакIги чанги ккола, – ян абуна дица.

– Дуца гьекъолеб батила, мун гIемерал гIадамалгун дандчIвалев чи вугелъул? – ан гьикъана ГIабдуразакъица, нахъеги дихъги валагьун.

– Дирни ккана тIубанго батIияб гIилла. ТIоцеесей лъадигун вугеб заман букIана. Унеб соналъул ахирисеб къоялда хIалтIудаса рокъове щвана хъизан-лъималгун, рохалилаб ахIвал-хIалалда гIодор чIелин, мадугьалги лъадул вацасул хъизанги ахIилилан хиялгун. Рокъове лъугьун вахъиналде, согIго дихъги ялагьун, лъадуца абуна:

– Гьанжеги духиялъул махIитIа восун вуго! Щийгун вукIарав?

– Щийгун дун вукIинев хIалтIудаса вачIунев чи, – ян берцинго жаваб кьуна дица.

– Гьедин абула дуца кидаго! Дидаса бахун батила дуде гьеб махI?! – ан къокъидго хъачIго кIалъазе лъугьана лъади.

Кваназе къасдалда богорокъове унев вукIарав чи дун, тIадги вуссун, лъималазухъехун ана. Гьезда цеве чIана ва эбелалъ кидаго гьабулеб гIилла-кьучI гьечIеб дагIба лъугIизабизе гьез хIаракат бахъуларогоян гьезда ццинги бахъун, ракIги хун, дица абуна:

– Лъимал, сунтIе, махI бачунеб гьойца гIадин, сунтIе кинаб махI дида бугояли! Цо къоялда хъалиялъул махI бугилан, цоги къоялда духиялъул махI бугилан, лъабабилеб къоялда ясазул махI бугилан нужер эбелалъул дагIба дида чIалгIун буго. Нужеца щай эбелалда рагIи абулареб?

Лъимал цIоро-гьорон дихъ ралагьун чIана.

– Бокьуларогоха! – ян ахIдана лъади, дида хадуйги ячIун, тенкезабулаго гьаваялда килищгун. – Гьерсал рицине ругьун гьаре лъимал! Дудаго релълъинаре! – Щибаб лъимадул каранда тунк-тункана килищ. – ХIалбихье цо, хъахIбабазул махIалги росун вачIунев гьав хъахIба цIунизе!

Лъимал эбелалдаса рухI ун хIинкъулаан, амма анцIила ичIго сон барав васасул бахIарчилъи гIуна дир костюмалъул къвалалда махI сунтIизе.

– ГьечIо гурищ, эбел, кинабгIаги махI, – ан абуна гьес, эбелалъул бадивеги валагьун.

– Гьойца кквегиха мун! Гьерсихъан! ГьечIебищха! ГьечIебищха! – ян хьирхъидана гьей васасде, чIваркьун гьведул гIадал багIарал бералгун, гьесаризабун чIужугIаданалъулалда релълъинчIеб: бицатаб, къокъаб, согIаб килищгун.

Вас, тIун кьергун, сородилаго, яцалъухъги вацасухъги валагьун хутIана.

– Маршруткаялда жанибги бахине бегьула махI, – ан вац цIунизе гIадин, жиндирго пикру загьир гьабуна ясалъ, таваккаллъиго гьечIого, паркъезарулаго бералгун, гIодоеги къулун.

Гьурмалъ хъат ясалдаги кьабун, цееги къулун, рукъ гьаргьадуледухъ, дванкиялда чIахIиял галабиги тIамун, ана лъади. МагIида бан букIараб дир курткаги босун ячIана ва гьеб ясалъул гьурмада тенкезабуна:

– Гьалда сунтIе! Гьалда сунтIе!

– Гьеб щиб дуца лъималазе кьолеб гIакъуба, – ян абуна дица гIодовеги виччан, къурчIун ццингун. – Дурго гIамалалда тIад ургъизе мех щун буго дуе. Гьаб авалалда гьечIо дуда кIалъалев, дудехун лъикI вукIунев чи. «Рыжая Пантераян» гIадамаз гIилла гьечIого гуро дуде ахIулеб.

Валлагь, гьеб мехалда, гIакълу босана лъадудаса. Кирехун регьилелали, щиб дида речIчIилебали – кьабилебали лъаларого, хапелаго квералгун, ккезе чанги щвечIого, гьелда хадуб бекерун свакараб гъапланалъ гIадин, хIалуцун цIалаго хIухьелгун, гIодоб речIчIараб най гIадин, сверана рокъой. Ахирги гьелъ хапана тIахьазул шкафалда тIад букIараб, гьудулзабаз гьелъие кьураб берцинаб чинидул ритIучI. Бахъанаха сас! Рокъоб, пири пирхараб гIадин, щущана гъурараб цIерги чиниги. Лъималазул гьаркьал рахъана, дун, гьакIкIан кIалгун, гьалгъан хутIана; малгIунин абуни – Рыжая Пантера, – дида ккун букIана гьей, гIодойги чIун, гIодилилан. Киса! ЛахIзаталъ лъалхъунги хутIун, дида тIад речIчIана гьей, заруца дир бетIер бухизе лъугьана, лъималаз нахъе ячинегIан. ТIубан рекIел кеп хварав дица чанго минут бана щиб гьабилебали лъаларого. Гьесун вукIана къватIиве инеян. ГIакълу цебе ккана. Дица хIисаб гьабуна, гьанже къватIиве ани, берцинго рокъове вуссин щакаб бугилан. Гьекъезе гьираги букIинчIо. Гьединаб ахIвал-хIалалда вукIарав дун, цояб рокъовеги ун, вегана.

Чанго минуталдасан, дида рагIана лъадуца полициялде ахIулеб.

– Мехтизеги мехтун росас рокъоб кинабго жо гъурулеб буго, чIвалел руго, чIвалел руго! – ан лъазабуна гьелъ.

– Эбел, гьедин бегьилищ? Инсуца щибниги гьабичIо гурищ? – ан абуна кIудияв васас.

– ВуцIцIа! – ян ахIана Рыжая Пантераялъ. – Нужеда гьикъулеб гьечIо! ХIал бихьея цо!..

Полициялъул отделение гIагардаго букIиндал, гьелъул «кумек» тIаде щвезе кватIичIо.

– Кив вугев мехтарав чи? – ян рагIана гьикъулеб.

– Гьадале гьадава, гьве гIадин, мехтун гIебеде рехун вуго, – ян рагIана лъадул жаваб.

Дандеги вахъун, дица гьезул кверал росана.

– Дун ккола гьев.

– Гьале, вагъилаго гьес гъурана, – лъадуца бихьизабуна рокъоб щущараб цIерги чиниги. – ЦIарагIалъул цIураб дир сервант гъурана гьес! ЧIвалел, хъолел руго!..

КIиялго рачана полициялде, битIахъе начальникасул заместителасухъе.

– Щиб нужер ккараб? – ан гьикъана дида начальникасул заместителас.

– Дица бицаралда нуж божизе гьечIо, лъол лъимал тIамизе ккола щиб ккарабали бицине, – ян абуна дица.

Ниж гьенире рачараб тIоцебесеб нух гурелъул букIараб, нижги нижер «гIадлу гьечIеб хъизаналъулги» ахIвал-хIал полициялъулазда лъикI лъалаан, начальникасул заместителас, нижехъги валагьун, «нужеда гьабилеб жо лъаларо дидаян» абулеб гIадин, бетIер хьвагIезабуна ва, «гьал дихъе щай рачаралин» гьикъулеб гIадин, жидерго хIалтIухъанасухъги валагьана.

– Рилълъа, нужерго рокъоре а! – ян абуна, гьесун бетIергун, гьес.

– Нужеца ав щай виччалев, ниж чIвазейищ? Цо сордоялъгIаги гьанив чIезаве, – ян тIирун чIана Рыжая Пантера.

– ЩибгIаги гIайиб гьечIев чи? Мун ккола гьаний чIезайизе, битIараб гьабуни, – ян абуна заместителас.

– Унго, гьедигIанго квешай йикIунейищха чIужугIадан? – ан, божел гIоларого гьикъана ГIалица.

ГIабдуразакъ гIенеккун чIана. Гьесухъги ралагьун нижги чIана гIенеккун, гьесулги хъизаналъулги букIараб пашманаб ахIвал-хIалги цебе чIун, гьанжего гьанже гьесул ракI гIодоцинабулеб рагIи кинабдайин абилаян ургъулел гIадин.

Цеве кIалъана ГIали.

– Цо буго дида бичIчIулареб жо, лъиданиги жаваб кьезе кIолареб, – ан абуна гьес.

– Гьа?

– Нилъеца лъади ячуна гIемерал ясазда гьоркьоса йищун, цогияздаса лъикIайин, берцинайин, нилъее данде кколейин хIисабги гьабун; ячуна нилъерго рокъое, нилъер хъизаналда гьоркьое. Эбел-инсудаги вацазда-яцаздаги бицунареб гьелда бицуна; гьей еэдула, гьелъул хIурмат гьабула, рукъалъул тIолабго кверщел гьелъухъе кьола, жиндие бокьараб жо гьабичIогоги гьей чIоларо… Гьанже бачIуна суал: кин гьелда кIолеб, кин гьелъул намусалъ къабул гьабулеб росасда данде кIалъазе, гьевгун дагIбадизе? – ГIали рахIатхун, ццин бахъун, гьаракь борхун лъугьана кIалъазе, гьеб гIадатияб суалалъ тIолабго гIумруялъ гьесие рахIат толеб букIинчIеб гIадин. – Дир рокъоеги ячIун, диде ахIдола, малъараб гьабуларо, гьикъараб бицунаро ва цо-цоялин абуни жеги хъахIбадги хьвадула! Нилъер рокъорги рукIун, нилъер квинги кванан! ХIикмат гьечIищ?!

ЛъикI хIухьел ккун, гIенеккунги чIун, хадубги ГIалица, кьвагьараб гIадин, абуна:

– Нилъеца лъабго рагIи абуни, жиндирго эбел-инсул рокъое ине кколеблъиги лъалаго!

Дун гIенеккун чIана. ГIабдуразакъ велъанхъана. Цинги гьес абуна:

– Демагог вуго, ГIали, мун – демагог. Гьедин букIана аза-азар соназ, гьедин букIинеги буго. Нилъеда лъала гурищ – историялъ бицуна – тIалъиялъе гIологи, бечелъиялъе гIологи, вокьулесе гIологи, россаб чIварал, загъру кьун, гьел хвезарурал бечедал чагIазулги ханзабазулги руччабазул хIакъалъулъ къисаби. Руччаби руго руччаби – щайтIаби. АхIмакъал хIайванал, амма, гьебго заманалда, дуцаго абухъе, ломорал, бергьарал, сихIирал. КIал квешай лъади, гьудул ГIали – гьей ккола тIаса ин гьечIеб балагь. ЧIужугIаданалъул

гIакълу гурдил квенчIелалда букIунин абула. Амма киналго руччаби гьединал рукIунинги абизе бегьиларо. ЦIакъ лъикIа-лъикIал, гIакъилалги рукIуна гьел. Аварагасул хIадис буго Аллагьасе гьабулеб хъулухъалдасаги чIужугIаданалъе цебесеб бугила росасе гьабулеб хъулухъилан.

– Зодихъ бугеб моцIгIанги даимаб къиса, – ян абуна гIодобе биччараб гьаркьидалъун, щибали гьабизе букIараб хIукмуялдаса инкар гьабун, кверал рорхарал гIадин, ГIалица.

ГIабдуразакъ цин гьесухъ, цинги дихъ валагьана, ва гьес абуна:

– Гьанже, гIолохъаби, метер къоги нилъехъ бугелъул, радал ратулел бакIазда бутIрул лъезин. – Махсара хIисабалда, хадубги рекIинабуна: – Дир лъадудаги гурхIизе ккеларищ. – Велъанхъана.

Ниж гьесде разилъана.

## ЦIИЛЪАРАБ ГIУМРУ

Нахъисеб къоялда ниж рорчIана, жеги мухIканго абуни, ГIабдуразакъица рорчIизаруна радалго. Дида, макьилъ гIадин, рагIана лъимадул гIадаб гьаракь, дида гьедин ккун батизеги бегьула:

– Гвардия!

Бералго рагьилалде гIенеккана рагIанадай дида гьеб гIадатияб гуреб рагIи, яги макьилъдай букIанаян.

– Подъ-е-ем!

Дун макьидасанго эхеде ворхана. Рагьараб цояб гордухъан лъаббокIонаб бакъ жаниб рещтIараб гвангъараб гIатIидаб рукъалъул бакьулъ, хъахIилаб кьералъул спорталъулаб ретIелги ретIун, эхетун вуго гьимулев хважаин. Гьесие саламги кьун, дица хъваштIан ретIел ретIана.

– Гьав педагог вахъунаревищ? – ан абуна, юргъаналда гъоркьан варщадав къватIиве ваккун вугев ГIалихъги валагьун, ГIабдуразакъица.

ГIали, вахъинарин лъазабулеб гIадин, рукъалъул бецIаб рахъалдехун сверана ва, лъимер гIадин, гъулгъудана:

– Къасиги риччачIо кьижизе – гьанжеги толел гьечIо…

Гордухъан рокъобе бакъул меседилал чIоралгун цадахъ чвахулеб тIугьдузулги, хурдузулги, гъутIбузулги махIазда босараб, дагьабго черхалда хIенсолебан кколеб роцIцIараб, бацIцIадаб гьогьеналъ дидаса макьу, пархун араб гIадин, тIагIинабуна ва дир чорхолъе рещтIана тIадагьлъиги, чIаголъиги, жанги ва векеризе яги щиб бугониги гьабизе къасдги.

Дун гордухъа къватIиве ваккана. Дида цебе тIибитIана кьер-кьерал лъугьараб гьайбатаб тIабигIаталъул сверухълъи, рагIана хIанчIазул бакънал, дие салам кьолеб гIадин, ахIдолеб тIинчIхIелкил къокъаб къвараб гIигIи.

– Лазат! – ан абуна дица, жанивехунги вуссинчIого.

– Нижер гьаниб гьаб гIужалда – щайтIаналъул иш батила – батIаго гьуинаб букIуна макьу, амма гьадинаб радалго заман кьижун тIамиги – гьеб такъсирчилъи букIинарищха! – ян абуна ГIабдуразакъица.

– Гьав вахъунаревищ? – ан гьикъана дица, ГIалихъги валагьун.

Гьев, гьеб мехалда рахъ-рахъалде рукьабиги ритIун, лазаталда, нартасулаб макьид восун вукIана.

ГIабдуразакъица гьесда тIаса юргъан туркI-туркIана.

ГIалица чIаго вукIин загьир гьабидал, ГIабдуразакъица эхебегIан цIана юргъан.

– Педагог, классалде цIумур кьабулеб буго!

Балагьараб мехалда, педагог гьеб хъизаналъухъе къанагIат щолев чи гурев-лъи бихьулеб букIана. Дир пикру тасдикъ гьабулеб гIадин, ГIабдуразакъица абуна:

– Гьев гьедин вукIунин, нилъго рилълъа.

ТIогьилкьераб къвакIараб цIулал чIедераб берцинаб болъодухъа гъоркье, тIоцебесеб тIалаялдеги лъугьун, гьенисан ниж рещтIана азбаралъуре.

– Чай гьекъелалде, макьу тIуриялъе, гьурмада лъим бахъани, беццараб букIина, – ян абуна ГIабдуразакъица. Гьес бихьизабуна, гIодоб гамачIги ккураб, рагъи гIадаб бакIа-бахарараб тIокъо. Гьениб бугоан, аскIоб матIуги бараб, кверал чурулеб бакIги хIажатханаги. Гьанибго мухIкан гьабизе ккола: гьелго рацIцIа-ракъалъиялъул бакIал рукIана тIоцебесеб тIалаялдаги.

Дица хал гьабуна азбаралъул. Азбарин ГIабдуразакъица абуниги, гьеб бугоан сверун тIадагьаб мугIрул гьогьеналъухъе звенгъолел махил гъутIбузги сверун къараб, лъедерал тIугьдулги гьоркьор ругеб бегIерхарил гьайбатаб бай-дан. Добехун бугоан щуго-анлъго хIайваналъе гIадаб ручун. Гьенир рихьулеб бакIалда рукIана кIиго гIакаги ункъо-щуго моцI бараб гIадаб бечеги.

Кодоб ккун бугеб гIурччинаб полотенцеги битIун, ГIабдуразакъица абу-на:

– Рада-радал гIицIал хIатIалгун, ниж свердола, кIанцIола гьагъара. Харица тIолабго чорхоего лазат гьабула, щубалъ хIатIал чурула, рекIелъе аваданлъи рещтIинабула.

Бихьулеб букIана жиндирго росдал тIабигIияб бечелъиги шагьаралда данде магIарухълъиялъул тIокIлъиги беццун ГIабдуразакъил хIал хьолеб гьечIолъи. Амма гьес битIараб гуреб жо абулеб букIинчIо.

Гьес полотенцегун квер гьесана:

– Рилълъа! Цо-цо стакан чайдул гьекъезе.

Цеве-цеве гьев, гьесда хадув дун кIиабилеб тIалаялде рахана.

Добго сахаватаб столалда тIад нижехъ балагьун бугоан пихъ, гьоцIо, ах-базаналъул бекараб пурчIун, хинал пряникал ва кофеялъул цIорол банка.

Рохьосаги ахикьаги рагIулел рукIана хIанчIазул гьайбатал бакънал.

Ниж гьенир гIодор чIун рахъиналда данде, чайдул сервизги босун Хади-жат – гьумерги квералги тун, нахъияб черх бахчараб, тIадагьаб чараб ретIел ретIарай, кIикьоялда анцIго сонил гIадаб гIумруялъул, гьоркьохъеб цIураб черхалъул микки гIадай гIадан.

Дун тIаде вахъана.

– Вай, вахъунге! – ян абуна гьелъ магIарул мацIалда.– Кин кьижарав?

Саламги кьун, дагьайго гьимизеги гьимун, гьелъ чайдул цIарагI бугеб раса столалъул рагIалда лъуна ва нижее кIиязего чай тIолаго абуна:

– Гьоболасе, ГIабдуразакъ, гьаб нилъераб рекIее гIоларого батизеги бе-гьула...

Гьев дихъ валагьана.

– БокьичIони, кофеги бугелъулха, – ян абуна ГIабдуразакъица.

– Диени нужер гьаниб бугеб хваразда рухI лъолеб гIадаб гьаб гьава буго-ниги гIелаан, – ан абуна дица. – Амма, чай кьолеб бугони, цIакъ бакьина.

– Ругъумабго бокьулелги рукIуна, – ян абуна гьелъ, гурдил къвалазда жанир квералги къазарун, яхъунги чIун. – Дица гьасда абулеб букIана нуж гьадигIан хехго рахъинаругеян, къаси кьижизеги риччачIо гьас нуж.

Гьелъул каламалъулъ дида бихьана гIурусазул руччабазе хасиятаб тIабигIияб ракIрагьиги эркенлъиги. Гьеб хасияталъе берцинлъи кьолеб букIана магIарулазе хасиятаб ва, гьезда гьоркьое ккедал, гьездаса щвараб гьоболасде букIунеб адаб-хIурматалъ.

ВачIана ГIалиги. Гьев аваданго, тIадагьго вугоан. РакIалде кколеб букIана гванзаб махI бугин гьесдасаян.

– ВачIа, вачIа! – ГIабдуразакъ, ГIалие гIодов чIезе бакI букIаниги, тIаде вахъана.

ГIали хехго гIодов чIана.

– Гьаб чайдул рецепт кьезе ккела, Хадижат, – ан абуна ГIалица кванан хадубги гьелда.

– Щай кьолареб, – ан абуна гьелъ, хIеренго елъизеги елъун. – Амма дурго гьудул Заремада лъикI лъала гьеб. Гьадаве къватIивехунги ун, цебе ккараб тIегь-хер бетIе – гьеле дуе рецепт.

Ниж релъанхъана.

– Дица махсара гьабулеб гьечIо, гьаниб жибго ракьгицин даруяб буго, – ян абуна Хадижатица. – Баракатаб дуниял!

Дида ракIалде щвана гьитIинаб мехалда, носоца квер къотIаниги, цIороца хIетIе къотIаниги, гIодоб чIван, хIатIил килщидаса малъ тIаса аниги, би къотIизе ва инсуда лъачIого букIине, дица ругънада тIад хIарараб ракь тIупулеб букIараб. Ва, цоги кинабгIаги даруги гьабичIого, лъилъулаан саламатаб ругъун.

КIиго кружкаги гьекъон, ГIалица абуна:

– Цо-цоги гьекъон лъикI гурищ?

– Бегьуларо, гIолохъаби! Нужеца бицине буго ГIабдуразакъицаги гьесул лъадуцаги радалго чайдул чахьал цIезарунин, гIемерал кваначIого рукIинеян.

Хадубго гьес абуна:

– Гьанже нилъ рилълъина, чахьал гIодоре ккеялъе тира-сверизе, нужедаго дунялалъул берцинлъи бихьизе.

ГIабдуразакъица ниж рачана минаялда аскIобго бугеб ахикье ва бахчаялде. Нижеда хадув гьениве шоферги вачIана.

Сверухълъи букIана гьанжего гьанже рещтIараб радалисеб бацIцIадаб, гвангъараб бакъуца лъалъан. Ахикь бецI-гIурччинал чIахIиял, бакIал тIанхазда гьоркьосан бакъуе кенчIолел рукIана ЦIияб соналъул елкаялда рарал дахIабиян кколел дагьабго хутIараб микьирги ахбазанги; тIогьиллъи рехараб генулги, кIаркьен багIараб ва гIурччинаб гIечулги, кокомалъулги гьутIби жеги лъикIаланго бечедго ругоан, ва жеги кокомалъулги гIечулги гьутIбузул гIаркьелазда гьоркь чIварал тIилал рахъун гьечIоан.

– Баракатаб ракь буго, Халид, нижер, – ан абуна цеве-цеве вукIарав ГIабдуразакъица, лъалхъизеги лъалхъун, нахъеги. – Кинаб бокьаниги пихьги бижула, гIицIго цIибил барщине кIоларо. гьаниб бижулареб хIалухъинги гьечIо. ГIолохъаби рачIуна гьанире хIохьбахъи гьабизе, гIагарлъиялъул чагIиги рачIуна. Нижецаги алда щибха гьабилеб? Гьалдаса хайиралъе пайда

босулел чагIиги ниж гуро. Амма Хадижат йохун йикIуна гIадамазе кумек гьабизе рес бугилан, шагьаралдайила жий капураб гьой гIадин йикIанила, гIумруялъул щибгIаги магIнаги гьечIого.

Буччараб тIибитIараб ахбазаналъул гъотIода гъоркь бугоан халатаб столги гьелъул кIиябго рахъалада скамейкабиги.

– Гьаб лъуна гьас рокъоре лъугьине бокьичIел гIадамазе. Жидерго бакIалде гIадин рачIун, кванан пихъгунги, уна, гьаздагицин кIалъачIого унелги ккола, – ян бицана ГIалица. – Гьанив щивгIаги вукIин лъанани, Хадижатица кофе-чай – гьебги бачIуна босун.

ГIаркьелазда гъоркь тIилги чIвараб чIахIияб гIурччинаб гIечул гъотIода аскIоре щолеб мехалда, гьелде кверги битIун, ГIабдуразакъица абуна:

– ХаслихъегIеч. ЦIорой ккезегIанги хутIула. Исана сон пихъилаб бачIана, сахаватаб. Дир гьанибни пихъ кидаго лъикI бижула. Гьелъие нилъеца гьабулеб хъулухъалда бараб жоги букIунеб батила. Мун божа, Халид, мех-мехалда ракIалде ккола гьал гъутIби, овощал, тIугьдул нилъеда кIалъалелгицин ругилан, хасго овощал.

Хьопол гъариги рагьун, ГIабдуразакъица ниж рачана бахчаялде. ГIалиги шоферги жанире лъугьинчIо, дун ГIабдуразакъида хадув ана, амма инчIониги бихьулеб букIана хъулухъ гьабураб, мухъал гьарун, чанго бутIаялде къотI-къотIараб беричаб алжаналъул цо бутIа.

«Гьале доб коммунизм, – ан ракIалде ккана дида. – ГIажаибал гIадамал».

Бахча букIана жанир квалквадизе гъира кколеб, махщел бугел квераз, унго-унгояб хважаинасулаб рокьигун, хъулухъ гьабураб. Овощазул гирляндазул мохъазда гъоркьосан унелъул, ГIабдуразакъица тIуна «гьале дун!» «гьале дун!» – ан ахIдолел помидоразда гъоркьоса цояб ва, чIинтIизеги биччачIого, хIисабалда кIийиде бичIана гьеб. Бащдаб дихъе кьуна.

– Нолъ нужеца кIвар кьурабищ гьалдеяли лъаларо, – ян абуна гьес, жиндихъго тараб помидоралъул башадаб дида цебеги ккун, – цохIо хал гьабе дуца: багIараб икра гIадин, кенчIолеб бугеб куцалъухъ. Цо гьоло гIанабцин хъахIлъи бугищха? ТIагIам бихье, – жиндихъго бугелъул бащдаб хIанчIана ва чIамулаго абуна: – ХIанчIун цо тIагIамалъухъ гIенекке – гьаб чуризе кколарин. Щибаб къойил бакъанида лъалъалелъулха. ТIагIамалъухъ гIенекке! БитIахъе гьоцIоха. ХIеренлъиги бихьуларищ баркаманалъул? ХIеренлъи! Доб Совет хIукуматалъул заманалда букIунаан гьадинаб помидор. Гьанже гъоба, шагьаралда, кваназе бегьулеб помидор гьечIо – синулищ яги хьвацIилища-ли лъалареб букIуна. Медленнодействующий яд. Гьаниб бичулеб букIуна гъобасаги бачIун. Хвезабун буго помидор. Гьалде ругьунлъаралдаса гьаб ах-бахча тезе кIолеб гьечIо, амма нижееги, кIиго чиясе, щибха къваригIинеб. ГIемер гIадада хола, рес кара-ккарасе кьола. Консервал гьарула лъадуца, солит гьарула, ххенола – цинги лъагIелалъго гьел рикьулей йикIуна; жиндаса щибилаха тIокIабги гIадамазе щвелеб, ТIадегIанас нилъее кьолеб бугила нилъецаги кьезелъунилан абула гьелъ. Щибаб къойил рада-радал, гьанив тира-сверулелъул, гьанив гIодовги чIун, яги лъоб гохIдеги вахун, сверухъе тIабигIаталъул хал гьабулелъул, дица лъадуе баркала кьола гьагъаб хIалуцараб, хIалкъараб, чорокаб, гIадлу-низаб гуреб, газалъулги кIкIуйдулги цIураб шагьаралдаса вачун, дун гьаб алжаналда лъуралъухъ.

Бахчаялъуса къватIире лъугьингун, ГIабдуразакъица, километралъ гIадин рикIкIада бакълъуде кверги битIун, абуна:

– Лъол болъохарал мохъал рихьулищ дуда? Лъоба букIана заз-хъарахъ гурони бижулареб ганчIилги цIураб бакълъи. Колхозалъ лъора гьаруна магълъал. ЦIоросаролъ бекьулаан гьениб. Рехун тун руго. Школалъул директорас гIемераб гьарана колхозалъул председателасда цIалдохъабазухъе кьейин гьалъал магълъал хъулухъ гьабизеян. Доб мехалда цIалдохъабазул хIалтIул бригадаби рукIиндалха. КьечIо. Гьезухъе кьезе ракь гьечIиланги абун. Дида гьанже цIакъ гIантго бихьулеб буго, гIадамал цадахъ рахъун, шагьаралде ин, суррогатал кваназе. Хасго къватIисел пачалихъазда гьарурал. ГIантлъун руго нилъер гIадамал, гIантлъун

ГIали велъанхъана.

– ГIабдуразакъ, дуца бицунеб жо щиб? Гьанже, гьудул, гьел кир рижаралали, кин гIезаруралали, сунтIа гIезаруралали лъаларел кванил нигIматалги, овощалги, пихъги – гьел гурищ росабалъги кваналел ругелго. Зараза хехго тIибитIула.

– Гьелъул гурищха дица бицунеб бугеб. – Борхун гьаракьгун, хIалакунги лъугьун абуна ГIабдуразакъица. – Дагьал дорегIан кIигоясулги руго гьанже нахъа гьарурал пастIабиги, ахалги, наялги. Нижедаса мисалги босун гьаруна гьез гьел. Гьениса щвараб пихъги, овощалги, гьоцIоги ричун, кигIанги лъикIаб гIумруги гьабун руго. КирегIаги инчIого, гьаб бакIалда росдал гIадамазе ричула. Дие баркала кьолел рукIуна дуца кантIизарунила жал хIалтIизеги гIумру гьабизегиян. КантIизари щиб, нилъер бищун къиматаб хазиналъун гурищ ракь букIараб. Ункъо чиясул боцIул фермаги буго.

ГIалицаги тIаде жубана:

Нижеда гъоркьехун цIалтарал кIоркIонодул гъутIбузулъ бакънал рачунеб букIана кинабали лъалареб хIинчI.

– Гъоб халатаб мина гьечIищ тIад гIурччинаб махх ккураб? – ан абуна ГIабдуразакъица, цебе лъун бихьулеб росдахъги валагьун, – Гьолда битIун тIаса буго дир мина. ЖаниблъиялдабукIиналъ, рагIал гурони бихьулеб гьечIо. Гъоркь кIиго бокьги буго, тIад лъабго рукъги.

ГIабдуразакъил росу буго кIудияб мегIералъул бакьулъ, расалъуда, рагьараб тIехь гIадин. Росдада тIаса буго батIи-батIиял гъутIбузул рохь, гъоркьехун – чол тIикъва гIадин, гурараб борхатаб кьуру, бакъ баккул ва бакътIерхьул рахъазда – росулъе рачIунел нухал ва гьезул кIиябго рахъалда рокклой хутIарал хурзал. Цоязда тIад цоял гIадин, гъуркъун рарал минабазул росдада сверухъе, гор тIамураб киниги, ран ругоан, цере азбар-бахча бугел берцинго бекIкIараб ганчIица яги кирпичалъ рарал минаби. РакIалде кколеб букIана гьел минаби гьединан, росу берцинлъиялъе, ургъунго рарал ратилилан.

– Берцинаб кIудияб росу буго нужер, ГIабдуразакъ, – ан, дирго пикру загьир гьабун, абуна дица, лъикIалан гIенеккунги хутIун.

– БукIана – гьанже гьечIо. ЧIобоголъун буго. Гьелдасаги квеш ккараб жо буго умумузул гIадаталги, магIарул гIамал-хасиятги, мацIги, шагьаралде гочунелъул, нухда билулеб букIин, – ян нахъеги жиндирго рахIат хвараб пикру загьир гьабуна ГIабдуразакъица. – Гьеб батIаго цIакъ бихьизе лъугьана дида гьанже, цIидасан росулъе тIадвуссингун. Шагьаралъул гIала-гъважаялъулъ вилулев, тIерхьунев вуго магIарухъа чи, ватIа гьавизе лъалев гьечIо сундалъунгIаги. Лъаларо, гьеб лъикIищ – квешищали. Хасго руччаби…

– Гьаб гиригара бокьуларебищ нужее? – ян бахъана нахъасан ГІалил гьаракь.

ГІабдуразакъ нахъехун вуссана:

– Гьанир жеги гІемерал ратизе руго гІалхул пихъалги кванилал хурдулги: цІикІу, дингур, тІин, некь ва, гьацІуде хьул лъуни, жеги харилъ гозил бусабигицин.

– ГІабдуразакъ, – ан абуна ГІалица, – дуца гьав гьобол дудаго аскІове гьаниве цІалев ватизе гурин.

– Гьав вугин ккола дида, гІенеккунги чІун, я «у», я «гуро» абичІого, жиндиего бокьараб гьабун вукІунев тайпа, – ян абуна велъанхъилаго ГІабдуразакъица, дихъги валагьун.

– Дун гьединаб таваккалалъул чи гуро, – ян мукІурлъун абуна дица, – дун магІарухъе вахъунилан дидаса пайдаги асие букІинаро: гьав гьанив вукІина, дун дирго росулъ вукІина.

– Йохъ, – илан абуна ГІабдуразакъица, – цо гьечІони, нусгоги букІунаро, цо-цоккун гІола гІемерал.

– БичІчІичІо. Цоги районалда вукІине вугев гьесдаса дуеги диеги щиб пайда букІинеб? – ан гьикъана ГІалица.

– Метер хъизан-къайгун гьав вахъанани магІарухъе, дир гьудул ГІали, цо хъизаналъ – ункъо-щуго чияс – гьезул росу кІодолъизе буго, шагьаралде аразул цо процент тІадбуссунеб буго. Гьесдаса мисалги босун, гьасул гІумру хисараб куцги бихьун, цогидалги рачІине бегьула эхеде. Дуда лъалищ инсанасул хасият: цо-кІиго-лъабгояс гьабураб жо гьабизе лъугьуна, гьеб лъикІищ-квешищалицин хІисабги гьабичІого. ГІадамал къваригІун руго росабалъе тІадруссине, умумузул ракьал чІаголъизаризе, тІабигІаталъул гьайбатлъи бихьизе, гьелдаса лазат босизе ругьунлъизе.

Дагьалъ гІенеккунги чІун, хадубги ГІабдуразакъица абуна:

– Ниж гІадин чІечІого – ниж даран-базаралъул чагІи гурелъул – хайир кьоледухъ гьабизе ккола магІишат. Гьелъие чІахІиял ресал руго гьанже. Масала, боцІи гІезабизе бегьула. Гьугъува гъоркьа вуго цояв, – гьев ГІалихъ валагьана.– Гъов ГІалибегил бицунеб буго дица. – Гьосул буго гІанкІазул ферма. Хухал гІадал гІанкІал руго. ГІи-боцІуе гІадаб хьулухъ гьезие гьабизе кколаро. Росу хьезабун буго гІанкІазул гьанадалъун. ХІалтІи гІемер буго гьаниб. Дица, масала, гьоцІо бичула. Дица цохІого цо хайир гьабулеб жо буго гьеб. Дихъе рачІуна гІадамал гьелда хадур, жеги эхерехун ругелги. Гьезда лъала дир гьоцІо бацІцІадаб букІунеблъи. Гьелдалъунги буго дидасан гІадамазе пайда. ГІадамазе пайда гьаби – гьеб бугин чиясул гІумруялъул магІнаян рикІкІуна дица. Щивав чияс цо щиб бугониги жиндиегоги гІадамазеги пайдаяб жо гьабулеб бугони, гьев чияс киданиги квешлъи гьабизе гьечІо. ГІажаибаб жо, росулъа унел руго гьаниб хІалтІи гьечІилан. Шагьаралдайищ бугеб? Шагьаралдайин хІалтІиго гьечІеб. Киб бугеб гьеб хІалтІи? – Шагьаралдаги росдадаги гьоркьоб бугеб батІалъиялъул бицине байбихьаралдаса рахІатхун лъугьана ГІабдуразакъ; гьесулъа лъугІана доб гІодовиччайги, сабруги, рахІатги. Гьес эхере риччан рукІарал бохдул ракІарана, накаби кквераз ккуна. – Шагьаралда гьанже гІадамал рикьула ункъо тайпаялде: пачалихъалъул хъулухъалда ругел ханзабиги, бизнесменалин абулел цоцазул би цІцІузе киндайин щаелаян макьу тун ургъулел рукІунел чагІиги, гьезул лагъзалги ва хІалтІи гьечІелги.

ТIоцересел кIигоязул мурад цо буго – гIарац, чиновниказул иш – ришватчилъи; кIиабилезул – чияр гъийин кванай; лагъзал – бетIербахъиялъе кинаб щваниги хIалтIи гьабизе разиял; хIалтIи гьечIел – лагълъиялдеги разилъуларел. Бизнесменазул киназулго масъала цо букIуна: цоцазухъа гIарац бахъи, дуца дун гукки, дица мун гукки. ХъулухъчагIазулин абуни – цIогьоди. ЭхедегIанаб хъулухъалда вугев гIанасе къваригIуна цIикIкIун бикъизе. Нахъа ккараб ккун букIина – гьеле гьезул призив! Кинан гьабунги кигIан гIодорегIанлъунги, кигIан инжитлъунги. Гьаб нилъер улка, БетIер чIахъаяб Россия, ахирги щущан инилан ккола дида. Я гьитIинасда, я кIудиясда, кинабгIаги даражаялъул хъулухъчиясда гIарацги цIогьги гуреб жо лъалеб гьечIони, коррупциялъ гьанкъизабулеб бугони? КинабгIаги рангалъул чиновникасда кколеб буго жив хIалтIулеб бакI эбел-инсуца жиндие тараб жиндир бакI бугилан. Яги цIогьодизе тарав чи вугин живилан. Доб коммунистазул заманалда щивав чиясулъ бессун букIараб «все для народа, во имя Родины» абураб понятие ахIмакъаблъун рикIкIунеб буго гьанже. Гьедин бугеб мехалда, дица нужеда гьикъулеб буго: щибха гьелъул кколеб? Щивав чи цогиясда цеве налъулав вукIуна. Инсанасулаб, тIадегIанаб, хIурматияб налъул, намусалъул бицунеб буго дица. Нилъер гьанир, Дагъистаналда, цоял гIодулел руго, цоялал гьезухъги ралагьун релъанхъулел руго. Чиясулъа гIаданлъи лъугIи – гьеб ккола живго гIадан лъугIи. Гьеб мехалда щибха ккезе бугеб?

«Пикраби гьаризе заман букIунеб буго гьасул, – ан ракIалде ккана дида. – Росабалъ годекIабахъги букIуна гьабго хабар».

Дир пикру ритIухъ гьабизе гIадин, ГIабдуразакъицаги абуна:

– Нужеца хIисаб гьабунищ, чан губернатор, чан министр хIалтIудаса вахъулев вугевали цIогьодуниланги ришватал росуниланги? Щай гьединал хIужаби гIадатлъун лъугьун ругел? Щай?

Гьеб суалги кьун, ГIабдуразакъ гIенеккун чIана ва жиндир гIантал суалазе жаваб хIажалъарав гIадин, нижехъ валагьана ва жиндицаго жавабги кьуна:

– Оц хъуравги тун, чахъу хъурасе гьабула тамихI, хIалтIудаса рахъиялда къокълъизе тола гIумруялъго жанив тIамизе кколевав чи. ХIикматаб жо!

ГIали велъанхъана.

– Гьелъул ургъел гьабизе дуе щай? Нервабиги хвезарун? Гьелъул ургъел гьабизе тарал чагIи руго.

ГIабдуразакъ гIодоцинчIо.

– Гьелъулъ гурищха ишго бугеб – гьабулеб гьечIолъиялъулъ! Улкаялъул бищун кIудиябги тIадегIанабги Оборонаялъул министерствоялда гьабун буго дунялалда рагIараб ва инжитлъиялде ккараб махинация. Министр хъулухъалдаса вахъун тана,– мун киве валагьун вукIараванцин гьикъичIо.

ГIабдуразакъ, хIалуцунги лъугьун, данд хъаталги кьабун, велъанхъана. Велъанхъана жиндаго гьабизе кIолеб жоги гьечIого, чара къосиналъ, велъанхъана жиндирго тIадгоял пикрабазда тIад.

ГIалиги нахъеги велъанхъана. ГIабдуразакъ ццидаханагIан ГIалие кеп щолеб букIана. Гьев дихъ валагьана.

– Журналист, гьасда щибилан абилеб?

ГIабдуразакъица гьесде кIвар кьечIо. Рахъ-рахъалде битIун квергун, гьес хадубги абуна:

– Гьале. Гьаб нилъеда цебе бугеб тIолабго ракь, сверухълъи дир росдал ккола. Цо гьитIинабго хъитIида тIасан бугеб кьо тIуни, гьеб къачIачIого дир рекIее хIалхьи букIунаро…

ГІалица гьев гьоркьов къотІизавуна:

– Гьеб батІияб суал!..

– Никакой не «батІияб»!

Росулъ цебе рехун бихьулеб багІараб кІудияб мина школа батилин гьикъана дица.

Жаваб кьезе хІалакана ГІали:

– Школа!? – гьев нахъеги велъанхъана.

ГІабдуразакъица жаваб, гІажаибго гІодовеги виччан, кьуна:

– Бизнесменасул! ЦІияв магІаруласул. Москваялде-нахъе хьвадула. Турциялдеги унин зама-заманалдасанан абула. ГІумру гьабизе лъалев, ресалда вугев чи вуго.

– ЛъикІав чи вуго, – ян абуна ГІалица, ракІчІейго гьечІого гІадин.

– Гьесул лъикІлъи дида рагІичІо, жиндиего гІарац гьабулев вортанхъилев вукІин гурони. Дица рикІкІуна халкъалъе, пачалихъалъе цо кинаб бугониги пайда щвезе кколин чиясдасаян. Гьеб буго шартІ.

– Щиб, гьудул, ГІабдуразакъ, – ан абуна, сихІирго гьесухъги валагьун, ГІалица. – ПатхІудинил рагІула кІиго лъади: цояй нилъерай МахІачхъалаялда йигей, цоги Москваялдаги. КІиязулго – кІи-кІи лъимер. Гьеле дуе пайда!

ГІабдуразакъ нахъеги велъанхъана.

– Уха, гьебги пайдаяб хІалтІи гьечІищха!

– Ле, ГІабдуразакъ, – ан абуна ГІалица, ургъунго гІодоцинабун гьаракьгун, халат бахъинабун щибаб жугьагун, – мун дагьав гІодове виччан кІалъай. Гьанире рачІунел регІарал бездельниказухъ гІенеккун ругьунлъун вихьулин мун. Росдал годекІанир гІодорги чІун, бухІулаго хъалиянгун, улкаялъул чІахІиял суалал тІуразаризе цІакъ бигьаяб ишин. Мун саламатав чи гьезда релълъине бегьуларо.

ГьанжелъизегІан ГІабдуразакъил гІадатлъиялда ва, кигІан ритІухъал ругониги, гьесул пикрабазда тІад велъизеги бокьун, ккун чІун вукІарав дида, ахирги яхІ гьабизе кІвечІо.

– Кеп буго нужер, – ан абуна дица гьел кІиялго ритІаралги рукІун ва кІиязулго хабар, тІохде балеб цІадгІанги пайда гьечІеблъунги бихьун. Гьеб букІана кинаб росулъе щваниги, киса-кибего бицунеб, рагІулеб, кив кІиго чи данделъаниги чІамулеб цого сакъис – халкъалъул ракІ бецІцІулеб унти.

ГІабдуразакъ дихъ рокьукъго валагьана.

ГІалица нахъеги абуна:

– Дуца буцунебщинаб чІоргІан битІараб буго, дир вац ГІабдуразакъ, амма, амма гьабсагІаталда гьаниб гьеб къоги бихьун, лъие дуца гьеб бицунеб бугебали кІочон тоге. Гьеб жиндаго нилъедаса гІемерго лъикІ бихьулебги лъалебги жоялъухъ гІенеккизе гурелъулха гьав МахІачхъалаялдаса гьаниве гІунтІухъе вачІун вугев.

ГІабдуразакъ, разилъи гьечІого валагьана гъоркьа тІаде ГІалихъ.

– Щай? Гьас, хІакъикъаталдаги, цІакъ битІараб абулеб буго, – ян ГІабдуразакъида тІадрекъана дун, гьесул ракІ гІодоцинбизе мурадалда. – РекІелъ къараб пикру загьир гьабулев чи вуго гьав, тІокІаб гьабизе кІолеб жоги гьечІого.

ГІалиги, нижеда тІадехун, санагІатаб бакІалда гІодов чІана.

– Нилъедаго лъалеб жоялъухъ гІенеккизе кеп букІунаро, – ян абуна гьес.

– Шагьаралъул гIумру ва республикаялда бугеб ахIвал-хIал лъидасаго лъикI лъала нужеда, журналистазда.

– Гьедин абуге, ГIали, нижее цIакъ къиматаб букIуна гIадамазул пикру. БитIахъе бицани, заман ккечIогойищ яги щаяли лъаларо, дица пикру гьабун букIинчIо ГIабдуразакъица бицунелъул. Шагьар чорокаб бакI бугищин абуни – буго. Хасго гьанже, къоялдаса къоялде къотIносан ине хIинкъи бугеблъун лъугьун гьечIищха, цогидал рахIатхвеязул бицинчIониги, – ян абуна дица, ГIабдуразакъил ракIхвараб гIадинги бихьун.

ГIабдуразакъ хантIан тIаде вахъана. Гьес абуна:

– Рилълъа! Хадижат нилъехъ ялагьун ятизе йиго.

Унаго, заманалдасан, лъалхъизеги лъалхъун, гьес абуна:

– Гьеб кинабго бигьаяб жо, ТIад вугес нухда бачина гьеб. Дица пикру гьабула гьаб росдал. Гьаб чIваданалде свериялдаса буго хIинкъи.

– Гьебги буго, Халид, гьединабго тIабигIияб иш, – ан абуна, ургъелго гьечIого, ГIалица. – Причина и следствие. ГIемерал цивилизацияби ракьулъ тIерхьараб дунял буго гьаб. Дуда бихьуларищ, ГIабдуразакъ, гIурус мацI, гIурус гIадат, гIурус культура некIого бахун буго рорхатал, рикIкIадал мугIрузде. Кьавуялъ махх гIадин, дагь-дагькkун, гьелъ кваналеб буго нилъер миллиябщинаб. Бугищ гьедин? Буго! Масала, бокьаниги бокьичIониги, Дагъистаналъул шагьаразда ругел мажгитазда дибирзабаз вагIзаби гьарулел руго гIурус мацIалда. Чара щиб. Нилъее гIагараб, нилъерго гIадатаздеги, нилъерго мацIалдеги, нилъерго диналдеги гIагараб гIараб мацIалда гьабулеб букIарабани, кигIан лъикIдай букIинаан?

Хадубги ГIалица абуна:

– Гьедин буго! Гьединаб жоялде нилъерго кIудиял вацаз абула «поезд поехал» абун.

– БитIараб буго. Нилъ къан щекъерги ккун, къеда разарун руго, – ян абуна пашманго ГIабдуразакъица.

– Щай дуца гьедин абулеб? Мун БетIергьанас квеш хьихьун гьечIогурищ?

– ГьечIоха…

Ва гьев, рекIеда тIаде тIалу бегарав гIадин, гIенеккун чIана.

Бакъ лъикIаланго гIодобе рещтIун букIана. Бакъул чIоразукье, бриллиантал киниги, кенчIелел-паркъолел рукIана тIугьдуздаги харидаги тIад щубил гIарцулал гарал, нижер хIатIазда цере-цере кIанцIолел рукIана кьер-кьерал гарцIал, роржанхъилел рукIана чарал кIалкIучIал.

– Гьанир хьвадизе ккола гIицIго хIатIалгун, – ан абуна, цеве-цеве унев вукIарав ГIалица. – КиналгIаги унтабазе дару.

Минаялъухъе щвейгун, ГIабдуразакъица абуна:

– Дир наял рихьизеги рилълъине ккела.

КIиабилеб тIалаялде рахунелъул, гьес болъодухъ кваранаб рахъалде нуцIа рагьана ва ниж ккана батIияб бакIалде – рагьараб цебе рагьиги бугеб рокъоре. Гьенир ругоан наязул ящикал.

– Лъеbeралда кIиго къали буго, – ян бицана ГIабдуразакъица, – цIакъ баракат бугел жалха. Амма хъулухъ гьабизе лъазе ккола. Хъулухъги щиб – цIакъаб ракIгъеялъулаб хIалтIи.

Хадубги, загьираб чIухIигун, ГIабдуразакъица абуна:

– СагІатазги балагьун чІезе бокьула гьазухъ. ХІикматал рухІчІаголъаби. ХІикматаб законалъул, хІикматаб гІадлу-низамалъул… ГІакълукъал гьезул гІанаб гІадлу гьечІо гІадамазул.

– ХІилла-рекІкІалъеги хъамалчилъиялъеги гІакълу гІолеб гьечІин гьезулан абизейищ дуе бокьун бугеб? Коммунизм – бокьарас бокьанагІан босулеб!

ГІабдуразакъил лъади, хІакъикъаталдаги, ниж рачІиналъухъ ялагьун ятана. Болъодухъа тІаде рахун, жанирехун ниж лъугьунелъул, дандеги ячІун, росасе бадибчІвай гьабуна гьелъ:

– Я дир гьудулха, гьалбал ракъуца хвезаризе тІаде босунцин гурищ дуца бугеб?

– Цин мугІрузул гьаваялъ гІорцІизаризе ккола гьал, – ан махсара гьабуна ГІабдуразакъицаги.

Хехго нижеда цере кванил нигІматалги лъун, Хадижат унелъул, ГІалица гьелда гьикъана:

– Хадижат-бика, жакъа дарсал гьечІогойищ?

– Къалъудаса хадур, ГІали, гуребани нуж огьине ГІабдуразакъиде ккезе рукІана.

– Гьалъул хІакъалъулъ, лъикІай учительница хІисабалда, бегьулаан лъикІаб очерк хъвазе, – ян бицана ГІалица. – Районалъул газеталда букІана кІицІулниги хъван. Нижер школалъул гурейги районалъулго чІухІилъун ккола Хадижат.

– Географияйищ лъадуца кьолеб? – ан гьикъана дица ГІабдуразакъида.

Дихъги валагьун, ГІалица гьикъана:

– Дуда щиб лъалеб?

Дун пинщана.

ГІали, дихъги валагьун, гьимана:

– Следователал гІадал чагІи рукІуна ал журналистал. Гьазда аскІор цІодорго рукІине кколел ратила, ГІабдуразакъ.

– Цого чагІи! – гьев гьесде разилъана.

Хадубго ГІалица абуна:

– Аммаха Хадижат – учительница экстра класса.

Йигейищха гьединаян гьикъулеб гІадин, дун ГІабдуразакъихъ валагьана.

– ХІалтІизе гьалда ракІалда букІинчІо, – ян бицана ГІабдуразакъица. – ниж эхеде рахъун моцІгун бащдаб гІанаб заман ун букІун батила, нижехъе рокъове вачІана школалъул директор. Жив сон щванила МахІачхъалаялдасаян бицана гьес, аскІой гІодой чІезаюн гьайгун. МахІачхъалаялъул Лъай кьеялъул управлениялъул инспектрас абунила жидер цо цІакъай учительница анин нужер цояс магІарухъе ячунан; йигилан абунила жиндица. Гьедин гІодой тезе бегьулей учительница гурин гьеян абунила гьес. «Дуе чан къваригІаниги сагІталги кьела, метер школалде ячІа!» – ян суал цебе лъуна директорас. «Географиялъул учитель гьечІогойищ мун вугев?», – ан гьикъана Хадижатица. «Руго – кІигониги. Амма дир гьудулас дун махсараде кколев вукІун ватичІони, кІияйго нахъе къотІизе разияв вуго дун», – ан абуна директорас. «ХІакъикъаталдаги кІудияв щутникни вуго дур гьев гьудул ИсмагІил, – анги абун, елъанхъана Хадижат. Ва хадубго гьалъ абуна: – Гьел учительзаби къварид гьарулел ругони, ячІинего ячІунаро дун, гІемерал сагІталги дие хІажат гьечІо. Гьел учительзабиги пашман гьаричІого, цо ставка кьуни, хІалтІилаан

дун». Нижерги кепказде хIажатаб хIал букIана. Дунги хIалтIичIого, гьайги хIалтIичIого херай эбелалъул гъин кваналел рукIине намус букIана нижее. Жеги дунгицин вачана Хадижат разилъиялдаса вохарав директорас хIалтIизе – завхозлъун.. Дицани хехго тана, гьай жеги хIалтIулей йиго…

Хадуб ГIалицаги тIаде жубана:

– Хадижат – нижер районалъул Лъай кьеялъул золотой фонд! Араб гуреб – цебесеб соналда республикаялъул конкурсалда, тIоцебесеб бакIги ккун, «ЛъагIалил учитель» абураб цIар щвана. Цебеги щун букIун буго. Араб соналда, кигIан гьарданиги, конкурсалъулъ гIахьаллъизе разилъичIо. Районалъул Лъай кьеялъул управлениялъ Россиялъул мустахIикъай учительницаялъул цIаралъе йихьизаюн йиго.

ГIабдуразакъил лъадул хIакъалъулъ харбица хIасил кьелеб гIадин, заманалдасанги ГIалица абуна:

– Директорасе цIакъ бокьун букIана Хадижат чIахIиял классазул завучлъун тIамизе – гьай разилъичIо. Коллективалъ къимат кьезе ккани, цохIо чиясда барабги букIунеб буго. Квешав чиясул баракат гьечIолъи ралъдалъ бугеб ччугIиеги щолин аби битIараб буго. Гьединго лъикIав цо чиясул баракат киназего щолебги буго.

ГIалил чвантиниб трубкаялъ бакънал рачана, ГIабдуразакъица хIухьачдилеб бугеб кванде «бисмила» гьабуна.

* * *

ГьотIохъ росулъ сапаралда дун вукIаралдаса ун букIана кIиго моцI гIанаб заман. ГIабдуразакъил рокъоб тIамураб сордо-къоги кIочон букIана, гьес лъабго-ункъо къойидасан битIилин рагIи кьун букIараб хъвай-хъвагIаялдаса, абизин гьедин, хьулги къотIун букIана. Цо къоялда, къалъудаса хадуб гIужалда, хIалтIуде дихъе кIалъана лъаларев чи. Гьес абуна:

«Дун вуго ГьотIохъ росулъа чи. Дихъ буго духъе кьейилан Шарапудинил ГIабдуразакъица битIараб тетрадь».

## АНКЬГЬУНАР

**Анищазул щобил тIогьиве щвезе**
**Щивасда бигьаго кIолеб жо гуро;**
**Чанги гIодов ккела, тIаде вахъина,**
**ТIогьиб къохIехьарас хIалхьи гьабила.**



Гьедин абулеб буго магIарулазул машгьурав шагIир КъурбанмухIамад МухIамадовас жиндирго цо кочIолъ. Ургъун хIисаб гьабуни, живго авторасул къисматги, сверелал гIемераб, чIедерабго сухъмахънухдасан гIатIидаб шагьранухде вачIунаго, гьес нахъа тарал лъалкIалги, гIурччинаб расалъуда хIухьбахъизе вахунаго гьес регарал бигьаял гурел болъодул хIокIалги цере тIамула гьел жугьаби цIалидал. ХIакъикъаталдаги жакъа нилъеда лъалев, хъулухъ-ишалъулги, шигIриябги, гIелмиябги борхалъуде вахарав КъурбанмухIамадица бищунго ахадасан байбихьана гьеб даражаялде щвезегIан захIмалъабазги, къварилъабазги, къохIехьеялъги хIалуцараб; бажариялъги, къеркьеялъги, таваккалалъги мурадалде щвеялде, анищ тIубаялде вачараб нух.

Жакъа КъурбанмухIамадихъ балагьарав, гьесул къисматалъул байбихьи лъаларев чиясда ракIалде ккезе бегьула, гIезегIан цIар рагIарал, лъикIа-лъикIал бакIал киналго заманабазда ккурал, чIей бугел гIадамаздалъун машгьураб ТIелекь росулъаги вугелъул, вукIун ватилин гьесулги мугъчIвазе, квер ккун цевехун вачине чиян. Гуро. ВукIинчIо Къ.МухIамадовасул гьединав чи. Жиндиргоги, хадур гIун рачIунел вацал-яцазулги къисматазул къадал ритIиялъе щулияб кьучIги гьес бухъана, кьочIокь баракатаб тIоцебесеб гамачIги живго КъурбанмухIамадица лъуна.

Гьанжего гьанже Буйнакскиялъул кооперативияб техникум лъугIарав къоло цо сон барав чи вукIана гьев, битIун завалияб гIужалда – 48 сонил ригьалда, микьго лъимерги нахъе тун, эмен къадаралде щвараб мехалда. Хъизамалда бищун кIудияв вукIана КъурбанмухIамад – бищун гьитIинав вацасул гьеб мехалда лъагIелги ункъо моцIги гурони букIинчIо.

Инсул бакIги ккун, кIудияв васасул налъиги борхулаго, рухIалица хIал дагьлъизабурай эбелалъе ургъелги бигьалъизабулаго, къаси-къадлъиги гьечIого хIалтIана гьев кIудияб хъизан язихълъи-мискинлъиялдаса хвасар гьабизе.

«Ракъи-къечги хIехьана, ратIликълъиги бихьана, бакъуцаги воркьана, цIадацаги виччана, кин-щиб кканиги Аллагьасул цIобалъ цIунана, ЦIобгIатIидас баракат лъуна дидаги нижер кIудияб хъизамалдаги», – илан ракIалде щвезабула КъурбанмухIамадица гьанже гьелъул бицен ккедал.

Гьадин хъван букIана жиндир хIал Алжаналъуб батаяв махщел камилав хъвадарухъан ГъазимухIамад ГъалбацIовас КъурбанмухIамадил хIакъалъулъ:

*«Хъвазе гьечIо, КъурбанмухIамад, дуца «Дир Дагъистан» абураб тIехь. Амма Дагъистаналда кидаго мун вукIине вуго инсул рокъов гIадин. Щвезе гьечIо, КъурбанмухIамад, дуе дунялалда цIар рагIарал премияби, амма дуца рикьизе руго гьел гьунар бугел гIолохъабазе.*

*Кидаго гуро, КъурбанмухIамад, мун джипалда вукIарав, хьвадана мун хIатIилгIицIгоги. КIоченчIо дуда гьеб. Гьельцин гурищ дур чорхолъ яхI бижараб?*

*Кидаго гуро, КъурбанмухIамад, дуда сверухъе бечедал чагIи ракIарарал, мискиназги сверун ккуна мун. КIоченчIо дуда гьеб. Гьельцин гурищ дур чорхолъ рекIел гIатIилъиги гIаданлъиги бижараб?»*

Унго-унголъунги, киве кканиги, яхIги, рекIел гIатIилъиги, гIаданлъиги рекIелъ букIиналъ, чорхолъ батиялъ битIккана КъурбанмухIамадие гьабулеб ишалъулъги, гIемерлъана гьесул хIажаталъуб хьолбохъ ратулел живго гIадал гьудул-гьалмагъзабиги.

ЛъугIизабуна Къ.МухIамадовас Шахтинскиялъул технологиялъул институтги. ХIалтIана гьев Гъуниб райпоялда ревизорлъунги, КъороскьотIа тукадул заведующийлъунги, Дубкиялда гIадамазе рукIа-рахъиналъул хъулухъ гьабиялъул рукъалъул директорлъунги, хадуб Гъизиялюрт районалъулги шагьаралъулги цадахъаб, гIадамазе рукIа-рахъиналъул хъулухъ гьабиялъул управлениялъул начальниклъунги. Гьеб хъулухъалда вугеб мехалда загьирлъана КъурбанмухIамадилъ унго-унгояв гIуцIарухъанасул махщел, бажари бугев нухмалъулесул хIаракатчилъи. Киса-кирего гIуцIана тIадеги гIадамазе хIажатал рукIа-рахъиналъул хъулухъал, кинабго ишалъулъ чIезабуна тадбир, мухIканлъи. ЦIияб ЧIикIаб росулъ букIараб рукIа-рахъиналъул хъулухъ гьабиялъул рукъин абуни республикаялдаго рикIкIунездасан, деретIураздасан цояблъун лъугьана. Гьенире хIалбихьи босизе рачIунаан Дагъистан бахун къватIирехунисацин гьединалго бакIазул вакилзаби.

Къ.МухIамадовасул хIаракатчилъиги бажариги бихьичIого хутIичIо тIадехун ругел идарабазул нухмалъулезда. КватIичIого гьев вачана



**КъурбанмухIамад Расул ХIамзатовгун ва ГIадилгерей МухIамадтIагьировгун**

республикаялъул рукIа-рахъиналъул хъулухъ гьабиялъул министрасул заместительлъун. Амма, рекIее бокьухъе хIалтIи бачине, жиндир къасдал гIумруялде рахъинаризе КъурбанмухIамад гIемер мехалъ гьенив хутIичIо. «Сулахъэнерго» ОАОялъул генералияв директорлъун гьесул божарав гьудул НурмухIамад ГIалиев вачIаравго, гьесул гьари нахъчIвазе кIвечIого, МухIамадов Шамилхъала поселокалъул администрациялъул бетIерлъун хIалтIизе ана. ТIадбалагьун министрасул заместителасулалде дандеккун гьеб хъулухъ гьитIинаблъун бихьаниги, улкаялдаго рагIараб Рихьуниб ГЭС балезул поселоклъун кколеб Шамилхъалаялъе бетIерлъи гьаби гIезегIан жавабчилъи цIикIкIарабги, цIар бугебги хIалтIи букIана. Чам батIи-батIиял бакIаздаса, чам батIи-батIияб гIамал-хасияталъул гIадамал гьенир рукIинчIел. Гьел киналго разияб хIалалъ, цо гьитIинаб районалъулгIанаб халкъ жаниб бугеб бакIалда рукIа-рахъиналъе шартIал чIезари расниги бигьаяб жо букIинчIо. ЗахIмалъабигун къеркьон ругьунав КъурбанмухIамадил хIаракатал тадбираз поселокалдаги нур бана, живго администрациялъул бетIерасулги къадру борхана халкъалда жаниб. Доб заманалда Шамилхъалаялда гIумру гьабун вукIарав шагIир МахIмуд-Апанди МухIамадовасул КъурбанмухIамадил хIакъалъулъ хъвараб «Баракатав бегавул» абураб тIехьалда гIезегIан гIатIидго бицун буго гьеб киналъулго хIакъалъулъ.

Хадуб КъурбанмухIамад хIалтIана «Сулахэнерго» ОАОялъул генералияв директорасул заместительлъунги, мустахIикъаб хIалхьиялде инегIан, анцIго соналъ ДРялъул ХIукуматалъул отделалъул заведующийлъунги. Гьел жавабиял ишаздаги хасаб бутIа лъуна гьес республикаялъул экономика щула гьабиялъулъ.

*«...Гьес нахъа тана захIматаб гIелмияб нух ва цIунана экономикиял гIелмабазул докторасул диплом. КIиго нухалъ Макка-Мадинаялдеги ун, мустахIикълъана ХIажичи абураб хIурматияб цIаралъе. Щваралде гIей гьабун чIезе кIоларев, гьелдаса чIухIизе лъаларев, хIалхьи гьечIеб ракIалъул инсан, КъурбанмухIамад-хIажияс хIал бихьулеб буго лъабабилеб, шигIрияб борхалъуде вахинеги...»*



**ДРялъул Пачалихъалъул Советалъул председатель М. МухIамадовас КъурбанмухIамадие шапакъат кьолеб лахIзат**

Гьел руго къого соналъ цебе къватIибе биччараб «РекIелгун дагIба» абураб Къ.МухIамадовасул тIехьалъе мунагъал чураяв магIарулазул машгьурав шагIир МухIамад Хириясулаевас хъвараб цебераг1иялдаса мухъал.

Пачалихъалъул батIи-батIиял жавабиял хъулухъазда хIалтIулаго, экономикиял масъалабазда жанив, магIарулаз абухъе, вежа-велъарав КъурбанмухIамадида лъикI бичIчIана гьеб рахъалъ гIолелги гIоларелги бакIал. Гьелъул хIасилалда бижараб букIана МухIамадовасул экономикиял гIелмабазул докторлъиялъул диссертацияги. Дагъистаналъул экономикаялъулгун бизнесалъул институталда деканлъунги, цадахъго кафедраялъукл заведующийлъунги хIалтIулаго вахъана гьев профессорлъунги, щвана ДРялъул лъай кьеялъул отличникасул цIарги.

ГьитIинаб къоялдасаго рекIелъ тIирщараб асар шигIрияб къагIидаялъ къалмикье босулеб букIаниги, поэт хIисабалда КъурбанмухIамад МухIамадовасул цIар араб къарнуялъул ункъоабилел соназда рагIана магIарулазда. Гьесулги тIоцереел кучIдул цIалдолезухъе щвана газетазулгун журналазул кумекалдалъун. Хадуб гьес магIарулги гIурусги мацIазда къватIире риччана «БахIарзал кIоченаро», «РекIелгун дагIба», «Лъабго наиб», «Борхалъуде нухда», «КучIдул ва поэмаби» абурал ва цогидалги тIахьал.

Гьел тIахьазул хIакъалъулъ хIакъаб рагIи жиндир заманалда дандруссиназдаги газетал-журналаздасанги абуна цIар рагIарал нилъер хъвадарухъабазги, адабияталъул гIалимзабазги, шагIирасул творчество рекIее гIагарал цIалдолезги. Амма гьаниб рехсезе рекъарал руго КъурбанмухIамадил поэзиялъе къимат кьун, шагIирасул 50 сон тIубаялъул байрамалда Расул ХIамзатовас абурал рагIаби:

*«АхIулеб какил гьаракь гьоркьоб къотIизе течIеб, мажгиталъул кавуда кидаго кирит бачIеб росдадеги, цIикIкIаразеги адабал, умумузеги ритIухъал, тIабгIалда хIур хъвазегIан гIумру кьезе хIадурал росдал гIолохъабаздеги, щивниги какуларел, как Аллагьасе балел, шагьасе, султанасе жеги бетIер къуличIел къадру тIадегIанал тIелкьадерил харабаздеги, тIолабго Дагъистаналдеги бугеб рокьул асар гъорлъ бессарал КъурбанмухIамадил асараз ахIула хIалалаб, бацIцIадаб магIишаталде, магIна тIадегIанаб хьвада-чIвадиялде».*

Пачалихъалъул идарабазда КъурбанмухIамадица гьабураб ракIбацIцIадаб хIалтIиги, адабияталдаги гIелмуялдаги гьес росарал бергьенлъабиги рихьичIого хутIичIо тIадегIанал идарабазда. МухIамадовасул хIаракатчилъи кIодо гьабун гьесие кьуна хIурматиял цIаралги, шапакъаталги, сайгъаталги. КъурбанмухIамад ккола Дагъистаналъул мустахIикъав экономист, ДРялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан. Гьесие кьун руго Гьудуллъиялъул орден, имам Шамилил меседил медаль, Петр Великиясул гIарцул медаль, «ГОЭЛРОялъ 80 сон» каранда балеб гIаламат, Дагъистан Республикаялъул Пачалихъалъул Советалъул ХIурматалъул грамота… Киналго рехсон бажариларо. Гьезул сияхI кIудияб буго.

Амма КъурбанмухIамадие кидаго аслияблъун букIана жив кив вугониги, пачалихъалъул яги жамгIияб кинаб иш тIаде кканиги, ракIбацIцIадго, намусалъ малъухъе гьеб тIубазаби, жинца гьабулелдаса пайда халкъалъе, ракьцоязе, гьудул-гьалмагъзабазе букIин. Гьеб мурадалде гьев щвеялъе нугIлъи гьабула киса кибего, гьев лъалевщиназ МухIамадовасул цIар адаб-хIурматгун, ракIазулъ гьесдехун унго-унгояб рокьи-хинлъигун рехсолеб букIиналъ.

МагIарулазул буго, КъурбанмухIамад гIадав БетIергьанас цадахъго гIемерал махщел-гьунаралги кьурав, цояб цоялдаса нахъе ккезе течIого гьелги церехун рачунев чиясде абулеб, цIакъго гьединал къанагIатал чагIазда рекъараб, гьезие мустахIикъаб цIар – Анкьгьунар.

МухIамадовасул гьединал чанго гьунар-махщелал цебеккун нилъеца рехсана.

ГIенеккилин цоги нухалда ГъалбацIовасухъ:

*«Бекизабун лъураб бухари тIагъурги бугони, Шаляпин нечараб гьаракьги бугони, Дакулалдаса къечIеб тIамурги къвалакь бугони, дудаса нахъе цIан цIуял жал чIелищ?»*

Гьедин махсара гьабулеб буго КъурбанмухIамадие ГъазимухIамадица.

ТIелкьадерил бихьиназе умумулъанго хасиятаб, магIарулаз ракIа-ракIалъ къабул гьабулеб КъурбанмухIамадил гьеб гьунарги гьаниб рехсезе рекъарабги берцинабги буго.

МагIарулазул аби буго, рукъалъ рикIкIунев чи – къватIалъги рикIкIунилан, росдаца восарав чи – халкъалъги восулилан. Гьеб кициги цIакъ данде ккола Къ.МухIамадовасде. Тарихги бечедаб, жакъасеб къоялдаги цохIо Шамил районалда гуребги, тIолабго Дагъистаналдаго жидеца бихьулеб бакI кколеб ТIелкьадерил жамагIаталъ кIудияб къадру-къимат гьабула гьесул. Гьелъие мисаллъун рехсани гIеларищ, къого соналъ хисичIого магIарухъги гIодоблъиялдаги бугеб ТIелкьадерил цолъараб жамгIияб гIуцIиялъул председательлъун КъурбанмухIамад вукIаравлъи. Рокъоб кинабго рекъа-решон бугони, чиясда къватIиб гьабулеб-толебги данде билълъуна. Кинаб къо бачIаниги, гIумруялъул кинаб чвахиялде гьоркьове КъурбанмухIамад кканиги, гьесда хьолбохъ, гьесулгун рохелги къварилъиги гIахьал гьабун йикIана ва жакъа къоялдаги йиго гьесул гIумруялъул гьудул Умагьани. Данделъун араб кIикъояда щугогIан соналда жаниб киб бакIалда гIумру гьабизе кканиги, кигIан гIемерал гьалбал, росасул гьудулзаби рачIаниги гьелъ кинабго къабул гьабуна магIарул чIужугIаданалъул намус-яхIалда борцун, хIакъикъаталдаги букIине кколеб куцалъ.

Чияс гьабураб-тараб, гьес ракьалда толел лъалкIал ракIалде щвезариялъе цо-цо мехалъ гIиллалъул гьес рарал соналги рукIуна. КъурбанмухIамад МухIамадовасул гIумруялъул нухлул цо-цо лъалкIал нилъеца рехсеялъе, гьесул къисматалъул сверелаздасан цо-цо хIужаби ракIалде щвезариялъе гIилла ккола Къ.МухIамадовасул гIумруялъул гьанже гIагар 65 сон тIубай. Гьел сонал гIемералищ, дагьалищали лъаларо. Амма жинца нахъа тараб



**Лъади Умагьанигун ва лъималазул лъималгун**

нухлухъги балагьун, гьелъул цоги нухалъ хIисабги гьабун, кочIолъ абухъего: «Дица гIумру тола гIадада инчIин», – илан рекIелъ рохалил асаргун, гьаракьги борхун ахIизе тIубараб ихтияр буго КъурамухIамадил.

Гьесда 60 сон тIубай баркулаго гьадин хъван букIана Дагъистаналъул халкъияв шагIир МухIамад АхIмадовас:

«РекIелгун дагIбагун, дунялалъул пикрабигун, гIагараб ракьалъ кьолел суалазе жиндирго жавабгун; жавабчилъи цIикIкIараб гьудуллъиялъул хвелги ххвелги гьечIеб асаргун, инсухълъиялъул аслу цIунулеб цIаргун, къисматалъ веэдичIого, къарнуялъул пашманлъи тIаса рехичIого поэзиялде вачIаниги, рохалилги, рокьулги, талихIалъулги хIухьелги гьаракьги къотIизе течIо КъурбанмухIамадица кочIолъ. Жиндирго магIнаги, магIарул ракьги бокьулеб халкъги, халкъалъул къимат лъалеб нухги буго гьесул.

Дун ракI-ракIалъ вохарав вуго КъурбанмухIамадил лъикIал асараздаса, гьесул бихьинаб магIарул хасияталдаса, гьудуласе рухI кьезе хIадураб гIамалалдаса, гIадамазе рокьул цIураб ракIалдаса, рекIелъ рижарал рагIабаздаса.

РакI-ракIалъ баркула гьесда гIумруялъул борхалъи, гIаданлъиялъул ва гьудуллъиялъул борхалъи».

ТIокIабги берцинго, тIокIабги мухIканго, тIокIабги камилго кинха абилеб?

КъурбанмухIамадида 65 сон тIубаялъул юбилейги баркулаго, цадахъго гьесие жиндирго рекIее бокьанщинабги гьарулаго кьолел руго, КъурбанмухIамадиде бугеб жидерго рекIел хинлъи загьир гьабурал магIарулазул цо-цо хъвадарухъабазул шигIрабиги, гьесул «Телекь» абураб поэмаги.

***МухIамад ПАТАХIОВ***

**ГIабдула ДАГАНОВ**

## ЧIАХЪАГИ ДУР КЪОЯЛ ДИР ГЬУДУЛ, КЪУРАХI

**Гьал сонал, гьал сонал, рихьулищ, КъурахI,**
**Ракь, шанкIлаз тIутIун бан, тIурун унел куц;**
**Аразул гьаб сияхI, жеги сонгицин**
**Гьезул ургъел-агъаз гьабуларел нилъ.**

**Гьанже гIасруялъул бащалъи баркун,**
**КечI битIула духъе, тIад цIвабиги лъун.**
**ТIелкьадерил зодихъ кенчIолел гьезул**
**Кинабдай къулараб дур киниялде.**

**Дуца узденгалъуб хIетIе лъолаго,**
**ХIихIидана Пегас, квачIида бахъун,**
**Меседил гьелъул жал квертIа жемидал,**
**Боржана жиндирго куркьбал хIалай чIун.**

**Мунги, каранда ракI ихлъун гвангъарав,**
**Аваданго гьале гьезда цеве чIун:**
**Гьаб заманаялъул вакилги чиги,**
**Киналъего жаваб кьезе хIадурав.**

Санал щиб, сонал щиб, щобде балагьун,
Боржунеб буго цIум борхалъиялда.
Щобдасан бакъ буго къалъун рещтIунеб
ЧIахъаги дур къоял, дир гьудул КъурахI!

МухIамад ХИРИЯСУЛАЕВ

## ДИР ГЬУДУЛ КЪУРБАНМУХIАМАДИЕ

Чанги чи вукIана гIагаравилан,
ГIарахъ мегIер бахун тезе рекъарав.
Жиндир рекълъилъулъ тIокIлъи бихьулев,
ТIекълъи гIамалалъул байрахълъун кколев.

Чанги чи дандIвана гьечIеб чIухIидул
ЧIолохъжо бачIого чода рекIарав;
РекIел гьодорлъидулъ гьунар бихьулев,
ГьечIеб намусалъулъ бажари щварав.

РукIуна гIадамал нилъер росабалъ,
Нижехъа чагIиян нечон рехсолел.
Амма руго чагIи, Аллагьасул цIоб –
Чияр росабальги нилъеран кколел.

Гьединазда гьоркьоб, КъурбанамухIамад,
Кьойил дица дур цIар цIехолеб буго.
Дур гIаданлъиялъги гIадатлъиялъги
ГIумрудулъ дир канлъи камиллъун буго.

Умумуз гьарурал гьунараздаса
ЧIухIдарун хьвадулел рихьула васал.
Валагьи гьедула, КъурбанамухIамад,
Къадру дозул бугин дур хIатIазда гъоркь.

Манарша ГIИСАЕВА

## КЪУРБАНМУХIАМАДИДЕ

ЩIумалин абула, цIвайин ахIула,
ЦIар борхатав инсан ворцуна гьелгун.
Гьезул чIухIиялъул чIумалги гIуцIун,
ГIаламалъ зикрулъун кIутIбуз шурула.

**КӀудияб миллаталъ, кӀодоги гьабун,
Дурги цӀар босана, КъурахӀ, чӀумалъе.
ЧӀухӀдае вуго мун ватӀанцоязе,
ХӀалай ватула мун тӀаде къо ккедал.**

**ТӀекьадерие ц1ва, аваразе цӀум,
ЦӀорол матӀугӀанги ракӀбацӀцӀадав чи.
ЦӀиял бахӀарзазул кьерда гвангъараб
Гургинаб моцӀалъул нурлъун вугев чи.**

**Горсвери гӀатӀидав гӀаданлъиялъул,
ГӀор гучав яхӀалъул къадру-ассалъул.
Къварилъи гӀемераб данде чӀваниги,
КъуличӀо мугӀрул бис, къвакӀун чӀана мун.**

**Къварилъи ккарасе хӀалаеги щун,
ШагӀир мун хьвадараб нухлул бацӀцӀалъи.
БоцӀуе лагълъичӀев, гӀарцуд мехтичӀев,
Муъминаб ракӀалъул кӀудияв инсан.**

**Ислам дурусазул давла босарав,
Динул ахӀкамазул керен-ракӀ цӀурав,
ЦӀар ахӀун хӀежалъул фарзал рорхарав,
ХӀалалаб бацӀцӀадаб дунял гӀуцӀулев.**

**ГӀадамаз лъикӀавин цӀар кьуна дуе,
КьилимегӀералъул тӀогьиб гӀураб чан.
ТӀекьадерил росулъ вижарав шагӀир,
Щвана дур алфазал мугӀрул халкъалъе.**

КъурбанмухIамад
МУХIАМАДОВ

# ТI Е Л Е КЬ
*(поэма)*

## I

Ассаламу гIалайкум
ТIекьадерил жамагIат,
ТIадмагIарухъ цIар бугел
ЦIумал рижараб росу.

ЦIоралде, Шамалде щун,
Машгьурал гIадамаца
ГIумру жаниб тIамураб
ТIадегIанаб мугIрул ракь.

Рокьиги эркенлъиги
Каранлъ цIунизе лъалел
ЦIа гIадинал васаца
Сияз гIадин цIунараб.

Дур годекIабахъ гIадин,
ГIакълу дица босичIо,
ГIаданлъиги гьунарги
ГьанибгIан кибго щвечIо.

Дур иццул лъеца гIадин,
Дир къеч буссинабичIо,
Гьаб дур гьаваялъ гIадин,
Гьогьоми дие кьечIо.

Нилъер ясазул гIадаб
Намус цоги бихьичIо,
Нилъер васазул гIадин,
ГIатIидал ракIал лъачIо.

Дун гьавураб гIураб ракь,
Гьарула тIаса лъугьа
Гьаб нухальги кинниги,
КватIана духъе щвезе.

Амма киве кканиги,
Каранда ракI букIуна,
ГIажаибго кIутIулеб
ГIагараб ТIелекьилан.

Дур къисматалда цеве
Къулула дун чIухIигун,
ЧIаголъи черхалъе щун,
Чаран рекIеда лъезе.

Дур тарих маргьабалъа
БухIараб хIанчIил гIадаб,
БухIанагIан кутак щун,
Куркьбал жеги къвакIараб.

Къоялъ топаз рихxарал,
Къадал къаси рорхараб,
Гумпараби щванагIан
Щулалъараб, къвакIараб.

Дур пикру гьабулаго,
ЧIаголъун цере чIола
КIигъуждузулъа гIебал
ГIолохъанал муридал:

Къебеди-МухIамадил
ГIурччинал байрахъазул
Баракаталъул рагIдукь
Кьвари ракIазе щварал.

РекIарал чуял гьезул
Гьури гIадин роржунел,
Гьаваялда буртаби
ЩIудул куркьбал кинигин.

Дозул хвалчадул паркъи
Пиридул кIичIал гIадин,
РечIчIарабщинаб гулла
Гор бакьулъ гIужда щолеб.

ТIекьадерил муридал,
Дида нуж цере чIола.
Тушманасде керен кьун,
Гъал кьураби цIунулел.

Ругънахъе чIартал ругIун,
ЧIварал хабалалъ рукъун,
Къулгъу цIалилелдего
ЦIидасан рагъде унел.

Цо-цо капурзабазул
Кутак цIикIкIараб мехалъ,
Хучдузда тIаде кIанцIун,
ЦIиркъаллъун шагьидлъулел.

Тушбабазул тIаде цуй
ТIубанго кутаклъидал,
Кумек щвезе бакI гьечIин,
РекIелъе щаклъи ккедал.

Шагьидлъиялъе нугIзал
АскIорги чIезе гьарун,
БахIарчиго къанщарав
Къурбан-МухIамад-Гъази.

Бицине гьаб халкъалъе
Къиса нахъе хутIани,
Хвезе рижарал лагъзал
Хваниги щиб цудунго.

Къурбан-МухIамад-Гъази,
Дица дуе гьа бала
Гьеб дур тIадегIанаб цIар
ЦIунилин хIур хъвачIого.

Къурбан МухIамад гIадин,
Шагьидлъарал муридал,
Дица щибаб дугIадулъ
Нужер цIарал рехсола.

Дун нужее къулула,
Кьойил дугIа гьабула,
Нужер бахIарчилъиялъ
Дир рухIалда яхI лъола.

## II

Ассаламу гIалайкум,
ТIекьадерил жамагIат,
ТIамагIарухъ рагIарал
ГIалимзабазул росу.

Иман рекIелъ бессарал,
Васал гIемер рижараб,
Исламалъе ритIухъал,
Наслаби жанир гIураб.

АхIулеб какил гьаракь
Гьоркьоб къотIизе течIеб,
Мажгиталъул кавуда
Кидаго кIулал рачIеб.

Гьеб мажгиталъул гIадин,
Борхатаб си бугодай,
БекIкIун гьабураб къеда
Къуръаналъул хатI хъвараб.

Мун гIадинал росаби
ГIемерго ратиларо;
Исламги эркенлъиги
Кидаго рекIелъ ккураб.

Гучав хъахIав пачаяс
Полкалги тIаде ритIун,
Мун кIицIулго бухIана
ЯхIги динги ккунилан.

Бищун лебалал васал
Сибиралде ритIана,
Кверде инарин чIарал
Кварида ран гъанкъана.

Дуца баччарабщинаб,
Дуца хIехьарабщинаб,
ХIал кIвеларо кидаго
Кагътида хъван бицине.

Амма бачIана заман,
РорчIана нилъер мугIрул.
Пача тIаса рехизе
ТIекьалги гъорлъ журана.

МуртазагIалицаги
ШейхмухIамадицаги
Щивасухъе туманкI кьун,
Кьалде васал ахIана.

АхIана къо щун бугин
Къисас жидер босейин;
Сибиралде къотIараз,
КъотIун бутIрулгин тараз.

ГIарада бан чIунтараб
Росдал щибаб ганчIица,
ЦIадуца чIурхIун лъурал
ЧIалабазул рахъдаца.

Рахъана тIекьал къватIир
КъотIи щулияб гьабун,
Я бергьенлъи, я хвелан
Хабал заназе гьа бан.

ЦIадулъанги гьел ана,
КIкIуйдулъанги гьел ана,
Эркенлъиялъе гIоло
ГIемераб би чвахана.

Чан чабхъенал гьарурал,
Чан чабхъенал нахъчIварал,
Чуязул кьолониргo
Кьижун чан сардал арал.

Тушманасе хIеличIев,
ХIинкъи кидаго лъачIев,
КигIан гIазаб кьуниги,
ХъачагъазечучичIев.

ЧIвай бигьаяб хвел бугин
Кьурса гIодой рехарав
Нурисиражил къиса
Гьикъе гьаадерида.

Живго цIагIан гьалагав,
ЦIадав рехун вухIарав,
ГIадамусалов ГIалил
ГIеларищ бахIарчилъи.

У, рукIана камиял
Ккана биял тIезеги,
Амма нуж хилиплъичIо
Хваразе кьураб рагIуй.

АхIуд рахъине ккани,
Кидаго хIадурал нуж,
Киреники кватIичIо,
Кумек хIажаталъуре.

КватIичIо Хунзахъеги,
Хъала сверун ккурабго,
МуртазагIалил къукъа
КъвекIаб цIум гIадин щвана.

Нужер кьаби бихьидал,
Кьураби сородана,
Нужер кьвагьи рагIидал,
Кьер тушманасул тIуна.

ТIалъи эркен гьабуна,
Нуж росулъе руссана,
Росулъ хъала гьабуна,
ХъахIазе нухал къана.

ХIетIе бегьизе течIо
Тушманасда росулъе,
Пачаясул рахъ ккурал
Рачахъана кисаго.

Гьедин къисас босана
Къоабилел соназда:
Сибиралде ритIарал
Росуцоязе гIоло.

Руччабазул бадиса
ТIинкIараб магIий гIоло,
ГIолилазул чорхолъа
Чвахараб бидуй гIоло.

Гьедин къисас босана:
ХъахIав пачаясдаса,
Чияр ракьал рахъизе
Рахъарал чукъбуздаса.

Пачаясул шагьабахъ
Шамил вичараздаса,
Дагъистан, дур эркенлъи
Кепказухъ кьураздаса.

### III

ТIекьадерил кьурабалъ
Кьвагьи къотIарал соназ
Хехав чапар вачIана
Чода цIал кIутIулаго.

Чу полпилъ тIерхьун буго,
Чапар хIалакун вуго,
ХIукуматалъул хIукму
Киназего цIализе.

ХIукму: «ТIекьадерие -
БахIарчияб росдае
ХIурматияб цIар кьезе
«БагIараб росу», - илан.

КIиго орденги буго
«БагIараб байрахъалъул»
Цо МуртазагIалие,
Цо ШейхмухIамадие.

Вахъана кIиго герой
Граждан рагъул гьенив,
ЦIар щвечIелги рукIана
Киналго бахIарзаллъун.

Гьедин лъугIана доб рагъ
Лъидаго кIочонареб,
Хвалчабаца хьван тана
Тарихалда цоги мухъ.

Ирсалъе мисалалъе
Наслабазе хутIана:
ШехмухIамал щулалъи,
МуртазагIалил къвакIи.

Къуркьи, хIинкъи лъаларев
ХIабибиласул хабар,
Кварида ван гъанкъарав
Маргъалиласул къиса.

ХутIана наслабазе
БахIарчияб росдал цIар.
Росдал каранда жеги
КенчIола кIиго орден.

### IV

Ассаламу гIалайкум
ТIекьадерил щагIирал,
Церего хвананиги,
Хвел гьечIого хутIарал.

Нуж дир рекIелъ, хивалалъ,
Лъабго ГIали, лъабго кечI,
Кидаго нур сунареб
Лъабго гвангъараб чирахъ.

Лъабго рельлъараб къисмат,
Лъабго къваридаб сухъмахъ,
Лъабго тIубачIеб рокьи,
ТIугьдул бакъукь рухIарал.

ТIекьадерил поэтал,
Лъабго цIар цIаял гIадин,
Лъабго цIва бецIаб зодиб
Заманазе кунчIарал.

Кверaз жергъенги бухун,
Бана нужеца ахIи.
Гьаб ракьалдаса тIекълъи
ТIагIине гьабейилан.

Амма гьеб нужер гьаракь,
Нужер гIакъилаб рагIи
РагIичIо рагIизего
ГIинкъаб заманаялда.

Рокьи ккаразда гьоркьоб –
Кьо гьечIеб гъваридаб кIкIал,
Цоцахъе нухал къараб
Къед цIакъ биццатаб цебе.

ТIубачIо лъабго анищ
Лъабго ГIалил гIищкъудул,
Амма кучIдул хутIана
Каранда цIа рекIунел.

ХутIана лъабго цIарги,
Лъабго гвангъараб цIваги,
Доб беццаб заманалъул
Зобазда канлъи базе.

ТIекьадерил шагIирал
ШигIрудул дунялалда
Дида нуж цере чIола
ЧIаго ругел кинигин.

КвегIаб квералъ жергъен ккун,
Кваранальъ килщал кIутIун,
Цо борхатаб тIохдасан
Этил ГIали кIалъала:

«КечI ахIеян хIал бала
ХIисаб бугел лотабаз
ХIалтIуца хьалбал хвараб
Ябу чу гIадав дида.

Абейилан цIалула
ЩIекIлъи гIурал гIоркьилаз,
ГIадалал хивалаца
Холев дун лъаларого…»

МуртазагIали вуго
Цоги тIохде вахунев,
ТIармида килщал кIутIун,
Гьев кIалъалев рагIула:

«БагIар гIечул рохьобе
ГIолеб чамасдакIил гъветI
Барщун буго, щун буго
Щолеб гьечIо кваназе.

Кагътида хъвараб сурат
ЧIун буго дида цебе,
Дунял къварид гьабизе
Къоюкъуна цее чIун».

Доб цо авалалдасан
АмиргIалил рагIула
ГIолилал хIайранлъулеб
ХIеренаб гьаракь дида:

«Билил рагьи къачIараб
Къилбаялъул милъиршо,
Росдадаго нур балеб
Сардил канаб шагьри моцI.

Дида баларин канлъи
Кинан рогьинел сардал?
Кагъаталда суратгIан
Сипат берцинай гьудул».

Гьедин щибаб сардида
Дун нужехъ гIенеккула,
ГIажаибаб гьаркьица
Макьу дир беэдула.

ХвечIо лъабго ГIали дий,
Даим нуж чIаго руго.
ЧIахъаги гьаб ракьалда
Рокьиги пасихIлъиги.

V

Ассаламу гIалайкум
ТIекьадерил жамагIат,
ТIалъиялда цIар бугел
ЦIумал рижараб росу.

Дур къисматалде тIаде
Къулула дун чIухIигун,
ЧIаголъи чорхой щвезе,
Чаран рекIеда лъезе.

Чи кьижараб гIужалда
ГIемер пикру гьабула,
ГьечIодай нижехъе дур
ДагьабгIаги ирс щунан.

Амма, щаян лъаларо,
Щакдаризе бачIуна,
ТIекьал, долго тIекьалищ,
Дагьалго батIиялищ.

БатIиял ратаниги,
Нилъ дозул наслу буго,
Намусги гIаданлъиги
Дозухъа щвараб буго.

Гьудуласе ритIухъал,
Гьоболасе адабал,
ГьитIинасе хIеренал,
ХIилла-рекIкI рек1елъ гьечIел.

Нагагь тIаде къо ккани,
КъватIиб ярагъ бахъулел,
Бахъун хадуб кьабулел,
Кьабун хадуб къотIулел.

ГьитIинаб цебе ккедал
Гьелда мал кIутIичIого,
ТIасан галиги бегьун,
Бигьаго цере унел.

КIудиялъ нух кьечIони,
Кьуру цебе батани,
Бисмила ракIалъ бахъун,
Гьеб кIкIалахъе рехулел.

БатIиял ратаниги,
Нилъ дозул наслу буго,
Намусги гIаданлъиги
Дозухъа щвараб буго.

ХIалтIуй кверал камилал,
Копой ракIал гIатIидал,
Кодобе тIамур щвани,
Щобил бакъан биччалел.

Амма кинан лъаларо
Каранлъ ракI щакдарула,
Нилъ гьадалго тIекьалищ,
Дагьалго батIиялищ.

## НИГIМАТУЛА НУРМУХIАМАДОВ



*Шамил районалъул Лъануб росулъа НигIматула НурмухIамадов кIикъоялда анцIгогIан соналъ хIалтIана республикаялъул магIарул газеталъул редакциялда. ВукIана фотомухбирлъун, мухбирлъун, жавабияв секретарасул заместительлъун. ЛъугIизабуна НигIматулаца Ростовалъул партшколалъул журналистазул отделениеги.*

*Дагъистаналъул киналгоязде гIагарун бакIазде гьарурал анцI–анцI сапаразул хIасиллъун ккана гьесул рикIкIен гIемерал макъалабиги, зарисовкабиги, очеркалги. НурмухIамадовас рахъарал нус-нус батIи-батIиял суратал хутIана жиндир заманаялъул тарихалъул нугIзаллъун.*

*Макъалаби гурелги НигIматулаца хъвала кучIдулги харбалги. Гьев ккола чанго тIехьалъул авторги СССРалъул, гьанже Россиялъул Журналистазул союзалъул членги. Восун вуго гьев Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалдеги. Кьун руго НурмухIамадовасе Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан абураб хIурматияб цIарги, грамотабиги, дипломалги, батIи-батIиял сайгъаталги.*

*ГьанжегIагар ункъого сон тIубана НигIматулал гIумруялъул. Юбилейги баркулаго, гьесие жеги гIемерал соназул сахлъи щулияб гIумруги гьарулаго кьолел руго нижеца НурмухIамадовасул чанго кечIги хабарги.*

### УНЕЛ РУГО КЪОЯЛ…

**Унел руго къоял, къваридал сардал,**
**Къварилъи-гIатIилъи цадахъги босун.**
**Санайил бачIунеб дун гьавураб къо**
**Къаникье инегIан рекIелъ цIунила.**

**ЧIегIераб накIкIулъан щенолел цIадал –**
**ЩIад гIадин чвахана гIумрудул сонал.**
**Сонал ралелдего балугълъарав дун –**
**Балугълъи хутIана дир ургъелазулъ.**

**Ургъел тIаса араб щвечIо дий заман,**
**Заманалъ кIвекIана рекIел анищал.**
**Анищал, анищал – щобда багIар бакъ –**
**Бакъул нур рещтIинчIо дир рокъоб жаниб.**

**Радал баккараб бакъ къаси тIерхьуна,**
**Къаси баккараб моцI радал билула;**
**Дир лъимерлъидул гIуж пирилъун ана,**
**ГIор гIадин чвахана гIолохъанлъиги.**

**ЛъагIалие кьурал тIолалго къоял**
**Лъазего лъачIого лъугIун ратула.**
**Къо бахъун къокълъулеб дий кьураб гIумру**
**ГIагарлъулеб буго ункъогоялде.**

**Къойилго къокълъулеб гIумруялъул нух,**
**Нухдаго хутIана рокьул анищал.**
**Гьел тIуразе рекIелъ бижараб шавкъалъ**
**Свине биччачIого букIана канлъи.**

**Ккун букIана херлъи гIагарда гьечIин,**
**Лъазего лъачIого рещтIана гьеб дилъ.**
**БотIрода хъахIлъиялъ ханлъи гьабуна,**
**Пашманлъи щущана рекIел тIиналда.**

**Сардилъ макьу гIадин сун унеб гIумру,**
**ГIадада инеги биччачIо дица.**
**Аллагьас дий кьураб пагьму-гьунаралъ**
**Дагъистаналда цIар рагIизабуна.**

## ШАГIИРАСДЕ ХИТIАБ

**Жугьаби рекъараб къадруяб рагIул**
**Къимат хвезе гьечIо хадур гIолезе.**
**РекIел тIиналдаса тIирщараб шигIру**
**ГIасрабаз цIунила цIигьаруразе.**

**ГIакъилал пикраби, камилаб рагIи**
**Кидаго холаро чIаго ругезе.**
**Пагьму–гьунар бергьун гьулчулеб калам**
**Къарнабаз хутIила халкъалъул рекIелъ.**

**Махщелалъ куцарал кочIол хIурупал**
**ХIажалъи кканщиназ рехсезе руго,**
**Кагътида рекьарал рокьул накъитал**
**Даималъ рукIина балай ккаразе.**

**Ургъе, ургъе, шагIир, дуца шигIраби,**
**Камилго гьулче гьел хъахIал тIанчазде;**
**ТIокIаб магIнаялъул, рекIелъ росулел,**
**РикIкIаде роржунел, кIочон толарел.**

**Дицаги рекьила хъахIаб кагътида**
**Каранзул бухIигун, хIасратаб шавкъгун,**
**РекIел анищалгун рокьул хIурупал**
**ХIурулъ тIерхьунарел, нахъе хутIулел.**

## ДИР РОСУ

1.

**МугIрулги рорхатаб, гIалахги гIураб,
ГIазуги гIемераб, цIадги гьарзаяб,
Гьаваги рекъараб, бакъги къалъараб,
Лъандерил гIадинаб ракьго бугодай?**

**Хурзалги гIатIидаб, мучIдул гIурччинаб,
Лъаралги гIедераб, иццал цIорораб,
Зобалги хъахIилаб, цIваби гвангъараб,
Лъандерил гIадинаб бакIго бугодай?**

**Нохъалги чIахIияб, хIорал гъваридаб,
Рохьалги беричаб, тала ччобораб,
Чундулги берцинаб, хIанчIи гьайбатаб,
Лъандерил гIадинаб свери бугодай?**

**ГIадаталги лъикIаб, гIадамал сахаб,
Ясалги берцинаб, васал лебалаб,
Хараби гIакъилаб, гIолилал цIакъаб,
Лъандерил гIадинаб росу бугодай?**

2.

**Жанибе нух гьечIеб хъала кинигин,
Къан сверун ккун буго мугIруз дир росу.
ТIаса авалалъул къваридаб къотIноб
Гьоркьор къан рукIана дир инсул рукъзал.**

**Цебе лъун бихьулеб росдахъ валагьун,
Рагъидаги вукIун гъолаан дир ракI.
БакътIерхьул рахъалда Игилъи мегIер, –
Какил гIуж лъалаан гьелъухъ балагьун.**

**Бакъбаккул рахъалда сангарлъун чIараб,
Гьури-мучалдаса росу цIунулеб,
Гьоркьоб кьуру бугеб борхатаб мегIер,
Гьениве вахине ракI щун буго дир.**

**Дир лъимерлъиялъул лъалкIал рессараб,
ГIолохъанлъиялъул гIанчIлъи хутIараб,
ГIагараб росулъе цIалеб буго ракI,
Гьениве вачIине чIалгIун вуго дун.**

**Амма гьанже гьениб гьечIо дир рагъи,
Рукъ биххун хутIараб чIвадан гурони.
Бокьун буго дие гьенивги вукIун,
Дир гIанчIаб лъимерлъи ракIалде щвезе.**

## РЕКІЕЛЪА УНАРО ДАИМ ДИДА МУН

**Византиялъулаб заманалдаго**
**Христиан хъвай-хъвагІай къадазда хъвараб,**
**Рорхатал мугІрузул жаниблъиялда**
**Жавгьарлъун букІана дир Лъануб росу.**
**Амма гьеб рехун тун дир ракьцадахъал**
**Гочун унел руго гІатІиракьалде.**

**Жанив чи дагьлъараб гІагараб росу**
**Бихх-биххун бихьула гьеб жакъа дида.**
**Дир гІолиллъи араб, бокьулеб росу**
**Релълъунеб бугоан ганчІил гохІазда.**
**Дун жанив хьвадараб инсулаб росу**
**ЧІваднаялде сверун сси хун бугоан.**

**Росу сверухъ ругел рорхатал мугІрул**
**ГІалхул хІайваназул кверщаликь руго,**
**Дун жанив сверарал беричал рохьахъ**
**Жанавараз буго ханлъи гьабулеб.**
**Умумуз гІуцІарал кулабигицин**
**Цоцалъ къадалги ран, щущан ругоан.**

**Огь, дир росуцоял, ВатІан цадахъал!**
**Шагьар хиралъунищ, росу рихунищ,**
**Бечелъи бокьунищ, мискинлъиялъищ**
**Эбел-инсул рукъзал щай рехун толел?**
**КІудияз рухІги кьун цІунарал мугІрул**
**Гьезде къасд бугезе тезейищ ругел?**

**У, дунги гочана тахшагьаралде,**
**Росу рихун гуро, лъаялда хадув.**
**Лъиеха рихинеб вижараб росу.**
**Къаси вегулелъул, къад вахъунелъул**
**Берда цебе чІола даим гьеб дида,**
**Дир гІолохъанлъуда букІараб гІадин.**

**Огь, дир росуцоял, ВатІан цадахъал!**
**Шагьар хиралъунищ, росу рихунищ,**
**Бечелъи бокьунищ, мискинлъиялъищ**
**Эбел-инсул рукъзал щай рехун толел?**

**Умумузул амру кІочонищ тараб,**
**ГІалхуде сверизе тоге росуян?**
**Византиялъулаб заманалдаго**
**Христиан хъвай-хъвагІай къадазда хъвараб,**
**Лъиданиги кверде босизе кІвечІеб,**
**Тушманасда цебе чаранлъун чІараб,**
**РекІелъа унаро даим дида мун,**
**РакІги пикрабиги гьенир руго дир.**

## ЦIИЛЪАРАБ РОКЬИ

Эбел-инсул цохIого цо йигей яс Гьайбатай йикIана жинда лъураб цIар ритIухъ гьабулеб сипат-сураталъул, унго-унгоги гьайбатлъиялъул нур жиндилъ бессарай гIадан. Гьей цIалулеб институталда гьединаб берцинлъиги лъикIаб гIамал-хасиятги букIиндал, киналго гIолилазул берал Гьайбатида тIад рукIунаан. Цо нухалда гуро гьезул чангояс хIалбихьараб, рокьул бицун, гьелъие жиндирго ракI рагьизе.

Амма Гьайбаталъе, логода ворхатав ва куц-мохъ бугев вукIиналъгIаги батила, жиндаго цадахъ цIалулев Гавгьар гурони цогидав къабуллъичIо. Гьел цIакъ рокьулаан цоцазе. Гьеб киналго студентазда лъалаан. Гьел урхъун рукIунаан гьезул рокьуда. БукIаниги, Гавгьарицаги, гIадаталда рекъон лъаларо, лъабгогIаги нухалъ ритIизе ккана Гьайбатай гьарун гьелъул эбел-инсухъе чагIи. Ахир-къадги гьезул разилъиги щун, щуабилеб курс лъугIизабурабго, бертинги гьабун, ригьнаде лъугьуна Гавгьарги Гьайбатайги. ТIубала гьезул мурад. ЛъикIал къиматалгун лъугIизабула кIияцаго цIалиги.

Гавгьар минаби ралеб бакIалде прораблъун хIалтIизе лъугьуна. Гьайбатайин абуни – проектнияб институталде инженерлъун. Гьедин ана къоял, моцIал, сонал. Гьаруна гьезие кIиго васги цо ясги. Гьел гIун рачIунел рукIана цоцада хадурцун. Гьединаб талихIаб букIана гьезул хъизан. Гьелдасаги йохун, аваданго йикIунаан Гьайбатай.

Амма заман арабгIан, гьей цIакъго берцинай йикIиналъгIаги батила, Гавгьар, къучIго гьечIого, лъадуда щакдаризе, гьелдехун хъачIлъизе лъугьуна. Ва, цо нухалда гIемер гьекъон «цIани магIарде рахарав» Гавгьар, рокъове щвейгун, лъадуда хъачIго кIалъала ва гьечIел гIиллабиги ратун, гьей юхула. РакI бекарай Гьайбатай, гьебго сордоялъ, лъималги рачун, жиндирго эбел-инсухъе уна ва тIадюссаян гьарун чанго нухалда Гавгьарил гIагарлъи бачIаниги, гьелъ гьари нахъчIвала. РакI бакъварав ва рокъов живго хутIарав Гавгьар жеги цIикIкIун гьекъолдизе лъугьуна.

Цо сордоялъ гIемер мехтиялъ, гьев хIарщулъ гIодов ккун ватунцин, мадугьалзабаз щвезавула рокъове. Гьелдаса нахъе Гавгьар, намуслъун, гьезда вихьизе чIолароан. БукIаниги, гьекъолди гьес течIо. Гьелъул хIасилалда, чанго моцIидасан гьев больницаялде ккола. Амма гьелъги Гавгьар кантIизавуларо. Щибаб къоялъ рокъове мехтун вачIунев гьесдехун мадугьалзабазулги цебе гIадаб лъикIаб балагьи букIунаро, тIаде-гъоркье щолеб гIадатги гьикъабакъариги тола.

Гьайбатай Гавгьарида аскIоса нахъе аниги, ракI гьелъул гьевгун букIунаан. Лъималазул эмен кколелъул, гьекъолдун гьесул гIумру гIадада хвечIого букIине щибдай гьабун лъикIилан пикру гьабулаан гьелъ.

Цо къоялъ хIалтIудаса вачIунаго, «хъахIалда» хадув тукаде унев вукIарав Гавгьарил бер речIчIула гьабзазул руккелалда. Гьезда цадахъ букIуна унтараб, хIалакъаб ва чорокаб гьой. Гьеб гьабзаз, жидерго руккелалъулъе жубазе течIого, нахъе гъолеб букIуна. Гьезда хадув халккун вукIарав Гавгьарида живго гьеб унтараб гьойда релълъун вихьула. Гьелъ ракI тIуркIизабула гьесул ва «хъахIабги» босичIого, нухдасанго рокъове тIадвуссуна ва жиндиего рагIи кьола гьекъолди рехун тезе. КигIан захIмалъаниги, Гавгьарида бажарула кьураб рагIи кквезе. Гьедин уна лъикIаланго заман. ЛъикIлъула мадугьалзабазул

гьесдехул гьоркьоблъиги. Тола гьезул лъималаз гьесда тIад релъанхъулеб, хадур лъикIал гурел рагIаби рехулеб гIададтги. ХIасил, Гавгьар тIуванго хисула, амма хъизан-лъималазухъ чIалгIун пашманго вукIуна.

ЦIияб соналъул сордо гIагарлъулеб букIаниги, Гавгьарил рукъ Гьайбатай йигеб мехалъ гIадин, ёлкаялда рарал кьеркьерал чирахъаз гвангъизабун, лъималазул рохелалъ цIун букIинчIо. ЧIвалел рукIинчIо, гьелде хIадурлъулаго, лъадуца гьарулел рукIарал тIагIамал квеназул махIал. ЦIорон-гъорон букIана чIобоголъараб рукъ. ГьединлъидалгIаги батила, Гавгьар, нуцIаги рахан, къватIиве вахъуна.

ХIатIазда гъоркь къерщелеб букIана цебесеб къоялда гьарзаго бараб гIазу. ЦIорораб гьаваялъ гьумер бухIизабулеб бугин кколеб букIана. Гьедин унаго, Гавгьар, жиндаго лъачIого, бищунго гIатIидаб, чIухIизабун къачIараб къватIалъ шагьаралъул бетIераб майданалде вачуна. Гьеб кIудияб ёлкаялъул чирахъаз къалъизабун букIана. Рази-ракиго ёлкаялда сверухъе ракIарун рукIана гIемерал гIадамал. Лъимал гIазугун расандулел рукIана. Циндаго гьезда гъорлъ Гавгьарида рихьула цIакъго цоцада релълъарал жиндирго кIиявго васги ясги ва, хIайранго гьезухъги ялагьун, дагьай доегIан эхетун йикIарай Гьайбатайги. Гьелъ гьесул рекIелъе хинлъи бачIуна, черхалъе батIияб асар гьабула. Гьев хехго бищунго гьитIинав васасде аскIове уна, кIиябго гъежги ккун, жиндехунго вуссинавула ва, гьункIусидаги чIун, хIеренго абула: «Гьалеха дадаги» – ян.

Гьеб лахIзаталда «дада!» – янги ахIун, МахIакI инсул горбода хурхуна ва «БулатгIали, Русият, гьанире рачIа, дада вихьуларищ нужеда?» – ян ахIула вацасдеги яцалдеги. Гьел рекерун гьесда аскIоре рачIуна ва Гавгьарица, къвалги бан, лъимал данде къала.

Гьайбаталда, лъицаялиго бицун, рагIун букIана Гавгьарица гьекъолди тун бугилан. Гьесде букIараб ва жеги свинчIеб рокьул асар, эмен дандчIвайдал лъимал рохараб куц бихьидалги батизе ккола, Гьайбаталъул рекIелъ цIилъун бачIуна ва жиндаго лъачIого, гьезда аскIое щун ятула. Гавгьарги гьейги абизе рагIи батуларого, лъикIаланго заманаялъ цоцаде ралагьун хутIула. Гьеб параялъ гьезда тIаде рачIуна институталда цадахъ цIалулел рукIарал гьудулзаби. Гавгьаридаги Гьайбаталдаги берчIварабго, рохарал гьел, рикIкIадасанго ахIдола: «Гьале дандчIвай! Чан хасел, чан рии араб? КиргIаги нуж рукIарал?» – илан.

– Гьалеха, нужеда рихьухъе, чIаго-гIатIго руго, – ян абула аскIоре гIагарлъарал гьезда Гавгьарица.

– Гьабщинаб мехалъ рихьичIел чагIи, рахъун чIун хабар бицун ратIалъани, данде кколаро, – ян абула гьикъа-бакъарун хадуса гьалмагъзабазул цояс.

– Гьаниб аскIобго дир кафе буго. ДандчIвайги чуризе, ЦIияб сонги кIодо гьабизе нилъ гьенире рилълъина, – ян тIадчIвала цогидас.

Киналго разилъула. Гавгьарги Гьайбатайги цоцахъ ралагьун хутIула. Берцинаб, унго-унгояб рокьуе мисаллъун рукIарал гьез, меседил гарал гIадал лъималги цере рукIаго, кин абилеб гьудулзабазда жал ратIалъанин, рокьи ракьулъ букъанин. ХIал лъазе течIого гьел цадахъ рилълъуна.

Кафеялда чи ватичIолъиялдасаги разилъун, гьелъул бетIергьан ГIизудиница нахъасан нуцIа рахала ва гьенийго хIалтIулей жиндирго хъизаналъул Гавгьарилгун ва Гьайбатайгун лъай-хъвайги гьабун, гьелда студенталлъун

рукIараб мехалъ гIемер щолеб букIинчIеб, амма киназего бокьулеб бакьги рехун, хинкIал гьаризе тIадкъала. ДандчIвай цIакъ аваданаб ккана. Хасго лъималцин роха-хинлъун рукIана.

Квана-гьекъолеб жо цебе лъурабго, ГIизудиница киналго тепсиялда нахъ гIодор чIезе ахIула. Полпихун цIезабураб шампанскиялъул бокалги кодобе босун, гьев тIаде вахъуна ва, Гавгьаридехунги Гьайбаталдехунги вуссун, абула: «Цадахъ цIалулеб мехалдаго ниж бахиллъун, рухIдаллъун рукIунаан нужеда. ТалихIаб бихьула нужер гIумру. Дие бокьун буго гьелъие гIоло, нужер сахлъиялдаса, нужер лъикIаб хъизаналъул хIурмат гьабун, гьаб бокал борхизе», – ян.

Киналго тIаде рахъуна. Гьез данд тункулел бокалазул зваргъи бахъуна. «Нужер сахлъиялдаса, нужер сахлъиялдаса», – ян Гавгьаридехунги Гьайбаталдехунги руссун, борхула гьезул щивас лълъар. Цинги рагIи босула Гавгьарицаги.

– Нижер гIищкъул зобги кидаго гуро роцIун букIараб, гьудулзаби, – ян абуна гьес, – чанги бакIал накIкIал рещтIана гьенир. Амма, щиб кканиги, кигIан зобал гъугъаниги, дир рекIелъ гьелъ лъураб цIа, тIадеги гьелегьун гурони, свинчIо ва абадиялъе свине гьечIо. Баркала нужее гьелда божулелъухъ.

Гавгьарил берзул кунчIиялдаса Гьайбаталда бичIчIула, гьес битIараб абулеб букIин, гьел рагIабазулъ букIана гьесул рекIел унтиги бухIиги. Гьелъул ракI биун уна, хинлъун лъугьуна.

ДандчIваялдаса хадур рокъоре гьел цадахъ уна.

## ГIАЙМАКИСА РАЖАБОВ МУХIАМАД

МухIамад Ражабовасул хIакъалъулъ доб мехалда тIолабго улкаялда лъалаан. Совет Союзалъул киналниги газетазда кьун букIана ТАССалъул лъазаби гьесул хIакъалъулъ. Гьениб МухIамад Ражабовасда цIар лъун букIана «Дагъистаналъул Островский» абун. Гьесул хIакъалъулъ хъвачIев хъвадарухъанги, журналистги, ватиларо Дагъистаналдаго.



Дунялалдаго цIар тIибитIарав Расул ХIамзатовги щолаан гьесухъе ва хъвана гьесул хIакъалъулъ «ГIолохъанав поэт Ражабов ракIалде щвеялъе» абураб шигIру:

**Дуца цIакъ хехго тана**
**Трибуна кочIохъан…**
**Кинида лъимер гIадин,**
**Хвана больницаялда.**

**Амма цо эбелалде**
**АхIараб кочIой гIоло**
**Кинабго Дагъистаналъ**
**Дуда васин абуна.**

Гьале Ражабовасул гьеб кочIол байбихьи:

**Дир хирияй эбел, гIазизай эбел,**
**Анищ тIубалелде тIупарай эбел.**
**Унго жакъа анищ, къаникьа яхъун,**
**Къалъараб гьаб дунял дуда бихьизе…**

Дагъистаналъул тIахьазул издательствоялъ магIарул мацIалда къватIибе биччана гьесул цохIого цо «Нужгун цадахъ дунги» абураб тIехь.

Унго-унголъунги гьесул къисмат цIакъ релълъараб буго Николай Островскиясда.

Армиялда хъулухъги тIубан тIадвуссунев солдат, поездалда захIматго унтана ва вагоналдаса къватIиве гьев носилкабазда лъун восана. ХIалалъ хIалтIулаан гьесул кверал, бакьулъа гъоркьехунисеб бакI палижалъ ккун букIана. Анкьго сонгун бащдаб заманаялъ больницаялда вукIана гьев.

Амма Ражабов МухIамад унтуе къуркьичIо. Больницаялъ кIвекIаниги, гьес цIалана гIемерал тIахьал. Борхана культура. Загьирлъана шигIрабазе Аллагьас кьураб гьунар.

Гьесухъе щоларев чи вукIинчIо. Гьесие гьаруларел сайгъатал рукIинчIо. «Гьудуллъи» журналалъул хIалтIухъабаз кьун букIана радиоприемник. «Дагъистаналъул комсомолец» газеталъул редакциялъул телевизор лъун букIана хасгьабун гьесие тараб «Ражабовасулаб» абулеб палатаялда. Гьесул библиотекаги букIана. МахIачхъалаялъул комсомольцаз ва пионераз гьесие сайгъат гьабун букIана лъабазарго тIехь.

– ТIоцересездасан цояблъун дица цIалана Николай Островскиясул «Чаран лъадарараб куц». Гьеб мехалъ дица гьесде гьабуна «Дир кIудияв вац», «Къеркьей» абурал кучIдул, – ян бицунаан Ражабовас.

Мугъзада вегарав гьесул каранда тIад рекъезабун букIана гьитIинаб машинка. Гьес жиндирго кучIдул кьабулаан гьелда. Гьес хъвалаан рокьул, кьалул, ВатIаналъул, тIабигIаталъул хIакъалъулъ шигIраби. Бищунго кIудияб машгьурлъи щвана гьесие «Эбел» абураб, киналго кочIохъабаз доб заманалда ахIулеб букIараб щигIруялъухъ.

Гьесул къуваталъул магIданлъун кколаан гьудуллъи, гьесул халкъалдехунги гIадамазул гьесдехунги букIараб кIудияб рокьи. Гьесул кидагосел гьалмагъзабилъун рукIана хъвадарухъан Асадулагь МухIамаев, учитель МухIамад Дибиров, студентал Хадижат Малачиева, Аминат Сагитова, ххам бессулей гIадан Вера Стекалина, тохтур Зоя Панкратова ва анцI-анцI цогидалги. ГIемерав щолаан гьесухъе дунги. Дицаги хъвана гьесде шигIру:

**Дица дуй босана мугIрул иццул лъим,**
**Бищун дуй бокьулеб дангъур цIураб ракь.**
**Мун вохила цинги, гвангъила гьумер,**
**Гьалагал унтаби ина рикь-рикьун.**

Ражабовасул хIакъалъулъ хъвана МухIамад Сулимановас, ГIабасил МахIамадица, АхIмад ХIамзатовас, МухIамад Дибировас.

Гьесул «Нужгун цадахъ дунги» тIехьалъ хIайран гьабула ракI, ахIула къамартIаллъун рукIиналде. Жибго ритIухълъилъун буго гьеб тIехь. Хасго гьанже заманаялда къваригIун буго гIолилазе къабихIлъиялде, тIекълъиялде, захIмалъабазде данде къеркьей – жалго къорикье ккечIого рукIинелъун, кинал рукIаниги балагьазе къуркьунгутIизелъун. Тарбия кьеялъе, дуниял, гIумру, матIуялъуб гIадин, цебе лъун бихьиялъе ГIаймакиса Ражабов МухIамадил гIумруялъул ва творчествоялъул кIудияб кIвар буго.

Гьев даимго нилъгун вуго. Гьев кидаго чIагоявлъун вуго Хьарагаби районалъул ГIаймаки росдаеги ва росдал школалъеги. Гьев лъугьуна нилъер ракIазулъе, нилъер ракIазул канлъиги жиндирго рекIел канлъиялъ жеги цIакъ цIикIкIинабулаго.

МухIамад Ражабовасул гIумруялъул магIна букIана къуркьичIого гIадамазе жиндирго шигIрабаздалъун хъулухъ гьаби, талихIалъе гIоло къеркьей.

Гьесул асарал цохIо гьесул жиндирго хIакъалъулъ гуро ругел, гьел руго гIемерал гIолилазул хIакъалъулъ, гьезул къеркьеялъул, хIалуцараб хIалтIиялъул, гIамал-хасияталъул гьайбатлъиялъул хIакъалъулъ. Гьесул асарал цIалулаго бихьула гьес ва гьесул гIелалъ хадусел гIелазе ирсалъе жидерго цIадулал, гвангъарал лъалкIал тун рукIин.

ГIадамасул гIумрулъун гьесул рукьбиги рукьбазда гьанги гуро кколеб. ГIадамасул гIумрулъун ккола гьесул ракI. Гьеб чIаго бугебгIан мехалъ, ракьа-гьан хвананиги, чIаго вукIуна гIадан. Хехго хвезе вугилан унтул тарихалда тохтурзабаз хъванщинаб жо гьереси гьабуна анкьгогин бащдаб соналъ МухIамад Ражабовас. Черхалъул гьава-бакъ рекъезабулеб жо буго рекIел къартI. Унтиялъ гуреб, рекIел къвакIиялъ къан хъатикь ккун букIана Ражабовасул черх.

МухIамад Ражабовасул цохIого цо тIехьги, тIехьалда гьечIел рикIкIен гIемерал цогидал асаралги киналго цIалана дица, вакъуца холев вукIарав чияс цебе лъураб кванида кьабун бачунеб сураталда. Гьеб кинабго тIалаб гьабуна ва буго дихъ. Гьеб цIалун бахъиндал дица дидаго цIехана: «Кинаб гIумру дица гьабулеб бугеб? Сундуе дида дунго гьадинаб къуваталда машгьурлъизе кIолев? Лъие дун чIаго вукIиналъул пайда-хайир бугеб? КIвезе букIанищ дида гьасда гIадин щулаго чIезе?»

Гьасул гIумруялъги, шигIрабазги тIамуна МахIачхъалаялъул фабрик-заводазул хIалтIухъаби лъикI хIалтIизе, гIемерал студентал, цIалдохъаби лъикI цIализе, чамги хъвадарухъан лъикI хъвадаризеги. Гьес тIамуна жиндихъего вачIанщинав чи бергьенлъи жиндие щвезе букIиналда ракIчIаравлъун вукIине.

«ГIадан къуркьизе гуро вижун вугев» – ян абулеб буго аслияв герояс Эрнст Хемингуэйил «Херав ва ралъад» абураб къисаялда. МухIамад Ражабовасги бихьизабуна гьеб хIакъикъат букIин.

Дида бихьулеб букIана доб заманалда МухIамад Ражабовас литература цIалулеб букIараб куц. ХъахIабросулъа МахIмуд, ЦIадаса ХIамзат, Расул ХIамзатов рекIехъе лъалаан гьесдаян абуниги мекъи ккеларо. Гьеле гьедин бахIарчиго, шавкъалда, яхIалда ва къохIехьеялда борхизабуна гьес жиндирго литературияб культура. Институталда цIалулел нижедаса берцинго лъалаан гьесда авар адабият. Ва авар гуребги. Гьедин лъазабуна гьес хъвадарухъанасул махщел. Гьунарилан абуни, гьебги Аллагьас гьесие тIокIборчIунги кьун букIана.

МухIамададида лъалаан, узухъда, жив гIемераб мехалъ чIаго хутIуларевлъи. Гьединлъидал гьев хIалтIулаан къаси-къад чIечIого. КучIдул, кучIдул, кучIдул!

Советияб Армиялде унаго букIараб талихI, гьениб хъулухъ гьабулаго букIараб талихI, унтиялъ кодоса бахъана гьесухъа. Амма кучIдуз гьеб талихI гьесухъе тIадбуссинабуна. Гьеб мехалда рижана гьесда унго-унгоял куркьбал.

Багьадурзабилъун рижуларо, багьадурзабилъун рахъуна жидерго къеркьеялъ, гьунаралъ, тIадчIараб щибаб кьойилаб хIалтIиялъ, чIамучIаб цого бакI мерхьиналдаса тIезе кIвеялъ. Гьединаздасайин нилъ чIухIулел, гьединалин цIия-цIияб гIелалъе нух гвангъизабулел чирахъаллъун рукIунел.

Рокьул цIураб ракI букIана МухIамад Ражабовасул

Гьесул кинабниги шигIрияб ирс щвана дихъе. Дун хIадурлъулев вуго гьев гьавуралдаса 85 он тIубаялде, ай 2018 соналда, гьесул цере басмаялда рахъичIел асаразул тIехь къватIибе биччазе.

***МахсутI ЗАЙНУЛГIАБИДОВ,***
***Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул***
***союзалъул секретарь.***

**МухIамад РАЖАБОВ**

## ГIАЗИЗАЙ ЭБЕЛ

**Дир гIагарай эбел, гIазизай эбел,**
**Анищ тIубалелде тIупарай эбел.**
**Унго жакъа анищ къаникьан яхъун,**
**Къалъараб гьаб дунял бихьизе дуда.**

**Бицунаан дуца араб гIумрудул,**
**ГIазаблъун къулчIараб къварилъиялъул.**
**Къали бачIунареб хурал рагIалда,**
**ГIодулаго арал ихдал къоязул.**

**Унтараб лъимадуй дару гьабизе,**
**Дур букIинчIеб чара бицана дуца…**
**Цинги гьелъул мали хабаде щвейгIан,**
**ХисичIин ххулана дур бадибе щуб.**

**Бокьилаан гьанже, гIазизай эбел,**
**ГIумру дур васасул бихьизе дуда.**
**ГIагараб ВатIаналъ, тIолго хъизаналъ,**
**Доб дуца кинигин, каранде къарав.**

**Къварилъулаан мун, къулун гъасдегун,**
**Ссунеб наккдал цIадаб магIуги тIинкIун.**
**Макьаби, анищал – унтараб рекIей,**
**Рохеллъун рукIана дуе даимго.**

**Дир гIагарай эбел, гIазизай эбел,**
**Анищ тIубалелде тIупарай эбел!**
**Унго жакъа анищ, къаникьан яхъун,**
**Къалъараб гьаб дунял дуда бихьизе.**

## ДИР ХIУРМАТИЯЦ ЯЦ!..

*Дагъистаналъул руччабазул институталъул*
*студенткабазе ва гьебги лъугIун рикIкIад*
*районазда хIалтIулел ругезе.*

**Дир хIурматияй яц, рикIкIалъана мун,**
**РекIелъан бецIцIула даим дир магIу.**
**Мун лъугьана дие хиси гьечIей яц,**
**Хисана дуца дий хварай эбелцин.**

**Ана мун хвелгьечIеб хинлъи дихъги тун,**
**Рорхатал мугIрузул росулъ хIалтIизе.**
**ХIурматияй дир яц, рикIкIалъана мун,**
**РекIелъан бецIцIула даим дир магIу.**

**Биччанте, рикIкIада хIалтIулей дуца,**
**АскIой йигей гIадин хинлъи кьезе дий.**
**Халкъалъул рекIелъги, гьаб дир кинигин,**
**Кидаго свин гьечIеб хутIизе хинлъи.**

**Биччанте, кидаго хIурмат цIикIкIараб,**
**ХIалтIулъги дий гIадин борхизе дур цIар.**
**Гьеб мехалъ кигIан мун рикIкIалъаниги,**
**РекIее кIванагIан гIагарлъила дий.**

**Огь, дир гIазизай яц, рикIкIалъана мун,**
**РекIелъан бецIцIула даим дир магIу.**
**Мун лъугьана дие хиси гьечIей яц,**
**Хисана дуца дий хварай эбел, яц.**

## ЛЪИМАДУЛАЛ ЛЪАЛКIАЛ

**Огь, магIарул гьава, доб дир лъимерлъи,**
**ЛъаратIа, хIоразулъ тIамурал къоял…**
**КъвакIараб бусада долъул пикрабаз,**
**Паналъизабула гьанжеги дир ракI.**

**Гьайбатаб дир росу, рорхатал мугIрул,**
**РакIалдасан араб унаро секунд.**
**Эбелалъ тIоцеве кверги ккун вачун,**
**Кин чIезавурав дун доб партаялда.**

Долдаса тирана таманал сонал,
ТалихIалъ къвал барал, къисмат бигъарал.
Амма лъимерлъиги лъарал, хIоралги,
ХIасратго паркъола жакъа кинигин.

Жегиги берцинлъун, бечелъун, чIухIун,
Буго дир гIагараб ГIамикдерил ракь.
ГIун рачIунел тIугьдуз рекIей бокьухъе,
Биччанте гьайбатаб доб гьава цIазе.

Гьелъие хIажатаб буго цо рекъел,
Къеркьезе ва рухI кьун, тIолабго гIалам.
Цинги лъимадулал хIасратал лъалкIал,
Гьуинго хутIила халкъалъул рекIелъ.

* * *

Ясай, духъ рокьи ккезе
Ихтияр гьечIониги,
Гьалагаб гIищкъуялда
ГIадлу бичIчIулеб гьечIо.

Бицинарин тIокIалъан
Нигатал гьаруниги,
Гьинал ракIалъ дур гуреб
ЦIарго ахIулеб гьечIо.

Мун йихьизе кватIани,
Керен-бетIер унтула,
Уколал гьаруниги,
РакI гIодой сасунаро.

Сабурал beралгун мун,
АскIое ячIунаго,
Ихдалил гьутIби гIадин
ТIегьала дир гьинал ракI.

Разияб гьумергун мун,
Гьимун кIалъалеб мехалъ,
Гьураца ккураб дир черх,
Чапун гIищкъуялъ цIола.

Дица гьарилароан
Гьудуллъун йикIайилан,
КIалъазегIаги цо-цо
АскIое ячIанани.

АнцIго соналъ нахъеги
Вегани кIваричIоан,
ЧIалгIен буссинегIан духъ
Балагьизе щванани.

* * *

Мун индал унтараб ургьиб гьинал ракI,
Гьекъон дарабаца сахлъулеб гьечIо.
Сордо рогьинегIан дур пикрабаца
Беразде макьуги бачIунеб гьечIо.

Гьанир ясацаги бутIрул рорхана,
Больницаялдаса мун къватIий индал.
Къалал халатица, халгIатги хисун,
СагIаталъ гьурмае тимар гьабуна.

Аммаха, хирияй, хабар гIемер щай,
Щийниги йихьизе бокьулеб гьечIо.
Берцинлъи камилай Кусумиецин
Каву рагьиларин ракIги чIун буго.

Радал ворчIилалде сагIтихъ балагьун,
Сабурал дур берал щола ракIалде.
Разияб гьумергун гьимун кIалъалей
Гьайбатаб дур лага бачIуна цебе.

## ЛЪУТУН АНА ХВЕЛ…

Йохъ, дун щайзе холев халкъалъе гIоло,
ГIумру кьун къеркьезе къуват букIадго.
КъвакIараб бусада санал ани щиб,
Свак лъалареб рекIелъ гьалдола дир шавкъ.

Дир къалмил кIалдисан къватIиб кьола цIа,
ЦIорораб халкъалъул хинлъизе ракIал.
Хвезе гьабсагIаталъ гьечIо дун регIун,
Гьайбатаб нух буго таманаб тезе.

Дица Корчагиний кьун буго рагIи,
Аманат тIубазе, тIугьдул рекьизе.
ТIагIа хвел цебеса, те диргун хабар,
Хвалченги бахъун дун данде чIелалде.

Лъутун ана хвелги, хутIана дунги,
Хирияб халкъалъул къадруяб нухда.
КъвакIараб бусада санал ани щиб,
Шавкъ гьалдолеб буго дир гьинал рекIелъ.

## МУН ЦАДАХЪ ЙИГЕЛЪУЛ…

БукIаниги дир черх чармил къорикь ккун,
Къисматалъ цIорорал тIалаби тIад лъун,
Дий хириял руго гIумрудул къоял,
Къеркьезеги вуго дун кьогIаб хвелгун.

Дир унтараб рекIелъ цIа рекIун буго,
Бихьизе анищаз цIилъараб росу.
Амма гьеб щакаб жо, щибха лъалебги,
Щвелев гьелги тIегьан, дун мурадалде.

Биччанте дир жакъа гIумрудул къоял,
КъвакIараб бусада чвахизе гьадин.

**Гьудулзабаз тІаса бикьула кьогІлъи,**
**Йокьулей мун цадахъ йигелъул даим.**

**Дида мун хІеренго гьимулеб мехалъ,**
**ХІатта дунго вугеб кІочон тола хІал…**
**ТалихІалъ кенчІолел беразда жаниб,**
**Бихьула бокьулеб гьайбатаб ВатІан!**

**БукІа абе дир черх чармил къорикь ккун,**
**Къисматалъ цІорорал тІалаби тІад лъун.**
**Дий хириял руго гІумрудул къоял,**
**Къойил бихьулелъул дур берцинаб жинс.**

**БацІцІадаб гІищкъуги гІадатаб ракІги,**
**ГІагарай, дур букІин бичІчІула дида.**
**БакІаб дир унтуе гьебгІан кутакаб**
**Дару гьечІеблъиги – гьеб лъала дида.**

**Биччанте дир жакъа гІащикъал къоял,**
**ГІодилаго ракІгун чвахизе гьадин,**
**Гьудулзабаз тІаса бикьула кьогІлъи,**
**Йокьулей, мун цадахъ йигелъул даим.**

*** * ***

**Мун ятила жакъа рукъ-бакІги къачІан,**
**Къасиялде стол хІадур гьабулей:**
**Баркун цоцаздагун, салухъан ахІун,**
**Сордо бащалъигун бокал борхизе.**

**Батиларо дуе щибниги ургъел,**
**Араб гІумруялъул, гІащикъаб рокьул…**
**ГІагараб лъимадул, лъикІав росасул**
**Сабурал берал дуй гьимулел рукІун.**

**Гьале щуабилеб щолеб ЦІияб сон,**
**Шуризе кІолареб чорхохъ гІенеккун.**
**ГІазизаб рекІелъан тІинкІараб магІу,**
**ТІолго дур цІар ахІун, хІухьел бахъун ун.**

**БачІана гьудулас гьекъеян чагъир,**
**Гьарана аскІов чІун чІвай кІалдибилан.**
**Дица гьелъул къатІра къурчІичІеб мехалъ,**
**Къваридго ана гьев, угьунги биччан.**

**БичІчІичІо, бичІчІичІо дир гьудуласда**
**Гьинал ракІ сундухъ дир гІодулебали.**

ГIазаб дие кьолел кьогIал унтаби
Тун ратила гьесги гIиллалъун гьелъий.

Лълъарал цIезе гьарун, гьекъе гIаракъи,
Дунни гIорцIун вугин гIицIго магIица.

ГIумруги биччан те къасиялдаса
Къваридго нужеда дандчIвангутIизе.

## УРХЪУН БУГО ДИР РАКI ИНСУЛ РОСУЛЪЕ

Дие ахх бачарал чабхилал лъарал,
Чангит бан квегъанин бачIана кагъат.
БецIал къватIалгицин къалъизабураб,
Къуват рещтIанила росулъе нилъер.

Рукъманил ГIашаца гIансаги рехун,
Рилълъин хисанилан бугоан хъвалеб.
Беццазе канлъигун, херазе жангун,
Хадув чи гIунтIулеб гурила гIелму.

Унго, анищ гьанже вижараб росулъ,
РагIа-ракьанде щун тира-сверизе.
ТалихIал лъималгун, лъарал рагIалда,
Лълъелъе хIатIал риччан, хIалхьи гьабизе.

Доб мехалъ кинигин гIабк1азда хадув,
ГIураби хьирщизе инароан дун.
ГIолохъанаб ахикь, хIеренаб пихъ кун,
ХIалтIилаан дирго гIагараб халкъгун.



**Забир МУХIАМАДОВ,**
Буйнакск район, Хъарани росу.

## ГЬИКЪА-БАКЪИ

* * *

***– Дуда лъай батаралдаса нахъе мун вуго художественниял тIахьал цIалулев чи, щиб гьез дуе кьураб?***

***– Гьез малъана дида лъикIабщиналдасаги берцинабщиналдасаги вохун гIумру гьабизе.***

***– Дун божуларо.***

***– Божилаан мун, дихъа гIадин тIахьал цIалун бажарулеб букIарабани.***

* * *

***– Щай гIакъил гурхIулев квешал чагIаздаги?***

***– Щайгурелъул, гIакъиласул гIакълуги гIаданлъиги камилаб букIунелъул.***

* * *

***- Кинав чи вукIунев чIухIарав, пахруяв?***

***– ГIакълуги, лъайги, гIаданлъиги мукъсанав чи.***

* * *

***– Щай гIакъилал гIадамазда гьоркьорги рукIунел хIалихьатал чагIи?***

***– Щайгурелъул, киналго гIакъилзабаз гурелъул камил гьабулеб жидерго гIаданлъи.***

* * *

***– Щай тIадмагIарухъ гьарурал, гIурал магIарулазда гьоркьоса рахъунел гIемерал шагIирзаби?***

***– Щайгурелъул, тIадмагIарухъ бугелъул цIакъго берцинаб, хIикматаб тIабигIат.***

** * **

*– Кинав чи вахъунев шагIирлъун?*

*– ТIабигIаталъ рекIелъ сунареб чирахъ бакун батарав чи.*

** * **

*– Щай шагIирзабазда гьоркьорги рукIунел хIалихьатал чагIи?*

*– ЯхI–намус гьечIел ишал гьарулев чи шагIир вукIунаро.*

** * **

*– Щиб дуца гьабизе букIараб дуда хIалкIолебани?*

*– Киналго гIадамал лъугьинарилан тIадегIанаб гIакълуялъул чагIилъун.*

*– Щай?*

*– Унго-унгояв гIакъилас гьаруларо яхI-нич гьечIел ишал.*

** * **

*– Щай тIадмагIарухъ гьарурал руччабазул букIунеб хасаб берцинлъи?*

*– Щайгурелъул, тIабигIаталъ-эбелалъ гьезулъ лъун буго хасаб рокьи.*

** * **

*– Щиб гьабизе кколеб инсанас жиндирго гIаданлъи камиллъизе ккани?*

*– Жинда лъай батаралдаса нахъе, щибаб къоялъ камил гьабизе ккола гьес жиндирго инсанлъи.*

** * **

*– Щай букIунареб инсанасулъ художествияб гьунар кинигин, инсанлъиялъулаб гьунарги?*

*– Гьеб щивас жиндицаго тIалаб гьабизе тун буго ТIадегIанас.*

** * **

*– БатIалъи щиб тIабигIаталдаги инсанасдаги гьоркьоб?*

*– Инсанасе захIмат буго магIишат гьабизе, тIабигIаталъе бигьаяб буго гIумру гьабизе.*

** * **

*– ГIакъил, дур мекъаб пикруго букIунаребищ?*

*– Дир киналго пикраби ритIарал рукIунин абулев чи гIабдал вуго.*

*– Гьедин батани, дудаги тIадегIанаб гIакълу жиндир гьечIев чиясдаги гьоркьоб кинаб батIалъиха букIунеб?*

*– Дун гIадинасул гIакълу дагьабго цIикIкIараб букIуна дун гIадинав гурев чиясул гIакълуялдаса. Киналго пикраби ХIалкIолесул гурони ритIарал рукIунаро.*

* * *

*– Унго-унгояв динияв чияс кин гьабулеб гIумру?*

*– Цониги яхI-нич гьечIеб ишги гьабичIого.*

* * *

*– Щай ХIалкIолес инсанасе кьолареб камилаб гIакълуги гIаданлъиги гьев ракьалде вачIинегIанго?*

*– Гьеб суалалъе жаваб кьезе гIакълуги лъайги гIолеб гьечIо дир.*

* * *

*– Щай инсанас гьабулеб хIайваналъцин гьабулареб вахIшияб иш?*

*– Щайгурелъул, инсанасул гIакълу кIудияб буго хIайваналъул гIакълуялдаса.*

* * *

*– Кида лъугIизе ругел рагъал ракьалда?*

*– Киналго гIадамазул гIаданлъи камиллъараб мехалъ.*

* * *

*– Кинав чиясул букIунеб камилаб гIаданлъи?*

*– Жинда лъай батаралдаса нахъе щибаб къоялъ жиндирго гIаданлъи барщизабулев чиясул.*

* * *

*– Щиб гьабизе кколеб инсанасе бокьизе ккани жиндирго гIаданлъи камил гьабизе?*

*– Гьес чорхолъа тIагIинабизе ккола хъантIи, гIорцIи гьечIолъи.*

* * *

*– Кинав чи вукIунев бищунго талихIавлъун?*

*– Дагьаб бечелъиги гIун, цониги яхI-нич гьечIеб ишги гьабичIого, лъикIабщиналдасаги берцинабщиналдасаги вохун гIумру гьабулев чи.*

* * *

*– Инсанасе бищунго гьечIого гIоларел жал щал?*

*– ХIинкъи гьечIолъи, бихьинчилъи, бахIарчилъи.*

* * *

*– Ракьалда бищунго къанагIатал гIадамал щал кколел?*

*– Гьел руго жиндирго хIакимасдаса хIинкъуларел чагIи.*

* * *

*– Мун ургъанищ гIадамаз хъизан гьабулеб къагIидаялда тIад?*

*– ГIемер ургъана.*

*– Кинаб пикруха дулъ бижараб?*

*– Бихьинчиясдаги чIужугIаданалдаги лъикI лъазе ккола цоцазул жа-*

*нисеб дуниял рос-лъадилъун рахъиналде цебеккун. Гьезул жанисеб дунял цоцазе рекъолареб батани, гьел рос-лъадилъун рахъине бегьуларо. Гьедин гьабичIони, росасулги лъадиялъулги цадахъаб гIумру талихIаб букIунаро.*

* * *

*– Сунда релълъунеб хъвадарухъанасул хIалтIи?*

*– ЦIунцIраялда тIикъва чIвазе жинда бажарулев ювелирасул хIалтIиялда.*

* * *

*– Кин дуда бичIчIулеб нилъер, магIарулазул, рахьдал мацI?*

*– Авар мацIалъулъ буго цIакъ лъикIав магIаруласулъги магIарулалъулъги букIунебщинаб лъикIлъи.*

* * *

*– Инсанасда бакъалъухъ гIемер балагьизе кIолареб щай?*

*– ГIорхъи гьечIеб лъикIлъиялъги гьабула зарал инсанасе.*

* * *

*– ТIабигIаталъ инсанасулъ лъикIлъиги квешлъиги лъун батиялъул магIна щиб?*

*– Квешлъи букIинчIебани, гIадамазе бокьизе букIинчIо жидерго лъикIлъи гIемерги камилги гьабизе.*

* * *

*– Щай БетIергьанас квешлъи гьабулареб инсанасе, гьес квешлъи гьабураб мехалъго?*

*– Гьеб буго нилъеда, гIадамазда, кинго бичIчIулареб ХIалкIолесул жиндирго балъголъи.*

* * *

*– Кида гIадамал лъугьине ругел унго-унгоял гIадамаллъун?*

*– ГIадамаз бакъалдаса мисалги босун магIишат гьабизе байбихьараб мехалда.*

* * *

*– Щай бакъалъ квешал чагIазеги кьолеб канлъи?*

*– Щайгурелъул, бакъ бугелъул ХIалкIолесул вакил.*

* * *

*– Щиб жо кколеб гIолиласулги гIолилалъулги цоцадехунисеб рокьи?*

*– Гьеб буго инсанасул камилаб гIакълуялдасанги, камилаб гIаданлъиялдасанги, камилаб бахIарчилъиялдасанги лъугьараб гIаламалъи.*

* * *

*– Кин дуда йичIчIулей чIужугIадан?*

*– Гьелъул гIаданлъиги бахIарчилъиги цIикIкIараб буго бихьинчиясул гIаданлъиялдасаги бахIарчилъиялдасаги.*

* * *

*– Кин бичIчIулеб дуда руччабазул берцинлъи?*

***– Руччабазул, цонигиялъул берцинлъи квешаб букIунаро. Квешай ясалъ жиндирго берцинлъи суризабула; лъикIай ясалъ жиндирго берцинлъи дагьабги берцинлъизабула.***

* * *

***– Сунца камил гьабулеб бихьинчиясул бахIарчилъиги гIаданлъиги?***

***– ЧIужугIаданалъул берцинлъиялъги лъикIлъиялъги.***

* * *

***– Кида камиллъиязе бугеб гIадамазул гIакълуги гIаданлъиги?***

***– ГIадамазе цоцазул цIалдохъабилъун рукIине бокьараб мехалда.***

* * *

***– Щай гIемерисел гIадамазул рухIалъул къуват къолеб, гьезул чорхол къуваталдаса?***

***– Щайгурелъул, гIемерисел гIадамаз жидерго черх гурони цебетIезе гьабуларелъул.***

* * *

***– ГIемерисел диниял гIадамазул бищунго ахIмакъаб рахъ кинаб?***

***– Гьезда ккола жидедаса гIакъилал гIадамал киданиги рукIинчIин ва гьечIин дунялалда.***

* * *

***– Кинав чи вукIунев тIуванго гIабдалав чилъун?***

***– Жиндихъа гIадамал какизе гурони бажаруларев чи.***

* * *

***– ГIадамазе чол лъикIлъийищ кIудияб бугеб, хIамилищ?***

***– Гьедин аби мекъаб буго. Гьезул кIиязулго лъикIлъи кIудияб буго жинди–жиндир къагIидаялъ.***

* * *

***– Кинаб лъикIлъи бергьунеб квешлъиялдаса?***

***– Жиндилъ бахIарчилъи бугеб лъикIлъи.***

* * *

***– Бечедав вугониги, щай дун талихIав чилъун гьечIев?***

***– Духъа бажаруларо лъикIабщиналдасаги берцинабщиналдасаги вохун магIишат гьабизе.***

* * *

***– Щай нужеца къварид гьавулев нижер чи?***

***– Гьев ватана нижедаса лъикIав чи.***



**ПатIимат МУХIАМАДОВА,**
Хунзахъ район, Хъарахьи росу.

**ЩАЙ РАКIАЛЪ АХIУЛЕЙ**

**Щай ракIалъ ахIулей инсул росулъе,
Инсул лъалкI тIагIараб тIалъи бихьизе.
Щай бакъан тIамулеб къваридаб рекIей,
РикIкIада хутIараб ихалъухъ урхъун.**

**Доб росдал годекIан, хъубчулъ хараби,
Кир ругел гьанже нуж, рихьулел гьечIо.
Нуж – гIакълу камилал, калам бегIерал,
Кьалбал щулалъарал чIахIиял гъутIби.**

**Щай дур годекIабахъ рагIулеб гьечIеб,
ТIамулеб бицанкIо, бицунеб хабар.
Дир инсул гъанситухъ цIа щай сун унеб,
Басриял ругъназул бухIи лъанагIан.**

**Зурма-къолол гьаракь къинабун буго,
БахIсазде сверулел гьал собранияз.
МугIрул хIанкъва гIадай хIурулгIиналъул
Гъажалде далараб доб хIайранаб гъал.**

**Киб бугеб бахъулеб намусаб гали,
БагIарлъун гьимулеб гьурмадул гвангъи.
Киб бугеб гIумрудул лахIзаталъул цIа,
Гьеб свине бакараб гьечIо умумуз.**

**Кьолонив кьурдулев чотIахъан гьечIо,
Гьел цо-цоял руго унтуде сверун.
РетIел чурулей яс, чу гьекъолев вас,
Чалухго гьимулел рихьулел гьечIо.**

**Бице, киб тIагIараб хIеренлъидул ицц,**
**Гьеб хъачIлъиялъ буго гьанже хисулеб.**
**Щай ракIалъ ахIулей инсул росулъе,**
**Инсул лъалкI тIагIараб тIалъи бихьизе.**

## ОГЬ, МАГIАРУЛ КИНИ

**Огь, магIарул кини, магIарул кини,**
**Кинидахъ эбелалъ ахIанщинаб кечI.**
**Дие ахх бачараб хъахIилаб кини,**
**Киналго дир лъимал рущараб кини.**

**Кинидал мокъида къвал барай эбел,**
**Къварилъигун рохел чучана дуде.**
**Огь, магIарул кини, магIарул кини,**
**Умумузул кверзукь къурдараб кини.**

**Гьанже гIолил ясаз гIодоб лъун тараб,**
**МагIида даларaб магIарул кини.**

## ГIАДАНЛЪИ БИЛУЛАРО

**ГIаданлъи билуларо,**
**ГIаданлъи бортуларо,**
**ГIаданлъидул борхалъи**
**ГIемер кIудияб буго.**

**ГIаданлъи – тIокIкIараб ицц,**
**ГIадан куцалеб роцен,**
**ГIаданлъи къимат тIокIаб,**
**ГIумру гвангъулеб канлъи.**

**ГIаданлъи – гьеб гIакъиллъи,**
**ГIаданлъи – гьеб кIодолъи,**
**ГIадан берцин гьавулеб,**
**Гьунаралъул карачел.**

**ГIун бачIунеб гIелалъе,**
**ГIаданлъи хIажат буго;**
**ГIадамазулъ хьвадизе,**
**ГIумру берцин гьабизе.**

*** * ***

**Сардил бецIлъиги хъамун,**
**МоцIрол канлъи баккула;**
**Рогьалил хъахIлъи базе,**
**Зодор цIваби тIерхьуна.**

**ЩIадал къатIра тIинкIизе,**
**ЧIегIер накIкIал раккула;**
**Каранда ракI гьимизе,**
**Рокьул мугьал тIирщула.**

**ХьуцIил лъим хIабургъине,**
**ХIаршул тIираби щола;**
**РагIул кьогIлъи цIикIкIине,**
**ГьацIулъе цIам тIамула.**

**Будунас как ахIула,**
**Какил заман щварабго;**
**Щвараб гIорги къун уна,**
**Ракъдалаб сон бачIани.**

## ХЕРАВ СОЛДАТАСУЛ КЕЧӀ

Ниж цӀакъ дагьал хутӀарал,
ГӀеме-гӀемер рукӀарал,
РакӀал цоцахъеги кьун,
Цо полкалда рагъарал.

Цо гъадринир кванарал,
Цо ургъелалъ гъугъарал.
РечӀчӀулеб гӀарададукь
Гъежда гъеж цун къеркьарал.

Ниж цӀакъ дагьал хутӀарал,
ГӀеме-гӀемер рукӀарал,
Рагъул окопахъ регун,
Ругънал бица лъалъарал.

ГӀасиял гьужумазда
Гьелегьараб цӀадулъан,
ЦӀадлъун чвахулеб гуликь
Рохьазулъ сардал рарал.

Ниж цӀакъ дагьал хутӀарал,
ГӀеме-гӀемер рукӀарал,
РукӀана гӀолохъанал,
ГӀумру-сонал батӀиял.

БукӀана гӀемер анищ,
Аб росу тун унелъул,
Инсулгун квер бачине,
Эбелалда къвал базе.

Бесдаллъизе течӀого,
Лъимал каранде къазе.
Лъадул гъасда нахъеги
Хиялазде руссине.

Ниж цӀакъ дагьал хутӀарал,
ГӀеме-гӀемер рукӀарал.
ГъутӀбуздаса тӀегь гӀадин,
Авлахъалда щущарал.

Дора гӀемер хутӀана,
Нахърусcарал дагьлъана.
Амма нижеца ватӀан
Наслабазе цӀунана.

## К Е ЧӀ

Жакъа цо хӀурулгӀиналъ
ХӀайран гьавун тараб куц,
Тамашаяй бикаца
Каранда лъун тараб цӀа.

Балъго гьимун гурони,
Гаргадизе йихьичӀей,
Алжаналъул хӀанчӀица
ХӀал хисизабуна дир.

БерчӀварабго йокьарай,
Рокьи ккедал тӀагӀарай,
РекӀеда цӀалги кьабун,
ЦӀумур кибдай рещтӀараб.

Сардил макьу бикъарай,
Анищаз къвал жемарай,
Жеги дида лъаларей,
Лъай ана дуца босун.

Каранда ракӀ гьалулеб,
Гъуинаб рагӀи бицун,
Боржун ана гьеб тӀайпус,
ТӀухьидул гулла речӀчӀун.

Юссараб бакӀ лъаларо,
ХӀурулгӀин тӀагӀун ана,
ХӀатӀикьа ракь соролеб
ГӀищкъу диеги гьурщун.

Жакъа цо хӀурулгӀиналъ
ХӀайран гьавун тарав куц,
Тамашаяй бикаца
Каранда лъун тараб цӀа.

## ДУН МУГIРУЗУЛ ТIОГЬИБ

Дун, мугIрузул тIогьиб тIавапги гьабун,
ТIолго дунялалда къвал балей йиго.
Къвал цIун бакъул канлъи кодойги босун,
Боржунеб цIумалъухъ хал ккун чIун йиго.

ГIурччинаб харида, тIогьода чIараб
Меседил кьераб щуб хантIулей йиго.
Хиялаз лъалъараб рекIел тIиналда
ХIабургъараб иццул лъел цIолей йиго.

Дун, лъимерлъиялъул пикрабалъ йосун,
Кинидал мокъида къвал бан чIун йиго.
Эбелалъ додинго квер ккунги ячун,
ЧIарал хурий йиго сурсур бахъулей.

ГIатIидаб таргьиниб къаде квенги лъун,
КIудияй эбелгун хариний йиго.
ДахIададал рехъен цебеги къотIун,
Къойил гIалахалде гочуней йиго.

## ДИР МАТIУ

Урхъун кодой босараб,
ХIинкъигун гIодоб лъолеб
Дир гIагараб, дир матIу,
Дир гьудуллъун букIараб.

Цебе дун еэдараб,
Гьанже хIинкъаби кьолеб,
РукIкIалаби рикIкIунеб,
РекIее цIакъ гIагараб.

Дир хирияб, дир матIу,
Мунгун кьалда йиго дун,
Цо-цо мехалъ дунгун мун
БарщунгIаги щай чIолеб.

Кодобе босун хадуб
Белъанхъула мун дида,
Дур сонал унел ругин,
Къо-лъикI гьабе диргунан.

Дир гIагараб, дир матIу,
ГIолохъанлъидул гIанчIлъи,
БачIинаро дуца дий
Дун кигIан урхъаниги.



**Рамазан ГIАЛИЕВ,**
Болъихъ район, РикIвани росу.

## ГЬУДУЛЛЪИЯЛЪУЛ НУР

*(Сонетазул квацIи)*

**I.**

**Кидаго, чIегIераб гурмендоги чIван,**
**БачIун цебе чIола чIегIераб сордо.**
**Свакарал чагIазул гьурмахъ балагьун**
**Сабурго кенчIола камилал цIваби.**

**Гьелъул къимат тIокIал кIутIбуз щурула**
**«Щун буго замана, кьижа дир лъимал!»**
**Гьединан вачIуна кидаго гьобол,**
**Гьудул, дур рагьдухье, гьаб дир рагьдухье…**

**Сардил сипаталъухъ валагьула дун,**
**Гьев дихъе вачIарав налъулавин ккун.**
**Гьелъул балагьиялъ буго бицунеб,**
**Борцине къваригIун бугин дур захIмат…**

**Пашманал пикраби, хирияв гьудул,**
**Дур хинал рагIабаз рогьеллъана дий.**

**II.**

**БагIараб дарайдул гурмендоги чIван,**
**БачIуна ракьалде аваданаб къо.**
**Гьелъ халкъазул рекIей бикьула хинлъи,**
**«Хириял, рорчIами!» абун щурула.**

**Гьелъул карандаса баккун, бакараб**
**Канаб багIарбакъалъ кьола рекIей шавкъ:**
**…Же! ХIалтIе, бахIарзал, хIаракат гьабе,**
**Гьаб ракьалда бекье кьер-кьераб нигIмат!**

Гьелъул балаялъухъ урхъун вугев дун,
Гьаб захIматгун вуго даим къецалда:
Къуркьиларин захIмат, къеларилан дун,
Къо ана, дир къалмикь баккана сарин.

Огь, сариназул цIва! ТIутIула дуца
Дир гIумрудул нухда бигъараб пардав.

III.

ГIанса, гIодой биччан, дагьабго боржун,
Жан тIагIун, ракьалде щапулеб буго.
Гьале рещтIана гьеб щобил рагIалда,
Бида бецIцIун унеб, кваркьиги бекун.

Кин хIалтIи гьабилеб ракьалда чияс,
Гьесул цохIо квергин цо бох бугони?
ЦохIо буго бетIер, цохIо буго ракI,
Амма букIинаро цохIо бер, цо гIин.

ХъахIил зодихъ буго аза-азар цIва,
ЦохIо хъизан гIадин, кидаго цадахъ,
Жиб–жиб цIвадул буго жиндирго къисмат –
Халкъ буго цIвабилъун дир ВатIаналда.

Дунялалъул халкъал вацал гьарулеб,
Гьудуллъи – гIумрудул цо кваркьи буго.

IV.

ТIад тIегь балареб гъветI бакьан гуро дий,
Ракьалда чIей гуреб, пихъ бижулареб.
Гьелъул тIанхил рагIал хех тIогьиллъула,
ТIабигIаталъулъги букIунаро сси.

Щайзе дие лъарал, яги хIорил лъим,
Лъилго къеч буссунеб замзам гьекъела.
Щайзе цойги гьава, гьал дир мугIрузул
Звангъолеб, бацIцIадаб цIала гьогьоми.

Аман рокьул гьогьен! Мун релълъунеб куц
Хьул буссинабулеб, нус-нус тIогьолаб,
ТIалмагIарул тIинчIаб наялъ гьабураб
ГьацIул хIасратгун жан жубараб махIгун.

Гугьар басандулеб, гIумру гвангъулеб,
Цояб кваркьи буго божараб рокьи.

V.

Дий къваригIун буго къадруяб захIмат,
ЗахIмалъабазулги квешлъабазулги,
Бахиллъиялъулгин хиянаталъул
Хунхилъ мал кьабураб, кьурул сирт гIадаб.

Дий къваригIун буго хIалалаб захIмат,
ХIалхьиги къеркьейги гучлъизабулеб.
Жиндир чорхол бухIи билъун гьалдолеб,
Гьайбатаб ралъдада карачел гIадаб.

Дий къваригIун буго къиматаб захIмат,
РекIел кIутIи гIадаб, хIухьлал хьухь гIадаб.
Лъиего гIахьалаб, хIалхьи бикьулеб,
Ракьалде гьимулеб багIарбакъ гIадаб.

ЗахIмат – гIумруялъул рагIад чIвачIони,
Боржанхъуларо кечI, кенчIоларо гьеб.

VI.

Яцги вацги гIадин, кIиго хIинчI гIадин,
ГIадамал киналго кIи-кIи рекъезе,
Килщал кинигинан киналго чагIи
ГIадатго гъункизе бокьун буго дий.

Ракьалда гьудуллъи чара гьечIого,
ЧIухIун куркьбал гъезе гьезул ракIазулъ.
ХIанчIил куркьбазулаб таваккал, божи
Бижизе гIумрудулъ цере унаго.

Дун вохарав вуго, хирияв гьудул,
Гьудуллъиялъулаб дир квералдаса.
Килищлъун кидаго гьаб гIумруялъулъ
Дур разияб сипат букIиналдаса.

ГьечIо дие хIалхьи цо лахIзаталъги,
Гьеб кIиябго кваркьи цадахъ гьечIого.

VII.

БитIун рахьдалъ бугеб цIоросаролъил
Гьал цIиял мугьазухъ хал гьабун вуго.
Гьал цIодорлъулеб куц, гьал рарщулеб куц,
Цо недегьлъиялда, цо балаялда.

Гьединан рукIуна гIисинал лъимал,
Партабазда нахъа гIодор кIусарал.

Гьезул лъимераб мех бижун бачIунеб,
ЦохIо низам цIунун, цо вацлъи цIунун.

ГIолохъанлъиялъул хъахIилаб гIужде
Рахарабго гьезул хисула къисмат:
Маржанал лъугьуна, низам цIуничIел,
Зирхарал сонодул мугьал кинигин.

Гъункиги низамги гIужда тIагIани,
ТIегьаларо гIумру, лъаларо тIагIам.

VIII.

Бокьизе рес гьечIо чиясе ватIан,
ВатIалъун чIанани гьев халкъалдаса.
Рокьулел васгин яс ратIалъуларо,
БатIияй ячинин, цойги вищилин.

Батизе рес гьечIо вижараб ракьгIан
Жавгьарулаб бокIон, ракI хIалхьолеб ицц.
Бокьизе рес гьечIо цIвабиги зобги
Зодиб бугеб моцIги батIа–батIаго.

Дунялалда гIумру щибизе гьабун,
Гьудуллъигун рокьи гъункун цолъичIеб.
ЦохIо дийго гIоло, кинабго кIочон,
Дий кIарчанаб захIмат щай къваригIараб?

ТалихIалъул гьури басандиларо,
Гьудуллъигун рокьи тIезе гьабуни.

IX.

ГIурччинал гъалалги ракьалде гьурщун,
Щвана магIарухъе хирияб рии.
Роол гIурччинаб рас буго чурулеб
Чвахун балеб цIадал хинал тIирабаз.

Гьале цIад къотIана. ГIодой биччан мегъ,
РекIелъан бачIунеб хIухьел кинигин.
ЧIана, хьухьал рахчун мугIрузул кьерда
Кьенсераб сверигун сахаватаб нур.

Чехьалъул эбелалъ лъимал кинигин,
Гьелъ гIагарал мугIрул реэдулеб куц.
Гьелъул цояб рагIал дихъеги щвана,
«Бище бокьараб кьер», – щурана дида.

Дун гьалгъан хутIана гьезул цолъиялъ…
Гьудуллъи – нуралъул хасаб кIамури.

X.

Кин нахъе бахъулеб хъван хадусала
Сураталда тIасан цохIониги кьер?
Кинан букIинеб бакъ, моцI гьечIонани,
ЦIваби гьечIонани щибилеб сардий?

Кинаб букIинеб лъай, гIакълу гьечIони,
Накъищ кин букIинеб расен бекараб?
Кин борцинеб гIамал, гIаданлъи гьечIеб,
Цо–цо тIегь тIун тIелхал хIалтIулищ тIогьол?

Кин батIа бахъилеб дир ватIаналъул
Лъебералда лъабго мацIазда гъорлъа,
ЛъикIаб квешабилан цохIониги мацI?! –
ЦIола рохелалъ ракI гьезул цолъиялъ.

Гьудуллъи – халкъазул хазина, нигIмат,
Хисула гьезул куц цо кьер бахъани.

XI.

Гьаб тIабигIаталъул заманабазул
Узданлъи камилай ункъо яс йиго.
Гьезул ратIлилаб кьер батIи-батIияб:
ХъахIилаб, гIурччинаб, тIогьилаб, хъахIаб.

ХъахIилчараб гурдил рагIалги бачун,
ТIад егун бахчула цин цоль гьаб ракь.
Гьеб хисун – гIуччинаб, тIогьилаб, хъахIаб –
Гурдаби ретIарал раккула ясал…

Ясазул бахIарлъи, къвакIи, лебаллъи,
Ракь цIунизе бугеб гьезул тавакал
Бокьилаан дагьаб дир саринազе,
Сардил цIваби гIадин, гьел кунчI–кунчIизе.

Наслабаз цоцахъе урхъун бегьулеб,
Гьудуллъи – мугIрузул гьайбатаб гугьар.



**ГӀабдусалам**
**МУХӀАМАДОВ**

*Лъебералда щуго сонил ригьалда, араб къарнуялъул лъабкъоялда анцӀабилел соназул авалалда захӀматаб унтиялдаса хадуб Аллагьасул къадар щвана Болъихъ районалъул Муни росулъа МухӀамадов ГӀабдусаламие.*

*Гьесул гӀагарлъиялъул гӀадамаз бицана ГӀабдусаламица кучӀдулги хъвалаанилан ва бачӀана живго авторасго гьел данде росун рукӀараб тетрадги. Гьеб тетрадалдасан ГӀабдусаламил цо–цо ункъмухъилал кучӀдул кьолел руго нижеца.*

## УНКЪМУХЪИЛАЛ КУЧӀДУЛ

*** * ***

**Чамалиго соналъ рекӀелъ цӀунараб**
**Анищ дир тӀубана, тӀад пихъги бижун.**
**Чидае гьурщие намусалъ къараб**
**Рокьудаги ватун талихӀ кьуна дий.**

*** * ***

**КъватӀибе рагӀизе рокьи биччани,**
**Чилъи билараца бицаде лъола.**
**Балъго тезе кколеб лъазе тарасе**
**Ахир рекӀелбакъвай гӀемераб щола.**

*** * ***

**МахӀмудил гӀищкъуялъ гӀащикъ гьавуна,**
**Амма досда гӀадин гӀищкъу бичӀчӀичӀо;**
**ХӀамзатил гӀакъиллъи дарсаллъун тана,**
**БукӀаниги, дарсил хӀасил босичӀо.**

*** * ***

**Бищун дий бокьулеб щибан гьикъани –**
**Рекъел даимлъаги дуниялалда.**
**Рагъуй квалквадулел питначагӀиги**
**Питнаялъул гӀуруль жалго гъанкъаги.**

*** * ***

**Дица, рецц-бакъ гьабун, хӀаким веццичӀо,**
**Рецалъе рекъарал руго гьезульги.**
**ХӀакимлъи-чиналъищ чагӀи рорцунел? –**
**Чорхолъ намус бугищ – гьев гӀадан вуго.**

* * *

Хабар гьуинлъизе гьедарулесулъ
РагIуе ритIухълъи дагьаб букIуна.
ГIенеккун чIун жиндир иш гьабулесул
Божизе бегьулеб гIамал батула.

* * *

Дунялалда ругел тIолго махщелал
ТIокIалин, хашалин ратIа рахъун щай;
РекIел хинлъиги кьун гьабураб хIалтIи,
Кинаб батаниги, устарлъи буго.

* * *

ВатIаналъе гIоло, халкъалъе гIоло
Хвезе хIадур вугищ – гьеле бахIарчи.
Бицараб рагIуе хилиплъичIони,
Хведалги чIагоялъ рехсола инсан.

* * *

Расулил кучIдуца кьола дий къуват,
ВатIан хиралъизе, халкъгун вукIине.
Намусгун гIаданлъи рекIелъ тIегьазе,
Ккаралъуб яхI цIунун цIадулъе ине.

* * *

ЧIахIиязул гIакълу гIадахъ босани,
ГIумруялъул нухда хер бижиларо.
Бокьанщинаб гьабун, напс беэдани,
БачIунеб къоялъул хIинкъи цIикIкIуна.

* * *

Къоял лъугIун инсан уна къаникье,
Анив хутIулев чи щивниги гьечIо.
Нахъе хутIулезул ракIазулъ лъалкIал
ЛъикIал тезе тIадаб буго щивасда.

* * *

РакIалъ малъун хъварал кочIол жугьабаз
Кодой росарасе рохел бачIуна,
ЧIалгIаде херхарал чIамучIал мухъаз
Заман чIвай гурони, пайда кьоларо.

* * *

МагIарул халкъалъул къадруяб тарих
Наслабазе цIуни нилъерги налъи.
ЦIаруй мустахIикъал багьадурзаби,
Мисалалъе рехсе хадур гIолезе.

* * *

ГьечIеб рецц-бакъалъул бакънахъ гIенеккун,
ГIемер сахал чагIи чарлъун ратула.
ЧIобогояб цIаралъ гогьдаризарун,
ЦIаруй мустахIикъал хIурудахъ уна.

## ЧУРИЗЕГИЙИЩ ККОЛЕБ?

– Ма, гьаб ччугIа, лъикI бацIцIалъизегIан чуризеги чурун, беже, - ян абула, ччугIаги ккун рокъове вачIарав росас лъадуда.

– Бижараб къоялдаса лъадалъ букIараб гьеб чуризегийищ кколеб? – илан гьикъанила лъадуцаги.

## ГIЕЗЕГIАН НУХ БУГЕЛЪУЛ ДОБЕ

Киданиги как-диналъе нодо гIодоб хъвачIев кIиго магIарулав, гIемерал гIадамалги унеб бакI бугилан, хIежалде унел рукIун руго.

– Какие цIалулеб-толеб жогIаги лъазе ккеларищ нилъеда хIежалде унелги ругеб мехалда, – ян абун буго гьезул цояс цадахъ вугесда.

– Лъазабиларищха, гIезегIан нух бугелъул нилъер аниса добе, – ян ургъел бигьалъизабун буго кIиабилес гьалмагъасул.

## БИТIАРАБХА, ДИР ВАС

– ЛъикI цIалани дие компьютер босилин абун букIана инсуца, – ян гIарз бахъула васас эбелалде. – БосичIо. Божизе бегьулев чи вукIун гьечIо гьев.

– БитIарабха, дир вас, - илан тIадрекъола эбелги. – Гьесда божун чIараяни дие мунги щолароан.

## АХIИ-ХIУР БАХЪИНАБИЗЕ ККАРАБ ЖО ГУРО ГЬЕБ

ЙикIанила рос-рукъалде ине гIурай цIакъ кIухIалай цо яс.

Цо къоялъ росас чIужуялда абунила, дица цIилицIги босун рукъ лъухьизе бугин, «нечоларищ мун бихьинчи рукъ лъухьизеян» мун дихъа цIилицI бахъизе лъугьайин. Дицаги лъухьичIого лъица гьаб лъухьилебин, дица духъе цIилицI биччаларин. Гьеб мехалданиги яс кантIизе, намуслъизе бегьулин.

Гьабизеги гьедин гьабунила гьез. ЧIужу росасухъа цIилицI бахъизе лъугьанила. Кьеларилан гьевги чIанила. Гьеб «гъалмагъир» рекIее гIечIей ясалъ абунила:

– Нужеца гьебщинаб ахIи-хIур бахъинабизе ккараб жо гуро гьеб. Иргадал лъухьизе бегьуларищ рукъ: цо къоялъ бабаца, цо къоялъ дадаца.

## ЗАХIМАТАБ ХIАЛТIИ

Цо чияс жиндирго васги вачун вуго цо къоялъ пиво бичулеб бакIалде. ТIун буго гьесиеги пиво. «Дада, аб цIакъ кьогIаб жо гурищ букIун бугеб», – илан васас, цо кIал цIураб жоги къулчIун, бокал гIодоб лъун буго. «Гьелеха, дир вас, дур эбелалда ракIалде ккола дун гьаниве щибаб къоялъ гьоцIо

гьекъезе хьвадулевилан. ГIезегIан захIматаб хIалтIи буго аб», – илан абун буго инсуцаги.

## ЧIУЖУЯЛДА ЦАДАХЪ УНАРЕВ ЧИ

Цо чияс чIужугун цадахъ базаралде ине инкар гьабунила.

– Щай дунгун цадахъ базаралде мун вилълъунарев, – илан гIажаиблъанила чIужу.

– Балагьея, дир хирияй, мунги хадуй гьаюн дун унев вугони, балагье гьадав чиясухъ чIужуялъ цеве къотIун вачунев вугилан абила гIадамаз. Мун цее, дун хадув вугони, бихьулищ чIужуялдаса хIинкъун гьелда хадув унев вугиланги релъанхъила гьел дида. Вилълъун лъикI гуро дуда цадахъ дун.

## ДУЦАГО РАЙ КАКАЛ

Хабар-кIалалда йикIанила ригь арай кIиго чIужугIадан.

– Къалъул гIужги щвана, какал разе рахъине ккела нилъ, – ян абунила цоялъ.

– Дица баларо, дуцаго бай бокьун батани, – илан абунила цогиялъ.

– Эб щай дуца балареб? – ян гIажаиблъанила какил гIуж щун букIин ракIалде щвезабурай.

– Щайха букIинеб, – илан абунила гьай цоялъ, – Гьарана Аллагьасда дир рос хвезавугеян – хвезавуна. Гьарана Аллагьасда дир вас туснахъалде ккезавугеян – ккезавуна. Гьарана Аллагьасда дие пенсия цIикIкIинабеян – гьабичIо. Малъараб жого гьабуларев Аллагьасе щай дица как базе кколеб?

## РЕЗЬБА ХУН БУГО

ВукIанила бегун унеб жо тIаде борхизабурабгIанасебцин рокъоб-къватIиб хIалтIи-пиша гьабуларев цо чи. Гьесул гьеб гIамал лъайдал, рача-рачарал анлъайго лъади нахъе анила. Ахир анкьабизеги ячарай чIужуялъул эбелалдаги хеккого бичIчIанила дурцасул гьеб гIамал-тIабигIат.

– Бихьинал кьуризе ккола, кьуричIони гьез цIакъго тIасан рорчIун, хъизан-рукъ язихълъиялде бачуна, – ян абунила эбелалъ ясалда.

– Валлагь, эбел, дица чанго нухалъ хIалбихьана гьев кьуризе, лъаларо, цере рукIараз гIемер кьуриялъ батилаха, гьесул резьба тIубанго хун буго, - ян абунила ясалъ.

## ДУР ХIОБ БУНЕВ ВУГО

Цо магIлисев хъизангун цадахъ Астраханалда курак бичулев вукIун вуго. Базаралда лъай-хъвай ккарай гIаданги ячун, чIужуялдаса балъго эв ун вуго рокъове-петералде.

ЦIияб жоялда къвалги бан ав вукIаго, ричIун нуцIагун тIаде ячIун йиго чIужу.

– ВахIав, щиба МухIама, дуца бунеб жо? – ян гьикъун буго йиххун ккарай чIужуялъ.

– Дур хIоб бунев вуго, щибунев вугевали бихьинарогойищ мун йигей? – илан жаваб кьун буго росас.



Индекс годовой 63333
Индекс полугодовой 73891

# Гьудуллъи

*Бац1ц1адаб маг1арул мац1,*
*Маг1наяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе «Гьудуллъи».*

*Нилъерго г1адат, г1амал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун ккве «Гьудуллъи».*

